


SEI ISU TISIRI SANGANO?

 Mukana wakanaka kudzoka pano papurupiti zvakare, tingati kwapera, ndinofungidzira, zvingade kuita mwedzi mitatu ndisipo. Tsindi dzange dzine nguva yakaoma, neniwo zvakare. Oo, zvinozorodza, kunyangwe, zvino, unonzwa zvakanyanya kuda kupinda mushumiro zvakare. Uye kutarisira zvino kutanga vhiki rinouya, manheru eChitatu chinouya, kuru—rumutsiro ipo pano mutabhanakeri. Zvino kana Mwari achitendera, ndine sokunge... Ishe vakandivimbisa imwe mhando yeshumiro itsva yakasiyana. Zvino kana Vafara kuzviita, ndinotarisa kutanga mhando iyo—iyo itsva yeshumiro iro svondo rino riri kuuya, pano patabhanakeri, senzvimbo yokutanga.

² Uye zvakare, handina misangano yakarongwa, asi kungoti kuAustralia uye neNew Zealand, muna Ndira ari kuuya. Zvino zvakare Hama Osborn vari kudanira musangano takabatana pamwe chete uyo wandakasovavimbisa pano imwe nguva yapfuura, kuTulsa, asi pari pamberi apo, asi hatisati tave nechokwadi pane izvozvo nazvino.

³ Zvanga zvakanakisa chaizvo, Hama Jeffreys, kukwanisa kukwazisa ruoko rwenyu shure uko, uye zvakare kunzwa mukomana wenyu achiimba rwiyo rwuya, uye imi muchiridza. Ini ndinoita sokuzvifarira izvozvo, baba nemanwanakomana. Hamuzvidi here izvozvo? “Kudza mwana nenzira iyo yaanofanirwa kufamba.” Ndizvozvo chaizvo, VaGuenther, mu—munoziva kuti ndizvozvo, muri vaviri. “Kudza mwana munzira yaanofanirwa kufamba, zvino kana akura haizomusiya.” Uye ichokwadi. Panogona kunge pane dzimwe nguva dzaanogona kubva pairo, asi iyo haibve maari. Maona? Icha—icharamba ichigara naye. Kudzidziswa achiri mudiki kuya pamwe neizvo zvaakakudzirwa kuti aite, zvicha—zvicharamba zvichigara naye zvirokwazvo. Zvino, izvi ndizvo . . .

⁴ Ndasangana neHama Jeffreys panze apo, zvino ndikati, “Hama Jeffreys . . .” Ndafunga, munoziva, ndinogara ndichifara kuona chero mumwe wehama dzangu dzinoshanya dziri muno, asi husiku hwakadii kuti hama inoshanya iuye! Uhu husiku hungori hwevanhu vanouya pano patabhanakeri, tisati tatanga rumutsiro urwu. Uhu ndihwo husiku . . . Tinoda kutora manheru ano, uye namangwana mangwanani, zvakare nemangwana manheru, pangori pane zvatintenda pano patabhanakeri, kuti—kuti timbozvidzokorazve zvakare. Tine zvatintenda zvisinganzwisike zvakanyanya, zvinoshamisa kwazvo, asi zvisineiwo kana neimwe nzira tinozwiwana muBhaibheri iri. Zvinoratidzika kuva zvirimo zvakanaka.

⁵ Uye zvino, kana pane muenzi hama kana hanzvadzi muno, ari nhengo yerimwe sangano, kana—kana asingawirirane, akangogara muno pane izvi manheru ano, tinoda kuti uzive kuti unogamuchirwa zvakakwana. Munoono, unogogamuchirwa zvachose. Asi zvino ndine tariro. . . Zvino tinoita kuti izvi zvive zvakakwasharara kwazvo. Saka zvikaita sokuti hautenderane nazvo, zvakanaka, zvino, chiita izvo sezvandinoita kana ndichidya cheri pai. Zvino kana ndichidya cheri pai, inova iyo yandinofarira zvakanyanyisa, ndinogara, kana ndiri. . . Kana ndave kudy a pai, kana ndikasangana nemhodzi, handirasire pai kunze. Ndi—ndinongorasira mhodzi kure uye ndoramba ndichidya pai. Saka, kana sekudya nyama yehuku. Zvino, mose imi munofarira nyama yehuku, munoono. Kana wasangana nebondo, iwe hauregedze, unonyatsonyenyeredza bondo woenderera mberi nokudya huku. Zvino, saka ndizvo zvamunoita manheru anhasi, zvandiri kutaura pano, iwe ingo. . . kana ukasangana nechimwe chinhu, iwe woti, “Zvino, ini—ini handingo. . . Ini ndakangogara mune izvi, seDzidziso diki yechechi, mumisangano mitatu iyi iri kutevera. Vari kungodzokorora pane zvava—pane zवानotenda, uye vachizvidzokorora.”

⁶ Saka nzira bedzi yaungaite yokuti munhu ange anoZvitenda, kunyatsozvirovedzera zvakasimba kusvikira vave kuziva kuti ichi ndiCho chinhu chakanaka. Ndiyo nzira bedzi yaunogona kuita kuti chibate. Zvakangofanana neshamwari yangu, VaWood vandagara navo; kana ukakomerera chipikiri kusvika pakati pacho, uye puranga racho risina kusimba, mhengo inorifuridzira pasi nenguva isipi. Asi zvino unofanira kunyatsochirovera zvokupinda chose, woita kuti zvinyatsobata zvakasimba. Saka zvino kana ndikaita zvakaomarara chaizvo pane dzimwe nzvimbo idzi, uye kunemi vaenzi manheru ano vagere pano, handizi—handizi kuedza kukurasirai kure. Ndiri kuedza kunyatsorovedzera zvatintenda kucheche ino. Vose vanonzwisisa izvi zvino zvakanyatsonaka, itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakanaka. Izvozvo zvakanaka. Zvino ndobvisa izvi kubva mumaoko angu. Zvino zvakare—zvakare izvo. . . Vari kuzvirekodha, uye nezvimwewo, kuitira pamberi apo, kana vachida kuzoziva ipapo kuti isu tinomira nezvipi, uye takamira panheyo yakaita seyi, izvi zvakarekodhwa zvichazvitauro. Saka tinoita izvi kakawanda, nokuti pane vanhu vatsva vanogara vachiuya uye—uye tinoenderera mberi. Zvino hatisi kuzokwanisa kupedza Dzidziso dzose dzechechi, asi dzingori dzimwe dzacho dzatinoda ku—kutaura pamusoro padzo. Uye zvino, Chitatu manheru, zvakadaro, panotanga. . .

⁷ Zvino, Muvhuro neChipiri, ndiri kuenda, kunonamata, kugadzirira shumiro yekupodza. Zvino munogona kuenda pamafoni, kana chero kwamungada, uye mounza chero ani

zvake wamunoda, kurumutsiriro rwuri kuuya. Uye vaudzei kuti vasauye vari mukuchimbizika iko zvino, kwete kuuya, voti, “Zvakanaka, zvino ndave kumhanyira mukati ndinonamatirwa, manheru ano. Uye mangwana manheru, ndizvo chete...” Musadaro. Munouya mukati moterera kwechinguva, nokuti tinoda kutora nguva yedu toisa Shoko pachena zvokuti dhiyabhore anoshaya kana kamukana kadiki kamwe chete kekuti ambofamba. Zvino ipapo ukarega kutenda kwako kuchisvika kumagumo, kusvikira wave kutanga kutenda, zvino worega hana yako yemukati ichishanda, zvino kutenda kwaMwari kunobva kwazvitsigira. Zvino uhabuda zvakanaka. Maona?

Nokuti, kutenda kwako hakukwanise kuita zvakawanda. Hana yako yomukati inofanira kufamba ichienda yakananga kudivi riri kufambira kutenda kwako, uyezve kutenda kwaMwari kunouya kumashure kuchisimbisa zvole. Maona? Asi, kana kuri kutenda kwako, “Oo, hongu, ndazvibata iko zvino!” Uye kunyangwe hana yako yomukati, ichidzokera shure kuno, ichiti, “Handizive kuti zvingashande pandiri here?” Hazvizoitiki, pakare ipapo. Maona? Saka tinoda kuti ino ive shumiro chaiyo yekupodzwa. Saka ndisati ndapinza kana ani zvake mumakamuri, nezvakadaro, kuitira kupodzwa, kana shumiro itsva idzi, ndinoda kuti vanyatsonzwisisa kuti vari kumbouireyi imomo. Saka ingorangarirai, zvino huyai mutishanyire, uye tichafara kuva nemi.

⁸ Zvino rangarirai, zvino, mangwanani, tichaenderera mberi neDzidziso yechechi. Uye mangwana manheru zvichave zvimwe chetezvo. Zvino makasununguka kuuya, uye chero ani hake anogona kuuya. Tinogara tichifara kuona ani zvake. Asi zvino izvi, manheru ano, izvi zvakangonangana nepano kuvanhu vari vepatabhanakeri pano, vaka—vakakudzwa muDzidziso iyi. Nokuti, kunze uko kuminda, minda yekuvhangeri, tinogatora Dzidziso dzekuvhangeri chaidzo dzezvepakutanga, dzeMagwaro. Asi pano patabhanakeri, tine pfungwa dzedu uye nezvitendwa zvedu, se—se—sechechi, saka ndizvo zvatichapinda mazviri, manheru ano.

⁹ Uye tisati tavhura Shoko raKe rakaropafadzwa, hatingagone here kukotamisa misoro yedu kuti tinamate?

¹⁰ Mwari Samasimba vane masimba, Uyo, nyika isati yatombotanga kutenderera paatomu rokutanga, Maive Mwari. Hamuna kumboshanduka kana nepaduku pose. Uye kana pasisina maatomu ekuibata, uye pasisina nyika inenge yakabatwa, Imi munoramba muchingori Mwari. Imi muri wokusingaperi, uye muchibva kusingaperi. Imi muri Mwari. Hamuna kumbova nekutanga kwemazuva, kana kuguma kwehupenyu. Munogara muripo. Zvino, Baba, iMi musina magumo, uye isu tine magumo, saka tinokumbira tsitsi dzeNyu dzeDenga, Mwari, tichicherechedza kuti mweya wedu

uyu uchazopinda muna Ziendanakuenda, kubva muzviyero zvenguva izvi, kupinda muna Ziyendanakuenda. Naizvozvo, Ishe, tiri pano kuti tizoongorora pamusoro peruponeso rvedu, kuona kuti takamira sei pamberi peShoko reNyu, uye kuti tione kuti takamira papi muzviitiko zvedu. Tiri kurarama here izvo zvinofadza iMi? Mweya wedu unopupurirwa here neMweya weNyu? Uye dzidziso yedu inopupurirwa here neBhaibheri iri? Uye, Baba, dai taongorora zviri zviriviri, nepedyo, mushumiro nhatu dziri kutevera. Zviitei izvi, Ishe.

¹¹ Ropafadzai mufudzi pano, madhikoni, nematirastii, uye neungano yose, vanhu vanouya pachechi pano. Kubvira mazvana angu pano, Ishe, pane vakawanda, vakawanda vandisingamboziva mazita avo, kana kuti vanobva kupi, asi ndine chokwaki kuti iMi munoziva zvose pamusoro pavo. Uye tiri pano nekuda kwechinangwa ichocho chimwe chete, manheru ano, Ishe, kuti tiwadzane paShoko rakanyorwa. Uye tipeiwo Mweya Mutsvene muhupenyu hwedu, kuti tigare murugare, uye takabengenuka, uye mukutya Mwari, nekuvheneka hupenyu hwedu neShoko raKe. Zviitei, Ishe.

¹² Zvino muchivakwa chino, manheru ano, Ishe, pane hama dzangu dziri muzvinhanho zvakasiyana-siyana zve—zvechechi. Zvino, Ishe, ndinotenda kwazvo kuti vari pano kuti tiwadzane. Dzimwe nguva tinogona kupesana pamusoro pezviga zviduku zveDzidziso. Asi muchiga chimwe chete chikuru ichi, tinomira sehama dzakabatana tiri panhu pamwe. Kutu, O Mwari, dai zvasimbisa ku—kuwadzana kwedu, uye nekwedu... uye zvisungo zvenyasha nerudo zvaMwari zvizorore pamusoro pedu zvakanyanya. Zvino, tichicherechedza, Ishe, kuti iri ibasa rakaomera munhu kuti aite, nokuti pano tiri kucherechedza, manheru ano, magumo emweya iri kuenda muna Ziendanakuenda. Saka tinonamata kuti Mweya Mutsvene upinde muShoko chaimo, zvino woRiisa pachena uye oRitsanangura nenzira yaKe pachaKe, kwatiri, zvinhu izvo zvaAnoda kuti tizive. Zviitei, Ishe. Saka kana nhatu . . . nguva dzeshumiro dzapera, ngatiende sechechi yakasimbiswa, takabatanidzwa pamwe chete, kuti tiise moyo yedu uye nezvinangwa zvedu zvose pamwe chete, nevamwe vedu vagari vemuHumambo hwaMwari, zvino tofamba tichienda mberi sezvatisati tamboita kumashure.

¹³ Ndinoda kukutendai iMi, Ishe, pano muhupo hwechechi ne—nevanhu vari pano, kuti iMi makandipa mavhiki akati kuti ezororo rakanaka. Ndinonzwa zvakanaka manheru ano nokuda kweHupo hweNyu uye neropafadzo reNyu. O Mwari, tinonamatira hama pano, hama yedu iri kuenda mhiri kwemakungwa, zasi uko kunyika dzine rima, dzakasviba, uko hupenyu hwavo hunenge huri pamuteyo. O Ishe, ropafadzai Hama yedu Jeffreys apo pavanoenda, uye nemwanakomana wavo, nemudzimai wavo, uye mugovawedzera goho nepakuru.

Dai vakacheka maburi nepakati perima kusvikira Chiedza cheEvhangeri chapenya kure uye chakapararira. Tinzwei, Baba, nokuti tinoisa chikumbiro chino nemuZita raIshe Jesu, Mwanakomana weNyu. Amen.

¹⁴ Zvino, manheru ano, ndichaverenga muBhaibheri rangu diki reScofield. Ndichangobva kupfuura makore makumi maviri nemashanu okuberekwa, nguva ichangodarika. Uye ndichiri kukwanisa kuriverenga, asi zviri kuenda zvichidzimaidzwa kwazvo. Saka ndakazvitsvakira magirazi okuverengesa kana ndichinzvera, saka ndiri kuda kuona kuti zvinoshanda sei manheru ano, iri nguva yangu yokutanga.

Zvino ndine zvidzidzo, seizvi, zvokuti, “Chechi inofanirwa here. . .” Oo, zvinhu zvakawanda, kana tichakwanisa kusvika kwazviri. Chimwe chacho, “Ko sei tichinzi Chechi? Sei isu tisiri sangano? Sei—sei tichitenda pakuchengetedzwa kwemuna Ziendanakuenda kwemweya wemutendi? Ko sei tichitsiura madzimai anoparidza? Ko sei tichibhabhatidza nekunyudza? Zvino Chechi ichapinda Mukutambudzwa here?” Nezvimwe zvezvidzidzo zvizhinji izvi pano, ndinofungidzira kuti ndine gumi neshanu kana gumi nesere yazvo, kwehusiku hushoma huchatevera.

¹⁵ Saka ndiri kufunga, manheru ano, pakutanga, titangise, zviri kuratidzika kunge Ishe vaisa pamoyo wangu pane chidzidzo ichi, kuti. . . *Sei Isu Tisiri Sangano?* Chikonzero chokuti. . . Zvino, hatina chatinopesana nevamwe vanhu vari sangano. Hatina chatinopesana navo, asi ndinoda kutsanangura kuti sei tisina kufambidzana nesangano ripi zvaro. Ndakagadzwa muchechi duku yeBaptisti, sekuziva kwenyu. Zvino Baptisti haisi sangano, yaive isiri, kusvikira zvino uno, uye zvino yave kungovawo sangano semamwe ose. Asi, chikonzero sei tisina kana kumboita sangano. . .

¹⁶ Zvino, tiri bato. Tiri bato, rakanyorwa pano mu—mumatare, sebato, boka revanhu vakaumbwa pamwe chete kuti vanamate Kristu, asi hatisi musangano. Hapana munhu achava nehutongi pamusoro pedu, munoona. Haisi sangano. Ingori—ingori bato, kuwadzana pakati peMakristu anotenda. Vanhu vanouya pano kuchechi. Zvino ino inobva yava chechi yavo yepamusya kana vachida havu kuuya, chero bedzi vari vapenyu.

¹⁷ Zvino vanogona kuuya pano vopesana nezvinhu zvose zvatinoparidza. Izvozvo zvakanyatsa kunaka. Uchingori, chero bedzi uri Mukristu, une kuwadzana, uye neruoko rwakatambanuka zvakangofanana nevamwe vose. Maona? Kana ndikati ndinotenda mukubhabhatidza tichinyudza mumvura, uye iwe uchitenda mukusasa mvura, uye uchingogara pazviri, tichangoramba tiri zvimwe chete sezvataizongova dai tainge tose tichiwirirana. Tinogona kutadza kuona zvimwe chete, zvakafanana. Asi chero bedzi uri Mukristu hama kana

hanzvadzi, munogamuchirwa zvakakwana, munoona, munhu wese.

¹⁸ Saka hatina kana sangano, nokuti ndinofunga kuti sangano rinopatsanura hukama hwehama. Vamwe vavo vanozoti, “Zvino, hatina nechokuita norumutsiriro irworwo. Urwo rumutsiriro rweMethodisti.” “Zvino, urwo nderweBaptisti. Hatinei nazvo. . . Tiri maMethodisti. Hatinei nechokuita narwo irworwo.” Hama, kana Kristu ari marwuri, tinazvo—tinazvo zvese zvokuita nezvarwo. Tinofanirwa kuisa zvedu. . . Ndiwo—ndiwo Mutumbi waKristu uri ku—kutambudzika. Uye ndinoona zvakanwanda izvozvo munyika nhasi, kusvika pokuti tine. . . Zvino, Kristu haana kumbodaro, kana nguva ipi zvayo, paakamboronga chechi yesangano. Zvino, itai kuti izvi zvinyatsosimbisiswa.

¹⁹ Iye zvino, zvino, ndichakubvunzai mangwana manheru, kana zvimwe zvezvinhu izvi zvamungade kuziva, senhorooondo yandiri kunokora, kana chimwe chakadaro. Handina nguva yekunyatsozvipedzeredza, handizoviki pane chimwe chidzidzo, nokuti unogona kuzopedza mavhiki pachidzidzo chimwe chete ichocho. Asi kana uchida kuziva nzvimbo, chimwe chinhu, ingondibvunza, uye iwe wozviisa apa—apa patafura, uye ndichaita kuti ndikupindure.

²⁰ Zvino, sangano rakwegurisa pane ose, uye sangano rokutanga rechechi ratakambove naro, ichechi yeKatorike. Zvino yakarongwa mazana matatu emakore neanoraudzira mushure mekufa kwemuapostora wekupedzisira. Zvino ndizvozvo. Unozviwana mune Nicene Fathers vopakutanga, uye unozviwana muzvinyorwa zvaJosephus, zvakare, oh, vazhinji ve—vevanyori venhorooondo vakuru. Maona? Zvino sezvazviri mu—mu. . . chero zvaro remazera echechi, zvichidzika kusvikira pakufa kwemuapostora wekupedzisira, uye makore mazana matatu rumwe rutivi rwevaapostora, pakange pasina machechi emasangano. Zvino Katorike ndiyo yakave sangano rekutanga rechechi.

²¹ Zvino chechi yechiProtestanti ndiwo masangano akazvibuditsa kubva musangano. Kuvandudzwa kwekutanga kwakauya, kwaiva Luther; kwabva Luther kwakauya Zwingli, kwabva Zwingli kwakauya Calvin, zvichingodzika zvakadaro. Zvino zvichidzika kusvika kuRumutsiriro rwaWesley, uye ndokudzika kusvika kuna Alexander Campbell, John Smith, navamwewo, munoona, zvichingodzika. Zvino mapato okupedzisira atinawo iko zvino zvinhanho zvakasiyana-siyana zvezera rePentekosti.

²² Uye ndinotenda kuti Mwari akashanda muzera roga-roga. Asi makambocherechedza here kiti, nguva yose panokundika chechi, zvino ipapo pavanongoita sangano vanobva vatanga kukundika ipapo chaipo? Uye pose pavanokundika, Mwari havazombosimudza chechi iyoyo zvakare. Inobva yangoenda

kumbeu chaiko. Saka iwe unongo...Kana uchida kuziva nhorooondo yeizvozvo, ti—tinogona kuiunza, kuti—kuti hapana chechi, kana chero munhorooondo yemachechi, pokuti pane sangano rakawa rikazomuka zvakare. Baptisti, Methodisti, Presbyteriani, Lutherani, kana ingave ipi zvayo, apo pavakawa, vatoenda. Zvino, ndizvozvo chaizvo. Zvino, izvi, ini—ini ndakuudzai zvino, chipfeka jasi riya, nokuti tichaita kuti izvi zviabate. Maona? Hapasati pambova kana, nguva ipi zvayo. Kana munhu akabuda kunze sedungamunhu zvino oronga chechi, yobva yatanga.

²³ Mwari vanoshanda nedungamunhu, kwete nesangano. Mwari havana kana mune zera pavakashanda nesangano. Vakagara vachishanda nedungamunhu. MuTestamende Yakare, Vaishanda nedungamunhu. MuTestamende Itsva, Vaishanda nedungamunhu. Muzera ripi zvaro, Vaigara vachishanda nedungamunhu, kwete masangano. Zvino, ndosaka, kana Mwari vasiri musangano, zvine basa rei neni kuti ndive nechekuita naro sesangano? Zvino, handisi kutaura pamusoro pevanhu vari musangano iroro, ini ndiri kutaura pamusoro pesangano pachezvaro, nokuti vanhu vaMwari varimo mumasangano ose aya.

²⁴ Zvino, Mwari havambosiya chimwe chinhu chichitika kunze kwekunge iVo vapa yambiro kwazviri. Handitende kuti pane chinhu chokuti... .

²⁵ Zvino, sezvatine nyaya dzinombobuda, mumachechi, sezvatichangova nazvo nguva shoma yapfura pamusoro peropa nemafuta, nezvakadaro. Zvino munoziva tsamba iya yokuti “Vanodikanwa Hama Branham”, nezvakadaro. Asi chikonzero ndakamira ndichipesana nazvo, nokuti hazvizi muShoko. Uye ndosaka ndichipesana nemasangano, nokuti harisi muShoko. Nokuti rinofanirwa kuva nechimwe chinhu patinoisa kutenda kwehu pachiri. Uye kana tisingakwanise kuisa pamusoro perimwe sangano, tinofaira kukuisa paShoko raMwari. Nokuti ndiYo nheyo yoga, iShoko raMwari.

²⁶ Zvino kana Shoko raMwari risingataure pamusoro pesangano, asi richitaura richipesana nesangano, saka isu tinofanirwa kutaura pamwe neShoko. Zvisinei kuti mubhishopi upi, kana kuti ani anotii, kana ani anofungei, zvii zvingataurwe nemunhu akanaka, chero chii zvachingataure, kana zvisiri maererano neShoko raMwari, zvino zvakatsveyama. Maona? Zvinofanirwa kuti, Shoko rinofanirwa kuva rokupedzisira. Shoko raMwari rinofanirwa kuva ameni yokupedzisira.

²⁷ Zvino rangarira, handizi kubvisa chikristu kuna ani zvake (munozvinzwisisa izvozvo) mumasangano. Pane makumi ezviuru zveuweya yakakosha iri mumasangano ose iwayo, vari vana vaMwari. Asi kuvapatsanura uye nokuvabvisa pamwe chete, ndinopesana nazvo. Uye Shoko raMwari rinopesana nazvo.

²⁸ Zvino ndinotenda kuti hapana kana chitendwa chiri panyika nhasi, hapana kana chitendwa chakambovepo panyika, asi kuti chakafanotaurwa kuti chichauya, neShoko raMwari. Ndinotenda kuti Shoko raMwari rinotipa zvose zvatinoda, imo muno chaimo muShoko. Kubva pane. . . pakutanga kwedu kusvikira kumagumo, zvinonyatsowanikwa muShoko raMwari. Zvino ndi—ndinotenda kuti kana zviru muShoko raMwari, zvino tinofanirwa. . . Rinofanotaura. Zvino Shoko raMwari iyambiro.

²⁹ Zvino, hauverengi Shoko raMwari sokunge uri kuverenga bepanhau. Unoverenga Shoko raMwari neMweya Mutsvene, munoono, nokuti Mweya Mutsvene pachaWo uchitaura kubudikidza naKristu. Kristu achitenda Mwari kuti Aive avanza zvinhu izvi kubva kumaziso evakachenjera nevakangwara, uye ozvizarura kune vacheche avo vanokwanisa kudzidza. Saka, munoono, hapana kana nzira yekunge wakadzidza, hapana kana nzira yekuita sangano. Pane nzira imwe bedzi yokuita zvakanaka, ndiko, kutungamirirwa neMweya waMwari. Uye chiitiko chawakaita chinofanirwa kuenderana neShoko iri. Maona? Zvino wave nazvo. Maona?

³⁰ Sekunge kana tasvika zasi kuno mumanitsi mashoma zvino, tiri kushanda nevanhu vari—vari. . . Vamwe vacho maCalvanisti akaomarara, vamwe maArminian akaomarara, uye—uye nenzira dzakasiyana. Zvino, panogara nguva dzose, hazvina basa kuti wacheke hwendefa zvitete zvakadii, ine mativi maviri pairi. Ndizvozvo chaizvo. Uye vose vanenge vane tsiro kugakava ravo. Asi, chinhu chaicho ndechekuti, ko Chokwadi chacho chiri papi? Ndipo chaipo patiri kusvika, apo patinofunga, nenyasha dzaMwari, tinokuratidzai Chokwadi chazvo. Zvino ngatichingotorai. . .zvino apo ndipo pandine dzimwe dzidziso dzechechi idzi dzakanyorwa.

³¹ Ngativhurei mumaBhaibheri enyu, kwemaminiti mashoma, mose zvenyu iko zvino. Zvino ngatiendei kuna Zvakazarurwa, chitsauko 1; kana Zvakazarurwa, chitsauko 17, kutanga. Zvino ngatingotangai kuverenga uye tigoona kuti machechi aya akatangira papi, uye kuti—kuti chii chakaatanga. Zvino, Bhaibheri rinofanoyambira zvese. Rakafanotiyambira zvezuva atiri—atiri kurarama maari. Uye zvino, Zvakazarurwa, chitsauko 17, kana mukakwanisa. Ndati yechi 13, ndanga ndisingareve iyoyo, izvozvo zviru. . . Tichaona izvozvo mushure mechinguvawo, zvakare, izvozvo zviru muchiporofita cheUnited States. Asi tererai zvakananyana zvino.

Zvino mumwe wavatumba vanomwe vakange vane ndiro nomwe, akauya kwandiri akataura neni, achiti. . .Huya pano; uye ndichakuratidza. . .kutongwa kwemhobwe huru inogara pamusoro pemvura zhinji:

³² Zvino rangarirai, izvi zvinoratidza sezvisinganzwisisike. Zvino mudzimai uyu ane mbiri yakashata, zvino, kana tichazodzidzisa izvi, unofanirwa kuwana kutanga kuti mifananidzo iyi inorevei. Zvino, *mudzimai*, muBhaibheri, anomiririra “chechi.” Vangani vanozviziva izvozvo, kuti tiri Mwenga? Chechi Mwenga.

³³ “Huya pano ndichakuratidza kutongwa.” Zvino, pachave nokutongwa kwakataurwa pamusoro pemhombwe huru, mudzimai asina kuchena uyo anogara pamusoro pemvura zhinji. Zvino, *mudzimai* achifananidzira “chechi,” uye *mvura* inofananidzira “vanhu.” Zvino, kana mukazvicherechedza, zvakare, tarisai, ndima 15 muchiri ipapo, ndima 15, chitsauko chimwe chete.

*Zvino akati kwandiri, Mvura yawaona, inogarwa
nemhombwe, ndivo vanhu, . . . mhomho, . . . nemarudzi,
nendimi. (Maona?)*

³⁴ Zvino, chechi huru iyi, mudzimai mukuru, zvino rangarirai mudzimai ane mbiri yakashata. Zvino kana mudzimai achimiririra chechi, (uye Chechi yaKristu Mwenga, Mwenga mutsvene), nokudaro pano pane mudzimai asiri mutsvene. Nokudaro anofanirwa kunge ari mwenga, asiri mutsvene, wekunyebedzera. Maona? Zvino, zvino anoitei? “Anogara pamusoro,” kana kuti kuve *pamusoro*, zvinoreva, “kuve nohutongi pamusoro pemvura zhinji.” Nemamwe mashoko, ane simba nemune zvose marudzi nendimi nevanhu. Munhu mukuru, ndizvo zviri mudzimai uyu.

Zvino, madzimambo enyika vakaita hupombwe, . . .

³⁵ “Madzimambo enyika akaita hupombwe,” varume vapfumi, varume vakuru vakadaro. Ko ungaita nenzira ipi, ko mambo angaita sei, hupombwe nechechi? Uhwu hupombwe pamweya. Pamweya! Chii chinonzi hupombwe? Izvi, zvino, zvakafanana nomudzimai ari kurarama zvisina kutendeka kumurume wake. Ari kurarama nemumwe murume iye ane murume wake. Zvino chechi iyi, zvino, iri—iri kunyepera kuve Mwenga waKristu, pamwe chetepo ichiita hupombwe nemadzimambo enyika, nokurarama kwake kusina kuchena, kupupura kusina kuchena. Oo, Zvakadzika uye Zvakapfuma. Ndinongorida Shoko. Zvino cherechedzai.

*. . . uyo madzimambo enyika akaita hupombwe nayo,
nevanogara panyika vakabatwa newaini yehupombwe
wayo.*

³⁶ “Waini” yake ndiyo yaanga ari kugovera, kutekenyedza kwake, “Ndisu Chechi! Ndisu tinazvo.” Maona? Zvino, ingozviisa mupfungwa dzako zvino. Zvakanaka. “Saka iye akataku- . . .”

³⁷ Zvino, ngirozi yakaudza Johane, “Ndichakuratidza kutongwa uku kuri kuuya kucheche huru iyi.” Zvino tarisai.

Ipapo wakandiisa kurenje: mumweya ndikaona mukadzi agere pamusoro pechikara chitsvuku, . . .

³⁸ *Chitsvuku*, muBhaibheri, chinomiririra “zvehumambo.” Ruvara *rwutsvuku* rwunoreva “tsvuku.” Uye *chikara* chinomiririra “simba.”

Makambocherechedza here, chikara chakabuda kubva mugungwa, chaiva muna Zvakazarurwa, 13. Zvino kana ukaona chikara chichibuda kubva mugungwa, zvinoreva kuti simba iri raisimuka pakati pevanhu.

Asi muna Zvakazarurwa 13, pakauya gwayana iri, rakabuda kubva panyika, pasina vanhu, United States. Asi zvino, mushure, rakange rine nyanga mbiri duku, masimba ezvenyika neezvinamoto. Zvino rakagamuchira simba, ndokutaura sechikara shure kwaro. Saka izvi munotofanirwa kuzvinyora pasi, tave kupinda pakutambudzwa kwezvinamoto nezvinhu zvimwe chete zvavakaita muRoma yechihedheni makore mazhinji apfuura, nokuti IZVANZI NAJEHOVHA.

Zvino zvitarisei. “Agere pamusoro pechikara, simba.”

³⁹ Makacherechedza here Rabheka? Eriezeri paakamuwana, yaive iri nguva yemanheru, akapa ngamera mvura. Nokuti, Eriezeri akati, “Kana pakauya mhandara ichanwisa ngamera iyi mvura, ndiyo ichange iri. . . uye opa ini mvura yokunwa, ndiye achave iye waMasarudza, Ishe, kuti ave mwenga wemuranda weNyu, Isaka.” Zvino achingori mumunamoto, Rabheka akauya ndokuchera mvura uye ndokumupa kuti anwe, achibva apa ngamera mvura. Cherechedzai, ngamera yaive mhuka. Zvino ngamera imwe cheteyo yaakanga achipa mvura, ndiyo imwe cheteyo yakamutakura kuenda kumwenga wake, Isaka.

⁴⁰ Zvino, nhasi, simba reMweya Mutsvene, iro riri kudiridzirwa neChechi uye nokunamata, ndicho Chinhu chichaItakura kubva panyika pano, kusangana neMwenga. Chokwadi, Isaka aive ari kunze mumunda, ari manheru. Hatisangane naIshe muKubwinya. Vaefeso, chitsauko 5, inoti iyo tichasangana naYe muchadenga. Oo, izvi zvinoita kuti maMethodisti agadzirire kudandizira. Zvifungei izvi! Maona? Ishe. . .

Isaka aive abuda kubva kumba kwababa vake, zvino aive kunze mumunda paakaona Rabheka achiuya ari pangamera. Zvino Rabheka akamuda, achingotanga kumuona, zvino ndokusvetuka kubva pangamera ndokumhanya kunosangana naye. Ndizvo chaizvo. Ndiko kwatinosangana naIshe. Zvino ngamera imwe cheteyo yaakapa mvura, yakamutakura kuenda naye kumurume wake.

Zvino Simba iroro riri kunamatwa neChechi, riri kunzi nenyika kupengereka, riri kunamatwa neChechi, richava Simba rimwe chete richaendesa Kereke kumusoro muchadenga, “Kunosangana naIshe muchadenga.” Mweya Mutsvene! Maona? Pane. . .

Zvino, tarisai, Rabheka aive mhandara.

41 Zvino mudzimai uyu chipfeve, watiri kutaura pamusoro pake pano. Zvino, maona kuti simba iri chii zvino? Si—simba, zvarinoreva, kuti, chikara. Aive ari pachitsvuku. Zvino, yaive mhando yechikara chakadii? *Chitsvuku*, zvinozova izvo simba “rakapfuma.” Zvino imhando ipi yechechi iyo yaichazove zvino? Ichechi yakapfuma, uye ichechi huru, uye ichechi ine simba, uye runziro yayo inotsvaira ruzhinji nevanhu. Zvino madzimambo enyika vakaita hupombwe hwepamweya nayo, ndivo vanhu vakuru vepanyika. Zvino tave kuda kuona kuti iyo ndiyani, muchingvana, uye togoona nezvemasangano aya.

Mukadzi akange akapfeka nguwo shava (zvoumambo), . . . akapfeka nguwo ine mavara mashava nematsvuku, . . . akashonga ndarama namambwe anokosha . . . namaparera, nemuruoko rwake makange mune komichi yendarama izere nechinyangadzo netsvina yehupombwe hwake:

42 Aive nechii muruoko rwake? Dzidziso yake, yaaive ari kutambidza kuvanhu, “Isu ndisu Chechi. Tiri *zvakati*.” Zvino akaita kuti madzimambo enyika adhakwe naye, saizvozvo. “Tiri *zvakati*. Ndisu simba guru! Tinotsvaira nyika dzose. Tisu chechi hurusa iripo. Huyai zvino, inwai zvedu . . . Pano, dururai zvisihoma zvayo. *Imi zvitorei. Imi zvitorei*.” Hezvoka izvo, munoona. Zvino muruoko rwake aive nekumichi. Tarisai.

Mukadzi akange akapfeka nguwo ine mavara matsvuku neshava, . . . akashonga ndarama namambwe anokosha namaparera, nemuruoko rwake makange mune komichi yendarama izere nechinyangadzo netsvina yehupombwe hwake:

43 Zvino, shamwari, hatisi kuverenga bepanhau remazuva ose. Tiri kuverenga Shoko raMwari remuna Ziendanakuenda rakakomborerwa. Matenga ose nenyika zvichapfuura, asi Shoko iri richagara rakadaro. Ndizvozvo chaizvo.

Pamusoro wake *pakange pakanyorwa zita, zita raive rakanyorwa*, waro, **BABIRONI RAKAVANZIKA, GUTA GURU, MAI VEMHOMBWE, CHINYANGADZO CHENYIKA.**

44 Zvino, pano imwe nguva yapfuura, handifunge kuti muchechi muno, asi ndakaparidza chidzidzo, *Chinyorwa Pamadziro*, zvino ndikapa nhoroondo yemamiriro eBhabhironi. Zvino, chitendwa chose chakambovepo, chinamoto chose uye nechitendwa chose chiripo panyika nhasi, zvakatangira muna Genesi. Zvino, ukawana *MaBhabhironi Maviri* aHislop, kana uchida kuzvironda munhoroondo, kana mamwe emabhuku aya akanaka, unogona kuwana chitendwa chose hacho chaungade kuwana. Ndichakudzoserai shure ikoko kwekangvana, pane zvemadzimai anoparidza, munoona, uye ndigokuratidzai kuti

zvakanatsotangira kubva papi, munoona, shure muna Genesi. Uye pazvinhu izvi zvakasiyana-siyana, kuti zvakabva sei muna Genesi. *Genesi* zvinoreva “mavambo.” Vangani vanoziva kuti ndizvozvo chaizvo? Genesi ndiwo mavambo. Saka, zvinhu zvose zviripo, zvaitofanirwa kunge zvine mavambo.

⁴⁵ Apo pandinotarisa muti... ndakange ndiri musango kwemwedzi yakati kuti, mitatu, pamwe miviri. Ndinoona muti, kuti wakanaka sei. Ndinoona, unoenda pasi; mumwe unouya uchiutsiva, hupenyu hunoenderera. Zvino ndinofunga nezvazvo. Asi pane imwe nzvimbo muti iwoyo waive nemavambo. Waifanirwa kunge une mavambo. Uye nzira chete yazvakarongwa kuti uve muti, kana kuve muoki, kana mubhichi, kana mupopirari, kana muchindwe, kana chingave chii zvacho, kwaifanirwa kunge kune neHuchenjeri hwepamusoro-soro shure kwazvo. Kana kuti dai paive nemumwe chete, unge uri muti wemuoki mumwe chete, zvinhu zvose panyika zvingadai zviri zvose muti wemuoki. Asi Chimwe chinhu, chikuru, Huchenjeri hwepamusoro-soro, ndihwo hwakatozviisa muhurongwa.

Ngaripopafadzwe Zita Rake Dzvene! Ndiye uYo Akaisa mwedzi nenyeredzi muhurongwa hwemuchadenga. Akaisa zvinhu zvose muhurongwa. Uye Achaisa Chechi yaKe muhurongwa. Ichananga kwaAnoda kuti Inange; kumabvazuva, kumadokero, kuchamhembe, kana kumaodzanyemba, kana chero zvaangave iYe. Kana takabvisa pfungwa idzi dzemasangano mupfungwa dzedu tozvikandira zvizere muKarivhari. Achazoiisa muhurongwa, kana tikangoteerera semiti uye nezvimwe zvisikwa zvaKe. Haumboona mwedzi uchiti, “Handizi kuzopenya manheru ano. Dzimwe nyeredzi imi penyai panzvimbo yangu.” Asi isu, oh, takatosiyana, munoona.

⁴⁶ Zvino, Bhabhironi, tarisai kuti Bhabhironi rakaonekwa sei. Rakaonekwa mukutanga kweBhaibheri. Rinoonekwa pakati peBhaibheri. Zvino rinoonekwa kwekupedzisira kweBhaibheri. Zvino, pane chimwe chinhu. Zvino, rakatanga naNimirodhi. Nimirodhi ndiye akatanga Bhabhironi muMupata weShinari, pedyosa nepakati peRwizi Tigris uye neEuphrates. Zvino Euphrates rwaipfuura nepakati. Uye—uye kuti nzira dzose, munyika yose iyi, dzaitungamirira dzakananga kuBhabhironi. Uye rimwe nerimwe remagedhi aya raive rakapamhamha mafiti mazana maviri, magedhi iwayo aive akagadzirwa nendarira. Zvino ukapinda mukati meguta reBhabhironi, nzira dzose dzaienda dzakananga kuchigaro choushe.

⁴⁷ Zvino, unokwanisa kuenda kuRoma, nhasi, uye nzira dzese dzinoenda kuRoma. Zvino pane kamhandara Maria kaduku kanenge kakamira pakona yoga-yoga, pakukona kwenzira, nemwana Kristu ari muruoko rwake, akanongedzera nzira akananga kuRoma. Maona? Rinoonekwa kwekutanga,

kweBhaibheri; rinoonekwa pakati peBhaibheri; uye herinoini iri pano pakupedzisira kweBhaibheri.

Zvino ndinoda kuverenga ndichienda mberi, kwemaminitsi mashoma, kuti muone zviri seri kweizvi. Maona? Zvakana. “Zvino ndakaona mudzimai,” zvino tarisai, “chechi.” Kana ukaona *mudzimai*, ingofunga nezve “chechi.” Maona?

... *ndakaona mudzimai akadhakwa neropa ravatsvene, . . .*

⁴⁸ Zvino, ko izwi rokuti *mutsvene* rinobva kupi? Izwi rokuti *mutsvene* rinobva pakuti “uyo akatsveneswa,” kana “uyo akacheneswa,” *mutsvene*. Zvakana.

... *ndakamuona akadhakwa neropa revatsvene, . . .*

⁴⁹ Zvino, kana mudzimai uyu ari chechi, akatambudza vatsvene. Zvakare ndiyo chechi hurusa. Ane simba pamusoro penyika yose. Ari pamusoro pemvura zhinji. Uye ari... Madzimambo enyika anoita hupombwe naye. Saka, ndiye ani? Zvinoita sezvakavanzika. Zvino Mweya uri kuzoenda... Munoziva, panofanirwa kunge pane zvipo zvipfumbamwe muchechi; huchenjeri, chimwe chekunzwisisa, uye chimwe chokupodza, uye chimwe *chezvimwewo*.

... *uye neropa rezvapupu zvaJesu: . . .*

⁵⁰ Zvinoratidza sekunge vakanga vasina hanyin’ a zvakanyanya nezvakataurwa naJesu. Zvaive zvekuti chechi inoti chii. Ndizvozvo chaizvo. Uye ichokwadi, zvakare.

... *ndakati ndichimuona, ndikashamiswa nokushamiswa kukuru.*

⁵¹ “Ndakashamisika nokushamisika. Ini... Chaive chi—chi—chinhu chinoshamisika pamusoro pake, zvokuti ndakashamisika kuti iye...” Zvino regai nditore nzvimbo yaJohane ndoedza kuvhura izvi zvisomanane, munoona. Johane akati, “Hoyo apo paagere. Ari kuita sechechi yeChikristu. Ane mukana wekugona kuwana mari yese iri panyika. Ane madzimambo enyika ose patsoka dzake. Mudzimai mupfumi uye ari chinhu chinopenya-penya nemavara, ko anokwanisa kudhakwa sei nevakaurirwa Jesu? Ko anotambudzirei vatsvene? Ko anouraya sei zvapupu zvaKristu? Asi iye achizviti Mukristu, pachake, chechi yeChikristu.” Zvino tarisai.

Ipapo mutumwa akati kwandiri, Ko washamiswa neiko? Ndichakuudza zvakananzika zvemukadzi, nezvechikara chinomutakura, uye chaive chine... misoro minomwe nenyanga dzine gumi.

⁵² Zvino, uku kungoverenga kwemazuva ose pano zvino. Zvibatei izvi. Izvi zvichava nyore kwazvo.

Chikara icho chawaona chaivepo, uye hachisipo; uye choda kudzika chichibva... kukwira chichibva

mugomba rakadzika-dzika, uye chichaenda kundoparadzwa: vanogara panyika vachashamiswa, vasina kunyorwa mazita avo mubhuku rehupenyu kubva pakusikwa kwenyika, kana vakaona . . . kana vachi—kana vachiona chikara kuti chaivepo, hachisipo, uye chichazovapo.

⁵³ Zvino, zvino izvi zvinofanirwa kutswinya, saka hezvinoi izvi. Akati, zvino cherechedzai, kuti, “Kana vose,” kwete vangori vashoma chete, asi, “vese vanogara panyika vachashamiswa.” Vose zvavo vachashamiswa. Pasi rose richashamisika pamusoro pemudzimai uyu. Pane boka rimwe chete risingazoshamiswa pamusoro pazvo, zvino ndivo avo vane mazita avo ari muBhuku reHupenyu reGwayana.

⁵⁴ Zvino, ndinogona kungopfekera izvi ipo pano chaipo, nokuti tichazopinda mazviri mumaminitsi mashoma. Maona? Ko mazita avo akaiswa rinhi muBhuku reHupenyu reGwayana? Kubva (Riinhi?) parumutsiriro rwekwavakapedzisira kuenda? husiku hwavakaenda paartari here? husiku hwavakajoinha chechi here? Handisi kuedza kukurwadzisai. Asi, ndiri kukuudzai, Bhaibheri rakati, “Mazita avo akaiswa muBhuku reHupenyu reGwayana kubvira pamavambo enyika.” Ndizvozvo! Apo Mwari, pakutanga, ndokuona kuti Aizotumira Mwanakomana waKe, uye Aizotora nzvimbo yomutadzi, paya Ropa reMwanakomana waMwari rakadeurwa. Bhaibheri rakati Ropa raKe rakadeurwa nyika isati yavambwa. Vangani vanoziva kuti Bhaibheri rinotaura kudaro, kuti, “Ropa raKristu rakadeurwa nyika isati yavambwa”? Apo Ropa iri parakadeurwa, nhengo yese yeMutumbi, vane mazita akanyorwa neRopa iroro, paBhuku reHupenyu reGwayana, pakuvambwa kwenyika. Ko unotyeyi? Oo, hama! Izvi zvinobva zvakiinura mikova, handizvo here?

⁵⁵ Saka, zvino ngativerengei izvi ipo pano, kuti tione kuti kana izvo zvacho zvarinotaura zviri zvechokwadi. Maona? “Zvino ngirozi yakati kwandiri, ‘Ko wakadarirei. . .’” Ndinotenda kuti indima 8, “Zvino chikara chawaona . . .” Zvakanaka. Ndizvo.

Chikara chawaona chaivepo, uye hachisipo; chichakwira chichibva mugomba rakadzika-dzika, . . .

Zvino, tave kudzoka kwazviri, asi ndinoda kutora zvimwe zvacho, nokuti tichazovika pazviri.

. . . uye kuenda kundoparadzwa: vanogara panyika vachashamisika, avo vasina kunyorwa mazita avo mubhuku rehupenyu kubva pakusikwa kwenyika, . . .

⁵⁶ “Pachave neboka panyika,” nemamwe mashoko, “richazonyengerwa,” nokuti akavanyengerwa. Zvino pakange pane boka rimwe chete risina kunyengerwa, ndiro iro raive nemazita avo muBhuku reHupenyu kubva pakuvambwa kwenyika. Tichapinda mazviri pamberi zvishoma.

⁵⁷ Zvino cherechedzai mudzimai, chechi, aive “*Bhabhironi, Rakavanzika.*” Tinomuona achiratidzwa naNimirodhi. Chinangwa chaNimirodhi chaive chii? Nimirodhi akatanga guta ndokukonzeresa mamwe maguta ose kubhadhara mutero kuguta iri. Tinogona kuona chinhu chakadaro here nhasi? Pane nzvimbo yakadaro here zuva ranhasi? Pane chechi here ine simba pamusoro penyika dzose dzepasi rose? Zvirokwazvo. Pane nzvimbo here nhasi inoita kuti marudzi ose abhadhare mutero kwairi? Iripo here nzvimbo?

Ngatiendererei mberi tiverenge zvimwe zvacho zveizvi, zvishoma, kuti muone mufananidzo wacho wose. Zvakanaka.

...icho chakaona *chikara kuti chaivepo, ... hachisipo, uye chiripo.*

Ndipo pane kufunga kune huchenjeri.

⁵⁸ Zvino, vangani vanoziva kuti huchenjeri chimwe chezvipo zveMweya? Zvino, imhando yeboka ripi raAri kutaura naro, zvino? Anofanirwa kunge achitaura kune boka revanhu vane—vane zvipo zveMweya zviri kushanda muChechi iyi.

... *hepano pane kufunga kune* huchenjeri.

⁵⁹ Zvino, mirai, munozviona izvozvo kubudikidza nemumazera ose echechi pano. Zvichidhonzera kunze, Mweya Mutsvene uchitaura, kuti zvipo zvichazenge zvichishanda sei mumazuva okupedzisira. Zvino, tine zvipo zvokupodza zviri kushanda. Oo, zviri—zviri kufamba zvakanaka. Saka, hama, pane zvimwe zvipo. Chingori chezvime chazvo. Chingori chinhu chiduku. Zvino, pane chipo chikuru nekure chiri pano. Chingave chakanakisisa, chipo cheMweya Mutsvene chehuchenjeri, kuisa Shoko raMwari pamwe chete uye nokuratidza Kereke kuti timire papi, pane kungoita kuti mumwe munhu apodzwe? Tose tinoda kupodzwa. Asi ndingade hangu kuti mweya wangu upore, pane kuti muviri wangu upore, chero nguva hayo. Oo, ini zvangu!

Inzwai Mweya Mutsvene uchitaura nemuna Johane, paPatimosi, wakati, “Hapo pane huchenjeri. Regai aterere kune Izvi.” Zvino tave kuwana mufananidzo uchinyorwa pano apa. “Ndipo pane. . .”

Ndipo pane kufunga kune huchenjeri. *Misoro minomwe ndiwo makomo manomwe, anogarwa nomukadzi.*

⁶⁰ Pane guta rimwe chete, randinoziva pamusoro paro, panyika. . . Pane maguta maviri, andinoziva nezvawo, rine makomo manomwe kana mazhinji mariri. Cincinnati ndiro rimwe racho, ichingofanirwa kuva nyaya yengano yeCincinnati. Ndimai mhumhi, munoziva, avo. . . nezvakadaro. Asi ine akawanda kupfuura iwayo mariri. Asi hapana chechi imwe chete inotonga Cincinnati.

Pane nzvimbo imwe chete pasi rose, ine chechi igere pamakomo manomwe, inotonga pasi rose. Zvino, ndichangobva ikoko. Zvinhu zvose izvozvo.

Zvino ndakaona apo panoti, “Hepano pane huchenjeri.” Zvakazarurwa 13. “Regai uyo ane huchenjeri averenge manhamba echikara, nokuti inhamba yemunhu.” Kwete boka revanhu, kana ungoro yevarume, asi “mu” rume. “Zvino nhamba yake mazana matanhatu nemakumi matanhatu nenhanhatu.”

⁶¹ Ndakagara ndichinzwa, kuti, pamusoro pechigaro chapapa vekuRoma, pakanyorwa kuti, “VICARIVS FILII DEI.” Ndaigaroshushikana kuti chaive chokwadi here. Isai mutsetse, uye monyora manhamba, mumanhamba echiRoma, mooni kuti handizvo here. Ichokwadi chaicho. Ndakamira pedyo *zvaka dai* nekorona iri muhutu yapapa, iri mugirazi, “Hutongi pamusoro pegehena, denga, nepurugatoriyo.” Maona? Saka, zvinhu izvozvo, ndichangobva ikoko, ndichangobva kuRoma uye ndinoziva kuti ichokwadi. Zvino tinoziva kuratidzika kwacho.

Zvino pano *madzimambo manomwe: vashanu* vakawa (vakange varipo panguva iyoyo), *mumwe aripo* (uyo achatevera zvino, aive Kesari), *mumwe agere kusvika* (aive Herodhe, aive nehutsinye); . . .

⁶² Zvino tarisai. Tarisai kuti zvaka kwana sei.

. . . *kana achisvika, anofanira kugara chinguva chiduku.*

⁶³ Pane angaziva kuti Herodhe akatonga kwenguva yakareba sei? Mwedzi mitanhatu. Akazviva mai vake mukati yenzira, vari padanda rimwe rebhiza. Uye ndokupisa guta; ndokuzvipomera paMakristu. Uye achiridza karudimbwa kake agere padivi rechikomo apo pavainge vari. . . achipisa zvake guta. Mwedzi mitanhatu—mitanhatu. Zvino munooni, “Zvino chikara. . .” Zvino tarisai, onai kuti aive ndururani yakadii. Maona? Zvino tarisai.

Zvino chikara chaivepo, uye chisisipo, kunyangwe. . . ndiye worusere, uye mumwe wevanomwe (hunhu hwewechinomwe), *uye unoenda kunoparadzwa.*

⁶⁴ Chero munhu anoziva kuti *kuparadzwa* zvinorevei, “igehena.” Uye tarisai kuti akasimuka achibvepi, “gehena.” Chii ichocho? Makomba asina magumo. Hapana nheyo kudzidziso yeKatorike. Hapana Bhaibheri kudzidziso yeKatorike. Hakuna chinhu chakadaro seBhaibheri kune chero dzidziso zvayo yeKatorike, kwete zvachose. Havambotauri kuti varimo. Muprisita akagara uko, uyu muprisita muduku kumusoro kuno pachechi yeSacred Heart akauya kumusoro uko. Ndokuti, “Oo, iye. . .” Ndaimuudza nezvekubhabhatidza Mary Elisabeth Frazier. Ndokuti, “Oo, makamubhabhatidza nenzira yaibhabhatidzwa nayo neKatorike yepamavambo.”

Ndikati, “Zvakaitika riini izvi?”

Akati, “muBhaibheri, Bhaibheri rako.”

⁶⁵ Ndikati, “Ko chechi yeKatorike yaibhabhatidza saizvozvo? Idzidziso yechechi yeKatorike here?”

“Hongu.”

⁶⁶ Ndikati, “Mukusakanganisa kwechechi yeKatorike, ko sei yashanduka zvakanyanya zvakadaro?” Maona?

⁶⁷ Akati, “Zvakanaka, munoono, imi mose munotenda Bhaibheri. Isu tinotenda chechi.” Maona? “Hatina basa kuti Bhaibheri rinoti kudii. Ndezvekuti chechi inoti kudii.” Ndizvozvo chaizvo. Kana wakambosvika pamangange, pazviri, imbozvedza kamwe, ugoona. Havana hanyin’ano nokuti Bhaibheri rinoti kudii; izvozvo hazvinei nehekuita nazvo. Vane basa nokuti chechi iri kuti kudii. Maona?

⁶⁸ Asi isu hatina basa kuti chechi inoti kudii. Tinotenda zvinotaurwa naMwari. Amen. Nokuti Bhaibheri, zvakanyorwa, “Shoko rose romunhu ngarive renhema, uye raNgu rive Zvokwadi.” Ndosaka tisiri sangano.

⁶⁹ Zvino tarisai. Tererai kune izvi, kwekanguvana. “Madzimambo mashanu aive, akawa, madzimambo mashanu.” Kana muchida izvi kubva munhoroo, ndichakuratidzai. “Zvino mumwe aripo, uye mumwe achauya.”

Zvino tarisai, “chikara.” Zvino, chikara chakange chisiri mambo. Aiva “uyo aripo, haachisipo; uye zvakadaro aripo, zvino haachisipo; asi zvakadaro aripo, uye haachisipo.” Chii ichocho? Kutsivana pachigaro kwanapapa, simba, chikara chichitunga. Ndipo apo Roma yevanapapa. Roma yevihedheni yakazoshandurwa kuve Roma yevanapapa. Roma yevihedheni yakashandurwa, zvino yakazove hutongi hwavanapapa, zvokuti, vakave vanapapa panzvimbo yokuve namambo, zvino vanapapa ndimambo wezvemweya. Ndosaka akagadzwa korona, mambo wezvemweya, achizviti ndiye mitevedzeri waJesu Kristu. Hezvoka izvo. Zvino cherechedzai.

⁷⁰ Zvino tiri kuzounza dzidziso iyoyoye yechiKatorike kubva uko uye tokuratidzai kuti yakapinda sei mumachechi echiProtestanti, munoono, kuti ichirimo imomo chaimo muma chechi echiProtestanti, huzhinji hwayo. Zvichipesana, chaizvoizvo, neBhaibheri, kupesana zvezvirokwazvo. Zvino, “Chikara chaivepo, chisisipo.” Zvino rangarirai, “Vose zvavo vachanyengerwa, pamusoro penyika, avo vane mazita asina kunyorwa kubva pamavambo enyika.” Ngationei.

Zvino chikara chaivepo, uye chisisipo, (ndima 11) uye zvakadaro ndiye worusere, uye... wechinomwe, uye unoenda kunoparadzwa. (Iye achenderera mberi kusvikira asvika mugomba risina magumo pakupera kwenzira.)

*Nyanga dzine gumi dzawaona ndiwo madzimambo
ane gumi, . . .*

Zvino tarisai pano. Kana uchida kuona chimwe chinhu chinokatyamadza, tarisa izvi.

*. . . madzimambo ane gumi, achigere kupiwa hushe;
asi vachapiwa simba semadzimambo pamwe chete
nechikara nguva imwe.*

⁷¹ Havana kugadzwa kuve madzimambo; vadvinyiriri. Munoono, havana kumbobvira vagadzwa samambo, asi vakagamuchira simba semadzimambo, nguva imwe chete, mukutonga kwechikara. Zvingori munguva ino duku ine mumvuri iko zvino apo vadvinyiriri vari kusimuka. Maona? “Vanogamuchira simba samambo, nguva imwe chete nechikara.” Zvino, zvakanaka.

*Ivo vane ndangariro imwe, vanopa chikara simba ravo
nohushe hwavo.*

*Ava vacharwa neGwayana, zvino Gwayana
richavakunda: (Kubwinya!) nokuti iro ndiro Ishe washe,
naMambo wemadzimambo: naivo vanaro vakadanwa,
vasanangurwa, nevakatendeka.*

⁷² Ndinoshuva dai ndaikwanisa kuparidza mharidzo iko zvino pane izvozvo, “Vakasanangurwa, nyika isati yavambwa, uye vachigara mukutendeseka pakudanwa kwavo.” Hareruya! Ndizvozvo. “Vanodanwa, vasanangurwa, uye vakatendeka.” *Uye* chibatandizo, munoono, “Vasanangurwa, uye vakatendeka.” Vachamukunda. Hazvina basa kuti vanokura zvakadii.

⁷³ Zvino communism huru iyi, mafambiro ecommunism atinawo nhasi, musanetseke pamusoro pazvo. Zviri kushanda chaizvo zviri mumaoko aMwari. Ndinogona kuzviratidza neBhaibheri iri. Achaita kuti atambudzike pamusoro pevatsvene vose vaakambouraya. Hongu, changamire. Tarisai madzimambo aya achiwirirana pamwe chete, uye vachamuvenga. Zvino nyika yose, pasi rose, zvichitsvairwa necommunism. Handiti, kunofanirwa kunge kuri kufamba kwaMwari, kuti airange. Imi moti, “Mirai zvishoma, Hama Branham. Communism, kufamba kwaMwari here?” Zvemazvirokwazvo, ndizvo chaizvo, kufamba kwaMwari. Bhaibheri rakataura kudaro. Asi iri kufamba kuti itaure kutongwa pamusoro pevanhu vasina humwari uye vehupombwe vanonyadzisa. Chii chasara munyika ino? Chii chatinacho? Pano rimwe zuva . . .

⁷⁴ Ndichamira pachidzidzo changu kwekanguvana, kana zvikakwanisika. Ndanga ndichiverenga pane chidimbu cheGwaro apo panonzi mwana wehupombwe haagone kupinda muungano yaShe kwezvizvarwa gumi nezvina. Vangani vanozviziva izvozvo? Ndizvozvo chaizvo, Deuteronomio 23; mwana wehupombwe. Kana mukadzi akabatwa mumunda, apa ari, kure nokuchengetedzwa nevanhu, zvino murume obva

akurira mudzimai iyeye, murume uyu anofanirwa kumuroora. Zvisinei kana akazove chipfeve, aitofanirwa kugara naye kusvikira iye murume afa. Zvino kana mudzimai uyu akaroorwa naye, zvichiita sokuti iye imhandara, uye asiri, zvino anogona kuuraiwa nokuda kwazvo. Zvino kana murume akaroorwa nomukadzi akaroorwa, zvino vobereka mwana wehupombwe, iyeye, haakwanise kupinda muungano yaShe, kwezvizarwa gumi nezvina. Zvino makumi mana emakore ndicho chizvarwa. Zvino anenge ari makore mazana mana chivi ichi chisati chabuda muIsraeri.

⁷⁵ Mwari vanovenga chivi! Unotarisira sei kufamba nepamusoro peRopa Dzvene raIShe Jesu, nokuda bedzi kwekuti unobva kune rimwe sangano, wotarisira kupinda mukati? Uchatouya maererano nezvinodiwa naMwari kana kuti hauzi kuzouya zvachose. Ndizvozvo. Mudhikoni, muparidzi, chero chii chatingave zvacho, hazvinei nechekuita nazvo. Unouya maererano nezvakatarwa naMwari.

⁷⁶ Zvizvarwa gumi nezvina. Munhu wacho agere pano zvino aikurukura neni pamusoro pazvo. Ati, “Tichaziva sei kuti ndiyani achaponeswa zvino?”

⁷⁷ Ndakati, “Apa ndipo paunofanira kunge uri muCalvinisti akanaka.” Zita rako rakaiswa muBhuku nyika isati yavambwa. Mwari vanotora muhwezva weropa iroro. Zviri kwaAri. Maona?

“Asi izvozvo zvinei . . .”

⁷⁸ Tererai. Imi vanhu vechidiki, nhasi, handizivi kuti munouya pachechi pano here, kana kuti kwamunobva, imi vakomana vechidiki uye nevasikana. Munocherechedza here, zvinhu zvamuri kuita, kana pane chimwe chizvarwa, vana venyu vachatongwa nokuda kwezvamunoita? Hamuremekedzewo here kuzvibata zvakadzikama? Imi vasikana vari kunze kuno makapfeka izvi zvikabudura zviduku uye nezvimwe kuno, munoziva, izvozvo zvichazoratidzwa pamwanasikana wako. Unoziva here kuti ambuya vako vaive nze—nzenza, uye mai vako vari musikana wemakorasi, zvino ndochikonzero uchikumura hanzu nhasi? Ndizvozvo. Ko vana vako vachazovei? Hongu, changamire. Mwari vakati vachashanyira kusarurama kwevabereki pamusoro pevana nevana vavowo, kusvikira kuzvizvarwa zvitatu kana zvina.

⁷⁹ Zvino munocherechedza here, hama yangu, nguva yose yaunoita izvo zvakanaka, zvichazoitirwawo vana vako?

⁸⁰ Tarisa kuno, ngatitorei vaHebheru, chitsauko 7. Bhaibheri rakati, apo—apo Merikizedheki akasangana naAbrahama paaibva kunouraya mambo, achibva amuropafadza, uye Rakati, zvino, “Revhi . . .” Ari kutaura nezvekubvisa chegumi. Akati, “Revhi akange ane rairo kubva kunaShe kuti agamuchire chegumi kubva kuhama dzake. Zvino Revhi akagamuchira chegumi, akabhadhara chegumi, nokuti akange achiri muchiuno

maAbrahama apo paakasangana naMerkizedheki.” Zvino Abrahama aive ari baba vasekuru vake. Abrahama akabereka Isaka, Isaka akabereka Jakobho, Jakobho akabereka Revhi; Revhi, baba, sekuru, baba vasekuru. “Zvino apo Revhi paaive ari muchiuno chaAbrahama,” Bhaibheri rakati, “akabhadhara chegumi kuna Merikizedheki.” Hareruya!

⁸¹ Usambofa wakaudzwa nemumwe munhu kuti pane hurongwa munyika hunogona kukanganisa vhiri guru raMwari. Riri kufamba richienda mberi! Zvaive zvakarongwa kumashure uko pakutanga. Hapana madhimoni kana madhimoni akakwana anokwanisa kukanganisa hurongwa hwaKe.

⁸² Zvino, Bhaibheri harina kuti “neimwe nzira” akatochibhadhara. Bhaibheri rakati, “Akabhadhara chegumi,” paaive ari muchiuno chababa vasekuru vake. Girori! Ndiye Ishe wangu. Oo, Aizviziva, kunyangwe, nyika isati yavambwa. Aiziva zvinhu zvose. Zvino muna Abrahama, akabhadhara chegumi.

⁸³ Zvino hanzvadzi, hama, ko unomhanyirei kunze kuno, uye vanhu vanorarama pamwe nokumhanyidzana nevakadzi vevanhu, uye madzimai achiputsa dzimba, muchirarama nenzira yamunoita, ko munotarisisira kuti chimwe chizvarwa chinovei? Hezvinoini zvazviri. Zvasvika zvino pekuti hapana zviripo asi ringori boka rehupombwe, rakazvarwa zvisina hunhu, boka rakaora. Zvino pane chinhu chimwe bedzi chasara kwariri, zvino ndiro zuva reatomiki ratiri kugara mariri. Ndzivozvo chaizvo. Tiri panguva yokuguma.

⁸⁴ Ndigere mangwanani ano, seri uko kumakomo eKentucky, kamwe kamukomana kadiki, hawaimbokwanisa kusvika mafiti angaite gumi paari, kubva pakugadzira bota remapfunde. Pamwe asingamboziva kuti ruoko rwekuruboshwe kana kurudyi nderwupi. Apo paakanzwa . . . Ndaive ndiri panzvimbo inorambidzwa. Handina kuziva kwandaive ndiri. Ndakange ndingori mune mamwe makoronga. Zvino ndaienda ikoko kundovhima tsindi. Zvino pandakagara pasi kumusoro uko, ndakatanga kutaura naye. Zvino mukomana uyu akati anga ari kuzoenda kunove mumauto. Zvino ndakatozoono kuti, takazotanga kutaura nezvaShe, uye akati, “Muparidzi, hamutende here kuti tiri mumazuva okupedzisira?” Seri uko pamusoro peaya makomo.

⁸⁵ Ndikati, “Chokwadi, isu tiri. Chokwadi, mwanakomana, tiri mumazuva okupedzisira.”

⁸⁶ Zvino tiri pano. Ndiyo nguva yatiri kurarama, hama. Tiri munzvimbo yacho. Haugone here kuona kuti anamai kareko, navanababa, kuti vairarama sei, vanasekuru navanambuya? Hamugone here kuona kuti baba nanamai vakararama sei? Ndosaka tiri mukuora nhasi. Ndosaka, unogona kuparidza kusvikira musoro wako wabva; vanopfeka zvikabudura zvakangodaro, uye vogokusvipira kumeso. Vanoputa fodya

uye vogoifuridzira kwauri chaiko, zvino voti, “Hazvinei newe.” Sei? Nokuti ndirwo rudzi rwavakabuda marwuri. Ndichasvika kwazviri, zvakangananga, *Mbeu YeNyoka*. Tichaona kuti vanopinda papi, toona kuti sei vachiita zvavanoita. Vana vadhiyabhore kubvira nyika ichivambwa. Ndizvozvo chaizvo. Uye hatina zvimwe, zvasarira kwairi, saka chinhu choga changosara kutongwa. Hapana chimwezve chingawanika kunze kwekutongwa. Mwari vachangotsvaira zvinhu zvacho zvose. Zvino munhu ndiye akazviita pachezvavo. Mwari vakange vasingade kuti zvinge zvakadaro, asi Aiziva kuti zvichave saizvozvo. Ndicho chikonzero Akati aizo, “Nyengera vose vanogara pachiso chenyika, kusara kweavo vane mazita akanyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa.”

⁸⁷ Ngatizvitarisei. Tiverenge pamberi zvakare. Zvino, zvino ndinotenda tave pane yechi 12.

Nyanga dzine gumi dzawaona, ndiwo madzimambo ane gumi achigere kupihwa hushe; asi vakapihwa simba semadzimambo pamwe chete nechikara nguva imwe.

Ivo vachava nendangariro imwe, uye vanopa chikara simba ravo nehushu hwavo.

Ava vacharwa neGwayana, Gwayana richavakunda: iro ndiro Ishe washe, uye naMambo wemadzimambo: naivo vanaro ndivo vanhu vaka—vakadanwa, vasanangurwa, nevakatendeka.

Zvino akati kwandiri, Mvura yawaona, inogarwa nemhombwe, ndivo vanhu, . . . mhombho, . . . namarudzi, nendimi.

. . . nyanga dzine gumi dzawaona pachikara, ndivo vachavenga mhombwe, . . .

⁸⁸ Tarisai izvi zvino, idzi “nyanga gumi,” humambo gumi uhwu. Munooni, ndizvo zvose zvichiva saizvozvo, izvo zviri vadvinyiriri ava. Tarisai uko kwakarerekera vadvinyiriri ava. Zviri kurerekera kupi? Ingo—ingondiudzai mudzvanyiriri asingarerekere akananga kucommunism. Maona? Zvino vacha (dini?) venga “mhombwe,” mudzimai, kereke. Asi chii? Tarisai kuti chii chichazviita.

. . . ndivo vachavenga mhombwe, ava vachaiparadza nokuitorera nguwo, vachadya nyama yayo, nokuipisa nomoto.

⁸⁹ Vachaputitsa chinhu ichi kubva pamepu, zvingori mazvirokwazvo sekumira kwandakaita pano. Dai tanga tine nguva yekutora chidzidzo ichi ipapo chekereke iyoyo, zvino tomhanya nacho kubudikidza nemuMagwaro, ipo paRinoti, kuverenga, “Ose madzimambo enyika ino, nevose vakuru vezvikepe, uye nevose, vaiungudza, nokuti Bhabhironi guru

rasangana nekuparadzwa kwaro muawa imwe.” Awa imwe, nguva yake yanga yasvika! Zvino, oh, iro Rinoti, “Farai, imi vatsvene, uye nemi mose vaporofita vatsvene, nokuti Mwari atsiva ropa revatsvene uye nehama dzenyu pamusoro pake.” Munoono, ndizvozvo chaizvo. Chokwadi, communism iri kutamba iri mumaoko aMwari chaimo. Zvakangofanana naMambo Nebhukadhinezari aitamba ari mumaoko chaiwo, kuti auye azatora maJudha, pavakafamba vachienda! . . . ? . . .

⁹⁰ Zvino chivi chakaramba chichiwodza, mbeu yakarurama inogona kuramba irimo zvino mbeu inogona kuramba ichiora, uye ichiora nekuora kusvikira mushure mechinguva inopera. Zvinosvika panzvimbo, nokuti anamai nanababa vavo uye nevakadaro vakararama zvakadaro kumashure kwedu, uye nenzira iyoyo, kusvikira hapana chazosarira isu. Zvino munoziva kuti Jesu wakati kudii? Dai Asina kudimburira basa achiripfupikisa, hapana kana nyama imwe yaiponeswa.

⁹¹ Muri kuona here? Muri kuona kuti sei tine izvi (Handizi kuita chitaurwa.) ZvaArthur Godfrey, uye nevamwe vose, munoziva, munoono, nezvaElvis Presley, ne—nekurembedza hudyu pasi, mahovhorosi, nebvudzi rakaremba kusvika muhuro mavo, uye nezvimwe zvose, zviri kuitwa nevehidiki ava? Chii chinozviita izvozvo? Chimbori chii ichocho? [Hama Branham vanogogodza papurupiti kagumi nerimwe—Mupepeti.] Nokuti zviri kubva muboka revanhu vakambofanorarama kumashure, vohupombwe. Hapana chasara! Oo, vanomira vachiimba, “Pedyo, neMi, Mwari wangu,” samubvakure Ernie nevamwe vose vakadaro, vanoimba imwe nziyo yokunamata, nezvimwe zvakadaro saizvozvo. Hama, munomboziva chii? Izvozvo, ndiko kunyengerera chaiko. Hongu, changamire.

⁹² Munhu uyu haana basa papurupiti pano anobuda kunze uko woita zverock-and-roll neboogie-woogie uye nezvimwe zvinhu zvose zvakadaro. Haana kana nechidimbu chekuita kuseri kuno. Pano ndepehuprisita, vakadanwa naMwari. Vashumiri vakadanwa naMwari ndokwavo kuseri kuno. Uye hakusi kwavo kuseri kuno kwevakadaro. Ndiro dambudziko razvo nhasi, vakaita chechi seyakafanana neimwewo kirabhu. Kirabhu yakanaka, munoda kuita izvozvo, zviri kwamuri. Asi regai ndikuudzei, pane mutsauko mukuru pakuedza. . . pakati pekirabhu nechechi. Hongu, changamire. Munoda kuita zvinhu izvozvo mukirabhu, zvino mova nemhandzo dzose idzodzo dzemapati nezvimwe zvakadaro, zviri kwamuri. Asi, hama, chechi inofanira kutsvairwa kubva papurupiti nzira yose kusvikira mukamuri yezasi. Ndizvozvo chaizvo. Handireve kutsvairwa nemahwindo matsva nezvakadaro. Ndinoreva rumutsiriro rwechinyakare, rwakatumba naMwari rwuchiparadzira chinhu chaicho kubva pane rimwe divi kuenda kune rimwe. Hongu, changamire. Kunge kubatidza chiedza, kubatidza chiedza chemagetsi pane boka remapete

akamomotera muguri weapurosi. Hongu, changamire, anotiza kana chiedza chabaka.

⁹³ Zvino tarisai, “Vane pfungwa imwe, vanopa simba ravo.” Ndave zasi pachu zvino. “Nyanga dzine gumi.” Hongu, zvino.

Nokuti Mwari vakaisa mumoyo yavo kuti vaite kuda kwake, (hezvoka apo), vave nokurangarira kumwe, vave chikara hushe hwavo, kusvikira mashoko aMwari aitika.

Zvino, mukadzi wawaona ndiro guta guru, rinotonga madzimambo ose enyika.

⁹⁴ Zvino, hapasisina chikonzero chekutenderera, tinoziva kuti ndihwo hurongwa hwezvinzvimbo zveKatorike. Hapasisina basa rekuti munhu. . . ndi—ndinozvitenda izvozvo zvakasimba sekungotenda kwandinoita kuti ndakagamuchira Mweya Mutsvene. Ndinozvitenda izvozvo sekungotenda kwandinoita kuti ndiri Mukristu amire pano nhasi, kuti hurongwa hwezvinzvimbo zveKatorike ndihwo—ndihwo. . . Guta reVatican ndiro gu—guta rigere pazvikomo zvinonwe. Hurongwa wechechi ndicho chikara chaivepo, chisisipo. Ndiyo Bhabhironi. Ndiyo zvese zvakafananidzirwa chaizvo—izvo, zvakangokwana nzira yese nemuMagwaro. Ndiyo chechi yeKatorike.

⁹⁵ Zvino, zvino pano ndipo pachakukatyamadzai. Munoti, “Zvakanaka, hamusi kundirova, Hama Branham.” Asi rega ndingokubvunza chimwe chinhu. Ngatidzokerei shure uko kundima yechi 5.

Pamusoro pemusoro wake pakanga. . . pakanyorwa, BHABHIRONI RAKAVANZIKA, GURU, MAI VEZVINONYANGADZA. . . AMAI VEMHOMBWE UYE NEZVINONYANGADZA ZVENYIKA.

⁹⁶ Aive chii? C-h-i-p-f-e-v-e. Uye aive a-m-a-i. Chii? A-m-a-i. Aive abereka chimwe chinhu. Amai vevanakomana? Vemhombwe! Mhombwe chii? Zvimwe chete ne—nechipfeve, mudzimai asina hunhu. Chii chakaita kuti ave asina hunhu? Dzidziso yake. Ainyebedzera kuve chechi yeChikristu, asi aigovera chitendwa chakagadzirwa nevanhu. Zvino pano anotaura kuti akanga ane. . . Kana ari iye sanganu rokutanga, zvino zvinoratidza kuti pane mamwe masanganu akabwa maari. Aive mai vemhombwe. Ndizvozvo here? Amai vemhombwe. Haakwanise kuve mai, zvino, vevakomana. Haakwanise kuve amai. . . Aifanira kuve ari mai vevanhukadzi. Zvino, kana vaive madzimai, vaive machechi. Zvino ngationei. Icho chakabuda mune. . .

⁹⁷ Ko nderipi raive sanganu rokutanga? Chechi yeKatorike. Ko nderipi raive sanganu rechipiri? Luther. Ko nderipi raive sanganu rechitatu? Zwingli. Rakazodzika rikavei? Calvin. Zvino ipapo ndokuuya muAnglican, zvino Anglican ndokudzika kupinda muMethodisti. Methodisti, chii chakaburitswa

neMethodisti? Kubva imomo kwakauya Alexander Campbell. Kubva muna Alexander Campbell kwakauya John Smith. Kubva . . . Alexander Campbell ndiyo Christian church; zvino, vakambenge vave nemachurch of Christ mana kana mashanu, uye nezvimwe zvose zvitendwa zvidiki zvakabudamo. Zvino hepapo pakazouya chechi yeBaptisti, yakave netumapoka tuduku tuzhinji twakabudamo. Zvino kubva muhechi yeMethodisti kwakauya . . . kubva muhechi yeMethodisti, kwakauya, kutanga kwakauya Methodisti ya Wesley, zvino ndokupamuka kana kana kashanu. Zvino ndokubva vave neimwe mhando yeMethodisti, zvino ndokubuda zvakare, zvino ndokuzouya kuva Free Methodisti. Zvino—zvino vakabva ipapo ndokuenda kuve Nazarene. Zvino kubva kuNazarene ndokuenda kuPilgrim Holiness, zvino Pilgrim Holiness ndokuenda zvichidzika. Zvingori zvitendwa zviduku zvichingobuda zvakadaro, zvichiramba zvichimhanya zvichidzika, imwe neimwe yeduku dzaitanga—dzaitanga shure uko yakanyatsouya ichidzika. Ko imwe neimwe yadzo yakaitei? Zvino yakapedzisira yapinda muPentekosti.

⁹⁸ Saka Pentekosti yakaitei? Zvimwe chete zvakaitei naamai vavo, vakadzokera shure chaiko ndokuita sangano. Zvino yakazovei? Sa—sangano. Pinda mune rimwe, chinhu chokutanga, “Dzidziso yako ndeipi?” Vakomana, vanonyatsokukama nekamu ine mazino akatsetseka, munoona, kuti vaone kuti iwe uri chii, chii chaunotenda. Saka kana ukasangoenderana navo, hama, unobva watodzingwa iko zvino. Uye ndizvo chaizvo.

⁹⁹ Saka usafunge kuti nokuti unoti uri muPentekosti zvino wakachengetedzeka. Hama, pachava nemaPentekosti akawanda zvimwe chetezvo achapotsa nzira seayo ari munzira, ndine chokwadi. Maona?

¹⁰⁰ Zvino, masangano ose aya, dai vakangosiya ropafadzo rePentekosti richienda mberi, kwete kuriita sangano, kungorichengeta pahukama hwehama uye vosiya Mweya Mutsvene uchipatsanura. Mweya Mutsvene unopatsanura. Anania naSafira vakauya imwe nguva, ndokuti *zvakati-nezvakati*; zvino Mweya Mutsvene ndokuti, “Ko sei manyepa?”

¹⁰¹ Asi tinoti, “Zvino, ndiHama Jones, musambotaura chimwe chakaipa pamusoro pavo zvino, ndivo mubhadhari mukuru watinaye muhechi. Ndinoziva kuti vane Mweya Mutsvene; Ndakavanzwa vachitaura nendimi, uye ndakavaona vachidanidzira muMweya.” Izvi hazvina kana kumbosiyana nekudurura nyemba paganda remombe rakaoma. Maona? Hazvina kana nechingu chekuita nazvo. Mwari ndiye anotaura. Ndiye ane chekutaura kuti akadaro here kana kwete. Chaizvoizvo. Asi takazvitora kuenda nazvo kusangano redu. “Zvino, takamudziringira kunze kwe—kunze kweAssemblies, veOneness vachibva vamutora. VeOneness vanombomutakura

kwechinguvana, zvino vozomudzingira kunze. Nokuti, vanomutakura kunosvika apo, zvino veJesus Only vanomutura. VeJesus Only vanomutakura kwechinguvana, zvino tevere otorwa nevechurch of God, vanomutura. Church of God of Prophecy inomutura, zvino veTomlinson move vanomutura.” Oo, ini zvangu! Hama, zvino kana tisati tave kuda kutopererwa! Ndeumo muPentekosti, rumutsiro rwekupedzisira. Iko zvino vave neBlue Flame, uye zvino vave nevanamati vemafuta, neve—neveropa kumeso. Zvino, oo, ko chii nhai, handizivi kuti vaenda kupi zvino.

¹⁰² Chinhu chimwe bedzi, kuti zvinhu zvose zvakasvika pakuwora. Munoziva here kuti Bhaibheri rakati zvaizosvika pakuwora? Munoziva here kuti bha—Bhaibheri rinotaura nezvezuva ranhasi, kuti richave pano, apo matafura aShe achange akazara nemarutsi? Uye ndokuti, “Ndiyani waNdingagona kudzidzisa dzidziso? Ndiani waNdichaita kuti aNdinzwisise? Nokuti chirevo chinofanira kuva pamusoro pechirevo, chiri pamusoro pechirevo, pamutsara uri pamusoro pemutsara.” Ndiyani waAngadzidzise dzidziso? Avo vakarumurwa kubva pazamu, raamai. Maona?

¹⁰³ Zvino, hapana—hapana mudzimai, mudzimai asina hunhu muguta rino asi anogona kuzvara mwanasikana mhandara. Ndizvo zvaatori paanzvarwa, zvino, anogona kuenderera akanaka. Asi mukasacherechedza, kuti amai vake vaive nehunhu ihwohwo, musikana iyeye, kapfumbamwe kubva mugumi, achazongoita zvakaitwa namai vake. Zvino, munozviziva kuti ndizvozvo. Mudzimai akura anoita zvemashabhini, anogona kubereka kamusikana kaduku. Anogona kunge ane makore gumi nematanhatu okuberekwa, angori akachena uye ane hunhu sehapa, asi, kana akaramba akadaro. Asi, nyaya yacho ndeyekuti, anozodzokera oita saamai vake.

¹⁰⁴ Zvino, chechi yeKatorike ndiyo chipfeve chekare chokutanga chakauya nedzidziso dzachakazvigadzirira choga, zvokungofungidzira, izvo, Bhaibheri rakati, “Akabva mumakomba akadzika-dzika zvino achadzokera mukuparadzwa.” Bhaibheri rakataura kudaro. Zvino, kana vachidzidzisa izvozvo, zvakatsveyama. Zvakatsveyama, maererano neShoko raMwari. Zvino hepanoi panouya chechi yeMethodisti, yakaberekwa kubva mairi, mudzimai wechidiki akanaka, asi chii chaakaita? Akabva adzokera akaita zvinhu zvimwe chete zvinoitwa naamai vake. Anorega ungoro yake ichipfeka zvikabudura. Anovarega vachiputa midzanga. Ovasiya vachingoenderera nekuiita sezvavakafanira. Hapana chinotaurwa nezvazvo. Kamufundisi kaduku kambodza kari seri kumashure uko, kumashure kwepurupiti uko, anotya kuti anozoshaya muhoro rimwe zuva, kana pani yemabhisikiti.

¹⁰⁵ Rega ndikuudze, hama, ndinosva hangu ndaparidza Evhangeri, ndichidya zvipapata uye nokunwa mvura

yemukahova, zvino ndichitaura Chokwadi pamusoro pazvo. Kana munhu wose weungano yangu akabuda panze achienda, ndichavaudza Chokwadi pamusoro pazvo. Hongu, ndizvozvo.

¹⁰⁶ Ko chii chanetsa? Oo, inyaya yemuhoro. “Zvino, munoziva, ndini mufundisi wechechi hurusa iripo muguta rino.” Imi maBaptisti uye nemi maMethodisti munoteerera muporofita wenhema. Zvino, izvozvo zvakakwasharara, asi chinhu chose chinodzidzisa zvinopesana neBhaibheri iri muporofita wenhema. Handina basa kuti zvakakwenenzverwa zvakadii, chiporofita chenhema. Ndizvozvo chaizvo.

¹⁰⁷ “Oo, zvinhu zvose zvakaringana chero bedzi zita rako riri mubhuku.” Unogona kuve nezita rako riri mumabhuku dhazeni. Kana risiri muBhuku roHupenyu, wakararika! Unogona kunge wakanaka chaizvo, unogona kunge wakatendeka uye wakachena uye nokuzvibata kwese sekwaungave, hazvizombova nechinhu chimwe chete chekuita nazvo.

¹⁰⁸ Esau aive muchinda akapetwa kaviri pane zvaiva Jakobho, kana zvasvika pakuve murume, achichengeta baba vake mutana aive bofu uye nezvimwe zvose. Zvino Jakobho aive muduku anonyara-nyara achigarira pedyo nepaapuroni yaamai vake, kamukomana kaduku kainge mukadzi. Asi Mwari vakati, “Ndinoda Jakobho uye ndinoramba Esau,” kunyangwe mumwe wevakomana ava asati aberekwa. VaRoma 8 inotaura saizvozvo. Ndizvozvo chaizvo.

¹⁰⁹ Mwari vanoziwa zviri mumunhu. Uye Vanoziwa zviri muchechiwo, zvakare. Tinorarama neChingwa cheHupenyu, Chingwa cheShoko raMwari. Zvino, ndosaka tisiri sangano.

¹¹⁰ Zvino ndinoda kukupai mumwe mudiki . . . ndinoda kukupai mufananidzo mudiki wandakanyora pano apa. “Huru . . .” Zvino muna Zvakazarurwa, 19:2. Ndinoda zvakanyorwa pano apa. Ndinoda kutarisa kuti ndione kuti chii zvino.

Nokuti kutonga kwake ndekwezvokwadi uye kwakarurama: nokuti wakatonga mhombwe huru, yakaoda nyika nehupombwe hwayo, akatsiva ropa revaranda vake paruoko rwayo. (Ndiwo magumo echechi yeKatorike.)

¹¹¹ Zvino, tinoda zvekare kuti mucherechedze, pano zvakare, kuti sangano—kuti sangano rinowanikwawo zvakare muMagwaro pano, kuti izvo. . . Zvino Bhaibheri harimbotauri nezvesangano. Sangano rakabva muchechi yeKatorike. Ndiyo amai vekutanga vesangano, zvino sangano rimwe nerimwe rakauya ndokudzika nepo. Zvino, izvi zvichati tswinyei zvisoma. Zvicharamba zvichiwedzera kutswinya nguva dzose, munoona. Asi ndi—ndinoda kuti muone kuti masangano haana kumbozvarwa kana kugadzwa naMwari. Akagadzwa nadhiyabhore.

¹¹² Kereke yaMwari iri . . . Hatina kupatsanurwa, tiri mutumbi mumwe; tariro imwe pamwe nedzidziso, vamwe murudo. Ndiyo Chechi yaMwari mupenyu. Zvisinei kuti ivo, zvinhu izvozvo, tiri vamwe pamwe chete! Ndizvozvo chaizvo. Zvisinei kuti muMethodisti kana muBaptisti, hama, kana akaberekwa patsva uye akazadzwa neMweya Mutsvene, ihama yangu. Tiri kufamba pamwe chete. Ndizvozvo. Hongu, changamire. Hazviite mutsauko.

¹¹³ Mosesi. Dzimwe nguva ndinotarisa uye ndoti, “Munoziva boka riya remipengo yemaPentekosti, Hama Branham, sei imi muchifambidzana neboka rakadaro?” Munoziva chii? Mosesi akatarisa pavana veIsraeri. Akatarisa nepahwindo rimwe chetero rakatariswa naro naFarao. Farao akavatarisa seboka revanaganyamatope, asi Mosesi akavaona sevasanangurwa vaMwari. Aiziva kuti vaive nevimbiso. Sei? Akazviziva neShoko. Uye nokutenda . . . Netsoka yake pachigaro, kuti ave Farao, nepasi rose riri patsoka dzake, ogara ipapo achidirwa waini mumuromo wake, uye madzimai akanaka achimufefetera, semutongi, kana mutongi ane chisimba, kana mambo wepasi rose, Mosesi muduku, pamakore makumi mana okuberekwa, zvaive muruoko rwake. Akatarisa kuboka iro ravanaganyamatope, asi aiziva kuti aive mumwe wavo. Hareruya! Ndizvo chaizvo. Aiziva kuti aive mumwe wavo. Zvino nokutenda, kwoga, akasarudza!

¹¹⁴ Munhu wose anotofanirwa kuita sarudzo. Unofanirwa kuita sarudzo. Uchaita sarudzo iko zvino. Uchaita sarudzo mangwanani. Uchaita sarudzo mangwana manheru, kana ukarama. Unofanirwa kuita sarudzo pane imwe nguva. Hama, kareko ndakasarudza. Bhaibheri iri raive duramazwi rangu. Bhaibheri iri raive Bhuku rangu reHupenyu. Bhaibheri iri raive Shoko raMwari. Bhaibheri ndiro randinorarama naro. Bhaibheri iri ndiro randinomira naro.

¹¹⁵ Naizvozvo, Mosesi akatarisa kunze kuvana veIsraeri. Haana chete kuti, “Oo, vanhu vakanaka kwazvo. Ini handina chandinopesana navo. Oo, kwete, handingade kutaura shoko rimwe rinopesana navo.” Ndiyo nzira inoitwa nevanhu vazhinji nhasi. “Oo, maPentekosti aya nevanhu vava vane Mweya Mutsvene, uye nevanhu vava vanotenda mukupodza kwaMwari, oh, ini—ini—ini handina chandinopesana nazvo.” Asi akanga asiri Mosesi. Akasiya Egipita uye akave mumwe wavo. Akaenda pakati pehama dzake. Aive mumwe wavo.

¹¹⁶ Hama, ndiko kwandinotora nzira yangu. Ndichatora nzira yangu nevashoma vaShe vakazvidzwa, kana vari vashoma, chero zvazvingave. Vane vimbiso, uye ndinoona mazita avo muBhuku reHupenyu reGwayana. Ihama dzangu. Ndizvozvo chaizvo. Tora sarudzo yako womira navo. Zvakanaka kana zvakaipa, ingomira ipapo zvakadaro. Kana vakatsveyama, vabatsire kune chakanaka. Ndizvo. Haumbogona kuvaita kuti

vave zviri nani nokuvakavira kwose-kwose. Munoono, edza kuvadhonzera kunze.

¹¹⁷ Charlie, sezvavakataura pamusoro peHama Allen, pamusoro pemoto ivo...ropa mumaoko. Ndakati, “Handina, handina kumboshora A. A. Allen.” Ndakati, “Dai ndaikwanisa kuparidza saA. A. Allen, handaizomboita shumiro yekupodza.” Zvino, kana zviri zvekupesana pamusoro peropa sekuti ndiro umbowo hweMweya Mutsvene, mumaoko ako, ndinopesana nazvo izvozvo. Asi kana zvauya pahukama hwehama, ihama yangu. Ndinomira naye tichitsigirana muhondo. Ndizvozvo chaizvo. Kana iye atsveyama, ndichaedza kumubatsira. Zvino kana asina kutsveyama, kana ndakatsveyama, ndinoda kuti iye andibatsire. Saka ndiyo nzira yatinofamba—yatinofamba nayo. Zvino tarisai pano.

...aive *BHABHIRONI, RAKAVANZIKA...MAI VEMHOMBWE...*

¹¹⁸ Zvino munoono kuti sei chechi muzuva ranhasi, shamwari, munokwanisa kuona here kuti machechi anhasi anongorarama nemararamiro avanoda? “Zvakanyatsokwana chaizvo, endererai mberi,” nguruve kudya imwe nguruve, havana basa nazvo. “Nhai, hazvina njodzi mukuita izvozvo. Handiti, muri kungoedza kuve vechinyakare.” Zvino tarisai dzidziso dzavo. Zvino ndinoda...Zvino tarisai. Ndiyo tsika yavo. Munoono here, kuti makore mashoma apfuura, kuti chechi yeKatorike ndiyo bedzi yaitenderwa kuenda kumabhaisikopo? Chechi yeMethodisti hayaimbofunga pamusoro pechinhu chakadaro. Masanganano ose, “Kwete! Aya mabasa adhiyabhore.” Ndinoshaya kuti chii chakaitika. Hongu, changamire.

¹¹⁹ Zvino imi munoziva, munogona kutora vasikana vadiki vechiKatorike, vanobuda kunze neizvi zvidiki...(Zvino, vamwe venyu vakomana vakura sekukura kwandaita)...makabuda kunze mukacherechedza pavakanga vane kanhu kadiki kanogumira pamabvi. Muchinda uyu, ndinodaira, ari kugehena, manheru ano. Handizivi. Handizi mutongi wake. Asi paakaita nziyo yake yokutanga duku yakaverevedza ichipinda paredhiyo, isina kana kumbopepetwa, yokuti, “Apetei, vasikana, apetei; apetei pasi uye muratidze mabvi enyu akanaka.” Vangani venyu vanorwurangerira parwakatanga kuuya, makore apfuura? Ndiko kwakave kupotsa kwakaitwa kekutanga pakare ipapo. Ndizvozvo chaizvo. Uye pavakawana muchinda uyu akabva kuTexas, uye ndokutora madzimai kunze uko zvino ndokushandisa hanzu dzavo dzomukati kuti dziratidzike kunge dzaive chimwe chinhu chadzaive dzisiri, uye nezvinhu zvakaita saizvozvo, ndokuvasiya vachiererera mberi pasina chavawana. Uye zvino chii chazvakaita? Zvakatanga kuverevedza zvichipinda. Mweya.

¹²⁰ Mumwe murume aitaura, rimwe zuva. Akati, “Handizive kuti ndichaita sei. Ndine mukomana akanaka, uye akatendeka, uye mukomana uyu asvika pekuti anatora chero chaangoisa maoko ake pachiri.”

Ndakati, “Sei?”

“Ari kutamba nembavha.”

¹²¹ Ukatamba nemumwe munhu ari mbavha, uchave mbavha newewo. Mai vangu vakwegura vekuKentucky vaigaroti, “Ukarara nembwa ine nhata, iwewe uchasimuka wave nenhatawo, zvakare.” Ukatora mu—ukatora mukadzi asina kunaka, zvino woita kuti... musikana, zvino womuisa pane mu—mukomana akanaka akadzikama, zvino chinhu chokutanga munoziva ane hasha sekambwanana. Zvishandure kune rimwe divi. Unozivikanwa nokuda kwevaunofamba navo. Zvipatsanure pachako! “Budai kubva pakati pavo,” Bhaibheri rakadaro, “ivai makapatsanurwa!” Ndizvozvo chaizvo.

¹²² Kana masangano avo adzokera pakuora kwakadaro kwekusiya vanhu vavo... Zvino, pano rimwe zuva, muchechi huru yeBaptist yakanaka, vakatozovhara. Vanongoparidza kwemaminitsi makumi maviri chete, murume wacho aidaro, nokuti mufundisi aifanirwa kuzoputa. Ungano yakabuda yose panze. Vose vakamira kunze vachiputa muzvikwata, ndokuzodzoka zvakare, mufundisi uye nevamwe vose. Ndakaenda kuchechi yeCongregationalist, ipapo mumwe murume aive amire, akapfeka gemenzi hombe refu, amire ipapo, ndokuti, akazembera papurupiti *seizvi*, achitaura pamusoro peimwe mhando yeruva raaive awana pamusoro pechikomo. Ndizvo kuda zvega zvaive zviripo ipapo, zvino ndokubva atobuda kunze. Zvino minwe yake yaive yakaita yero nehutsi hwefodya. Hongu. Uye achitaura pamusoro pekuti madzimai, kuti murume aizotamba... Mutambo upi wechiJerimani wavanotamba naizvozvo, zvekutoti iwe—iwe unoshandisa makasa, munoziva? Aive... Oo, ndafunga kuti ndichaurangarira. Pinochle, vaizove nemutambo wemakasa. Ndinofunga ndizvozvo. Hongu, ndizvo paunoshanda. Makasa amazuva ose avanotambisa. Mutambo wemakasa, mukamuri yepasi! Maiwe, zvangu! Ndipo pane nheyo yayo. Ndosaka! Vanozviitirei izvozvo? Zvino vozoita ruzha pamusoro pechechi yeKatorike kunze uko kunzvimbo dzeRotary vachitamba rotari. Nhai, imi maProtestanti mungori netsvina sezvavari, saka munotaurei pamusoro pazvo? Poto haigone kuti ketero ine “tsvina.” Hazvigoneke. Muri kuita izvozvo, zvino moti, “Saka, ndiri muPresbyteriani. Ndiri muMethodisti.” Hapana zvauri kusvikira wabarwa patsva. Ndizvozvo chaizvo. Zvino kana waita izvozvo, unoziva, pane chimwe chinhu mauri chinokuudza kuti zvinhu izvozvo zvakatsveyama, zvino unonyatsobuda mazviri zvechokwadi sekungoreba kusvika paibvi sedhadha. Munoziva

kuti ichi iChokwadi. Chaizvo. Hongu, changamire. Zvinhu izvozvo zvinoenderana mune izvozvo. Sei?

...AMAI VEMHOMBWE...

¹²³ Rimwe remazuva ano, mai vekare vachazoti, “Unomboziva chii? Futi, mudikani, tose takangofanana.” Uye munoziva kuti chii zvino? Mubatanidzwa wemaChechi achabatana ose pamwe chete sezvaari iko zvino. Zvino munoziva kuti chii chichaitika kuboka duku rakaita seiri? Muchazvibhadharira, vakomana. Ndizvozvo chaizvo.

¹²⁴ Asi musanetseka, Gwayana richamukunda. Nokuti iYe ndiShe washe, naMambo wemadzimambo, uye Mwari ndivo vanenge vachitungamirira Chechi yaVo, panzvimbo yesangano. Achadurura Mafuta aya endarama eMweya Mutsvene pamusoro peChechi iyoyo. Hama, Moto uchadonha kubva Kudenga, uye zviratidzo nezvishamiso zvichaitika, sezvamusati mamboona kumashure. Hongu, changamire. “Musatye, boka duku, kuda kwaBaba venyu kwakanaka kuti vakupei Humambo.” Hongu, changamire. “Uyo anotsungirira kusvika kumagumo!” Hezvoka izvo. Ramba ungori munzira. Chengetedza musoro wako wakananga Karivhari. Bhaibheri iri nderechokwadi. Musanetsekane.

¹²⁵ Zvino tarisai. Pane dzimwe tsika dzavanadzo. Humwe hunhu hwavainahwo. Tinogona kungoenderera mberi. Chinhu chokutanga munoziva, zvakararikira kumachechi echiProtestanti. Zvino madzimai eKatorike ndokutanga ku... Handiti, zvakange zvisisatyise kupfeka tukabudura tuduku, chero bedzi vachingoenda kuchechi uye voisa kahengechepfu kadiki pamusoro pavo. Imwe mhando yetsika, “Musadye chero nyama musu weChishanu.” Uye, oh, ndepapi pamakamboona kuiswa kwehengechepfu mumusoro wako kuti upinde muchechi? Ndinoda kuti undiratidze Gwaro. Chiporofita chenhema. Zviri papi pazviri muchechi apo paunofanirwa kupfeka ngowani muchechi? Kana ukapfeka ngowani pamusoro wako, unenge usingaremekedze Kristu, ndizvozvo; varume, ndivo vandiri kutaura pamusoro pavo. Vakadzi, mune chifukidzo, asi ndingapikisa ani zvake kuti andiratidze apo pazvakanzi ngowani kana hengechepfu. Ibvudzi rako! Zvino iwe wakaridimbura rose. Saka munotii nazvo? Oo, vanoti, “Ndezvechinyakare.” Kana zviri izvo, iBhaibheri! Uye Shoko raMwari nderechokwadi.

¹²⁶ Ndichitaura pano, nguva pfupi yapfuura, pamusoro pemudzimai akasuka tsoka dzaJesu, zvino ndokutora bvudzi rake, munoziva, uye—uye ndokudzipukuta naro. Ndakati, “Nzira bedzi inoita kuti mudzimai aite izvozvo, kutomira nemusoro wake kuti awane bvudzi rakakwana zasi ikoko kugeza tsoka dzaKe, kuti apukute naro.” Ndizvozvo chaizvo. Oo, ndizvozvo, zvinonyadzisa tichiona nzira ye...Pano, kunze kune chando,

achifamba-famba ane kabhachi kaduku kemvere saizvozvo, zvino muviri wavo wakashama uchioneka.

¹²⁷ Zvino woti, “Ko sei muchinhongerredza madzimai?” Munofanirwa kunhongeredzwa.

¹²⁸ Zvino imi varume munosiya madzimai enyu achiita izvozvo, hama, ini—ini handizive zvokufunga pamusoro pako. Zvino, ndizvozvo chaizvo.

¹²⁹ Zvino imi vafundisi, handifungi kuti muri pano. Asi mukaona muchinda wacho, muudzei kuti auye, muudzei, kuti andione. Maona? Kana iye asina kuremekedza kuna Kristu pane kuti asiye ungoro yake ichiita izvozvo vasina... Zvino iye... Vanogona kuzviita kunze uko seri kwake, asi kana akasavaudza nezvazvo, haasi muranda akakodzera waJesu Kristu. Ndizvozvo chaizvo. Haana kukodzera kuve muranda waKristu. Muranda waKristu anofanirwa kunge asingatye nokuti zvinobva muBhaibheri. Chaizvoizvo. Asi hevanoi avo, vanobuda kunze uye vonozviita zvakadaro.

¹³⁰ Uye zvakare, chinhu chokutanga munoziva, maProtestanti vakatozovitora. Imi maMethodisti akanaka, nemi maBaptisti, nemi maPresbyteriani, kana maNazarene, Pilgrim Holiness, uye nemi mose, chinhu chimwe chete, makanyatsobuda kunze, zvitanzhatu kune uyu, nehafu yedhazeni kune mumwe. Hezvoka izvo, “Mai vemhombwe.” Sangano rako, “Chero bedzi rakatangira kumuzinda, ko zvakaite mutsauko wei?” Maona? Zvine mutsauko wakanyanyisa wazvinoita. Harina kumbotangira, kuMuzinda *ikoko*. Rinogona kutangira kumuzinda kwenyu zasi kuno, asi kwete Uyo uri kumusoro Uko. Zvine chekuita nekwaunobva. Ichokwadi.

¹³¹ Zvino, handifunge kuti tine nguva yekutora chimwe ichi, pamwe regai ndichisiire mangwanani. Zvakanaka, regai titore chipfupi ichi chidiki. Tine, pano, “rubhabhatidzo mumvura.” Tinewo zvakare “kutemerwa,” uye, oh, zvinhu zvakananda. Saka regai tingatora ichi, ichi chidiki, chipfupi chezve “madzimai anoparidza,” uye totora ichi.

¹³² Zvino, zvino, mudzimai muparidzi, handidi kurwadzisa manzwiro ako, asi ndinoda kukuudza chimwe chinhu. Hauna kana kachimedu keGwaro rimwe chete, kana rimwe muBhaibheri. Hongu, ndinoziva kwawave kuenda, uye ndakatopedza zvako zvole, hongu, “Zvino vanakomana nevanasikana venyu vachaporofita.” Zvino, kana mufudzi wenyu asingazive kuti zita reku “kuporofita” rinorevei, iye—iye hapana chaanoziva. Haafanirwe kuva nechokuita ari seri kwepurupiti, achiedza kukuudza kuti uve muparidzi. Maona? Nokuti izvo, zvemazvirokwazvo, zvakarambwa kubva muna Genesi kusvikira muna Zvakazarurwa. Zvino regai ndikuratidzei izvi, munoono.

¹³³ Zvino ndinoda kuti muvhure kuna Timotio weKutanga 2:11. Ingovhurai pano uye tichazviona izvi zvino, uye tichazviona

izvi pano, zvakare, pana Mabasa 2 wenyu. Hongu. Zvino ingo—ingotererai pano kuti Gwaro rinotii pachidzidzo ichi.

¹³⁴ Zvino, mumwe munhu akaramba achiti, “Saka, Hama Branham, muri muvengi wemadzimai wakare.” Handizi munhu anovenga madzimai. Ini ndiri . . . handingoda kuona madzimai achiedza kutora nzvimbo isiri yavo.

Munorangarira kuHoward Shipyard kumusoro kuno, imwe yenzvimbo panogadzirirwa ngarava yakabudirira kwazvo pane dziripo kuno kuOhio River? Vakaisa mudzimai aitungamirira. Chitarisai zvakaikita.

Vakapa mudzimai kodzero yokuti avhote. Chitarisai zvakaikita.

¹³⁵ Regai ndikuudzei iko zvino. Kwete kungosvuura madzimai. Ndinoda kuti varume vanzwisise kuti murimo mazviriwo izvi zvakare. Asi regai ndikuudzei chimwe chinhu, hama. Nyika ino inyika yemadzimai. Ndichazviratidza kubudikidza newe, neMagwaro, nechero chipi zvacho chaungade kuti zviratidzwe. Izvi ndizvo . . . Chii chinoratidzwa pamari yedu? Mudzimai. Ndekupi kwainowanikwa? Muna Zvakazarurwa, pano, munomuona. Iye inhamba gumi nenhatu, zvakare, zvinhu zvose yakatanga; nyeredzi gumi nenhatu, mitsara gumi nemitatu, matunhu gumi nematatu. Gumi nenhatu, zvinhu zvose zvaive gumi nezvitatu, kubvira pekutanga. Inoonekwa muchitsauko 13 chaZvakazarurwa. Mudzimai, gumi nenhatu!

¹³⁶ Zvakare muna 1933, apo Ishe . . . Apo pataive tine musangano pano apo pakamira church of Christ iya iko zvino, imba yekare yeMasonic, chiratidzo chaShe chakauya kwandiri kumusoro kuno uye ndokufanoreva kuti “Jerimani ichasimuka uye yoisa Maginot Line iyoyo ipapo.” Vazhinji venyu munozvirangarira izvi. Uye kuti vaizove vakadzivirirwa imomo, uye vemuAmerica vaizorohwa zvakananyanya ipapo pamuganhu uyu. Uyezve ndokutaura zvaizotora nzvimbo, nezvaRoosevelt nezvimwe zvinhu, kuti aizokwikwidza sei uye nokuwana mukana wechina wekutonga. Nemazvo, chaizvoizvo nenzira yazvakazadzikiswa. Uyezve ndokuti motokari dzaizoramba dzichiita sezai, kusvikira nemazuva okupedzisira dzainge dzine chimiro chezai. Zvino ini ndikati, “Ichasvika nguva yokuti motokari idzi hadzaizofambiswa nechidhiraivho. Chichazove chimwewo chinhu chinozodzifambisa.” Ndidzo motokari dzavari kuunza iko zvino, dzinofambiswa nerimoti, kuitira kuchengetedzeka. Ndizvo. Hauzogona kupinda muguta . . . Zvino, nzvimbo inofambwa pamamaera makumi maviri, unogona kungoenda bedzi uri pamamaera makumi maviri. Haugone kudhumira imwe motokari, nokuti pane rimoti iri kutungamira. Munoono, zviri kungoenda zvakadaro, uye iko zvino. Zvino ndakati, “Rangarirai, muzuva iroro, nguva yokuguma isati yasvika, nguva yokuguma isati yasvika, kuti

mudzimai . . . Zvino, imi mose chengetai izvi zvakanyorwa pasi. Pachave nemudzimai mukuru, ane simba achasimuka, dzimwe nguva kuve Mukuru wenyika, kana mutongi ane chisimba, kana mumwe mudzimai ane simba muUnited States muno. Zvino ichanyura, pasi perunziro yemadzimai. Zvino, rangarirai, iZVANZI NAJEHOVHA.” Maona?

¹³⁷ Zvino iye akatsveyama. Zvino zvakazarurira nzira kunei? Regai ndikuudzei. Ivai vemweya. Regai . . . Zarukai. Tarisai. Sei iri kuita izvozvo? Kupa chechi yeKatorike nzvimbo yokuti ipinde. Maona? Munonamata idzi nyanzvi dzemutambo wemabhaisikopo uye nezvimwe zvinhu zvose zvakasiyana kunze uko. Munorangirira mharidzo yandakaparidza? Margie, unoirangirira, makore apfuura, pamusoro peku—kutapwa kweUnited States, kuti hurumende yeAmerica ibviswe. Uye kuti ndakati akasimuka muParis mushure mekunge tavaponesa ikoko kubva kumadzimai aya, waini nenguva yemafaro makuru. Zvino akazomhara zasi uko muHollywood. Zvino, pane kuti isu titumire kuParis kuti tiwane vasikana vanochechedzera, vave kutotumira kuno vawane vasikana ava. Chii chazvakaita? Zvakasvika . . . Hamaitendera vana venyu kuenda kumabhaisikopo, zvino akabva anyatsopinda muterevhizheni, ndokubva abudamo ndokusvibisa chinhu chacho chose, ndokunyatsomudziringira panze. Zvino hezvo tiri pano nhasi, vose vasikana nevakomana vaduku, vose vakangofanana nemhando dzevamwe ava vanoita mitambo paterevhizheni. Chii ichocho? Zviri kuvhura nzira. Vakomana, mudzimai mumwe chete ane mbiri yekushaya hunhu anogona kuendesa vanhu vakawanda kugehena kupfuura mabhawa ose aunogona kuisa muguta. Ndizvozvo chaizvo. Mutarirei achidzika nenzira asina kupfeka zvakana, hazvina basa kuti murume wacho ndiyani, kana ari murume akakwana ane hutano, akatarisa mukadzi iyeye anotofanirwa kunzwa chimwe chinhu chinopfuura nepamusoro pake. Zvino ingotendesekai. Handina basa . . .

¹³⁸ Ndave neMweya Mutsvene kwemakore. Haugone kutarisa mukadzi uye iye asina kunyatsopfeka . . . Ndi—ndinotakura kamuchinjikwa kadiki mumotokari yangu, vazhinji venyu makauona. Mumwe munhu akanditi, “Muri muKatorike here?” Kubvira rinhi maKatorike vari varidzi vemuchinjikwa? Muchinjikwa unoreva “Mukristu.”

¹³⁹ Zvana Mutsvene Cecelia mudiki wakare uye nezvimwe ndiwo munembo wechiKatorike. Hatitende mune zvinhu zvakadaro izvozvo. Tinotenda muna Kristu. Vane mhando dzose dzevanhu vakafa vavanonamata. Imhando yepamusoro yezvemudzimu. Zvese hazvo zvingori, kunamata vakafa. Hakuna chinhu chakadaro, kwete.

¹⁴⁰ Ndakabvunza muprisita uya. Ndikati, “Ko sei, zvino, kana . . . Petro aive papa wekutanga?”

Iye akati, “Ndizvozvo chaizvo.”

¹⁴¹ Ndakati, “Zvino sei Petro akati, ‘Hakuna mumwe murevereri pakati paMwari nemunhu asi Murume Kristu Jesu’? Zvino mune zviuru zvishanu zvevakadzi vakafa, uye zvimwe zvose, munovaita varevereri. Zvino chii chakaitika?” Hezvoka izvo. Havana mhinduro kwazviri izvozvo. Ndizvo chaizvo.

¹⁴² Zvino dzimwe dzedzidziso dzavo, dzidziso dzavo dzenhema, boka revaporofita vechiProtestanti venhema zvino vakauya uye ndokuzvidzidzisa, zvino imi vanhu vechiProtestanti muri kuzvikabira. Ndizvozvo chaizvo. Masangano nemhando dzerubhabhatidzo, uye nehurongwa hwakasiya-siyana uye nezvinhu zvamuri kupfuura nemazviri, zvinova zvisimo muMagwaro zvachose. Anotopesana nazvo, muRugwaro, asi imi munotopfugama pazviri. Ichokwadi.

¹⁴³ Zvino tererai kune izvi pamusoro pemadzimai anoparidza. Zvakanaka. Timotio Wekutanga, ndinoda Timotio Wekutanga 2:11. Zvino tererai zvaInotaura pano.

Mukadzi ngaadzidze nokunyarara nokuzviisa pasi kwose.

Asi handitendere mudzimai kuti adzidzise, kana kuti ave nesimba pamusoro pemurume, asi ngaanyarare.

¹⁴⁴ Handipiwe mhosva yekuriisa imomo. Ndine mungava wekukuudzai kuti ririmo imomo. Maona? Maona?

Mukadzi ngaadzidze nokunyarara nokuzviisa pasi kwose. (Kana imi makamboenda kuchechi dzeOrthodox uye mugovatarisa, munoona. Maona?)

Asi handitendere mudzimai kuti adzidzise, kana kuve nesimba (kuve mufundisi, mudhikoni, kana chimwe chinhu chakadaro) pamusoro pemurume, munoona, kuve nesimba pamusoro pemurume, asi ngaanyarare.

Nokuti Adhama ndiye akatanga kuumbwa, tevere Evha.

¹⁴⁵ Munoziva here? Zvino teererai, madzimai. Imi madzimai eChikristu akanaka, akarurama ndimi chinhu chakanakisa chingapihwe kumurume naMwari, kana kuti Angadai akamupa chimwe chakasiyana. Hongu, changamire. Maona? Mudzimai haana kumbenge ari pakusikwa kwepamavambo. Mudzimai haasi chinhu chakasikwa naMwari. Atori chinhu chakabva pamurume. Mwari akaumba munhu, ari zvose murume nemudzimai. Ndokuvapatsanura. Shure kwekunge murume atogara panyika uye atopa mazita kuzvipuka, uye atogara nguva refu pano, Akatora mbabvu kubva parutivi rwaAdhama, sechinhu chakatobviswa, zvino ndokugadzira mudzimai. “Adhama ndiye akatanga kugadzirwa, zvino tevere Evha.” Zvino tarisai.

NaAdhama haana kunyengerwa, asi mukadzi akanyengerwa akapinda pakudarika.

146 Mwari vakatora murume. Dhiyahbhore ndokutora mukadzi. Zvitarisei izvi, muchiso chaimo, chii chiri kuzviita nhasi. Tarisai kuChechi yaMwari chaiyo, inoti, “Jesu!” Antikristu anoti, “Maria!” Tarisai mweya yacho. Maona? Heyoka iyo. “Kaziwa Maria, amai vaMwari, wakaropafadzwa iwe pakati pemadzimai, zvino tinamatireiwo isu vatadzi zvino, uye nezuva redu rokufa. Ameni. Maria, namata!” Oo, ini zvangu, maiwee kani! Munoono, hepoka apo, “mudzimai,” mudziyo wadhiahbhore. Kristu, chinhu chinonamatwa, uye iYe oga! Hezvoka izvo. Hezvoka izvo.

147 “Adhama ndiye akatanga kuumbwa, tevere Evha.” Adhama haana kunyengerwa. Ko ungave sei nemufundisi wechidzimai, kana mudhikoni? Adhama haana kunyengerwa, asi mudzimai akanyengerwa. Akange zvirokwazvo... Haana kumbofunga kuti akanganisa, asi aive akanganisa. “Zvino mudzimai anyengerwa akapinda pakudarika.” Nokuti, iye, nguva dzose apo ma—mariro paanodzika nenzira, mudzimai akazvikonzera. Nguva yose inochema mwana, mudzimai akazvikonzera. Nguva yese inofa mumwe munhu, mudzimai akazvikonzera. Bvudzi rose rachena, mudzimai akazvikonzera. Zvinhu zvose, nerufu, mudzimai akazvikonzera. Zvinhu zvose zvakatsveyama, mudzimai akazvikonzera. Zvino momuisa kuve mukuru wechechi, mufudzi, oh, mubhishopi dzimwe nguva. Anonyadzisa.

148 Zvino regai ndimbopinda nemi pane iri, rimwezve, kwekanguvana. Maona? Zvino ngativhurei kuna Vakorinde Vokutanga 14:32 ikoko, zvino toona kuti Pauro anotii nechekuno uku, zvino tichaenda kune mamwe zvakare, muchinguvana. Zvino hatidi kukuchengetai kwenguva refu, nokuti munozoneta zvakananyanya zvokuti mangwanani munozotadza kudzoka. Zvakanaka. Ndinoda kuverenga. Vangani vanotenda kuti Pauro aive mudzidzisi akafemerwa? Zvino, rangarirai, Pauro akanyora izvi kuna Timotio zvakare. Maona? Kutu, zvino, vaKorinde Vokutanga 14:32. Zvino ngatichitangirai ipo pano, zvino totanga kuverenga pano, 14:34, ndinotenda.

Vanhukadzi venyu ngavanyarare mumakereke: . . .

149 Manzwa here zvaataura?

Vakadzi venyu ngavanyarare mumakereke: nokuti havatenderwe kutaura; asi vanorairwa kuti vazviise pasi, . . .

150 Mune zvinyorwa zvekumapeto epeji pane izvi here? Kana makadaro, dzokerai zvakare muone kana izvi zvisingatore Genesi 3:16. Apo Mwari vakaudza Evha, nokuti akateerera kunyoka panzvimbo yemurume wake, kuti murume achazomutonga mazuva ose ehupenyu hwake. Ko mukadzi angauye sei achitonga murume, ova mufundisi kana mudhikoni,

iro Bhaibheri rakati ngaave ari “mukuteerera,” sezvazvakange zviri pamavambo? Apo iYe...Mwari—Mwari haakwanise kushanduka. Haugone kuti Shoko ritaure chimwe chinhu *pano* uye chimwe chinhu *apo*. Haridaro. Chinhu chimwe chete nguva dzose.

¹⁵¹ Saka, kumavambo, ndiko kwaive, izvi zvisati zvapera, kana ndikawana mukana, ndinoda kukuswatanudzirai nyaya iya yo*Kuroorana NoKurambana*. Handisati ndambozviita muchechi ino nazvino. Asi tarisai sungano iyi yakapetwa kaviri. Imwe anoti mudzimai anogona kuroorwa; imwewo yakati havakwanise kuroorwa; uye iyi inoti *izvi, izvo*, kana *zimwewo*. Ingomirai zvishoma uye mugona kuti Bhaibheri rinoti kudii, kana tasvika kwazviri. Maona? Zvakanaka. Zvino tarisai apa.

*Vanhukadzi venyu ngavanyarare mumakereke: . . .
havatenderwe kutaura; asi vanorairwa kuti vazviise
pasi, sezvinorevawo murairo.*

¹⁵² Saka, muTestamende Yekare, havaimbobvumidzwa kutaura, nokuti Pauro ati pano havaibvumidzwa. Handizvo here? “Itai kuti vanhukadzi venyu vave vakanyarara. Ndiko kuteerera.” Zvino kana ukatevedza zvinyorwa zvako zvekumapeto epeji ipapo, zvinokudzosera kuna Genesi 3:16. Maona? Zvakanaka. “Pasi, sepassi pemurairo.”

*Zvino kana ivo...kudzidza chinhu, regai vavo...
ngavabvu—ngavabvunze varume vavo...kumusha:
nokuti chinhu chinonyadzisa kuti munhukadzi ataure
mukereke.*

Chii? . . .

¹⁵³ Zvino tarisai chibvunzo icho chiri paBhaibheri remumwe nomumwe wenyu, pamusoro peizvozvo, “Chii?” Chii chakaita kuti Pauro ataure izvozvo uye nokuita maitiro akadaro? Zvino, kana ukambowana matsamba akanyorwa nevaKorinde kuna Paul. Zvino, unogona kuawana mune raibhurari yose yakanaka, munoono, vaKorinde avakanyorerera kuna Pauro. Vakanyora ndokumuudza, shure kwekunge madzimai aya akange atendeuka...Vaive na—namwarikadzi ikoko, ainzi “Dhiana.” Zvino aive wekuEfesowo, zvakare. Zvino vaKorinde vainamata mumwe cheteyo, nokuti kwaive kunamata kwechihedheni. Zvino vakawana rimwe dombo mumunda rimwe zuva, rairatidzika kunge chimiro chemudzimai. Vakati, “Mwari mukadzi, zvino adonhedzera mufanidzo wake pasi kwatiri.” Zvino temberi yavo yaive iri pamberi kudarika temberi yaSoromoni, vakadaro, venhoroono. Oo, yaive yese yedombo rakakwenenzverwa, ine goridhe mukati; apo, temberi yaSoromoni yakange yakagadzirwa nemusidhari, ine mukati megoridhe. Maona? Zvino yaive yakaidarika nekure. Uye kuti, zvino, kana Mwari aive mu—munhukadzi, handiti, chokwadi, aigona kuve nevaprisita vechikadzi. Chokwadi, kana Mwari ari

mudzimai, saka muparidzi wechidzimai akanaka. Asi, Mwari Murume. Bhaibheri rakati Aive Murume, uye iYe Murume. Maona? Kana Mwari aive Murume, saka anofanirwa kunge ari murume.

Zvino cherechedzai pano, “Chii?”

¹⁵⁴ Zvino, vamwe vavo vapisita vechikadzi, pavakatendeuka kubva muchihedheni kupinda muChikristu, vakafunga kuti vaigona kuchengetedza nzvimbo dzavo sevaparidzi, vongouya voenderera. Kana vaiparidza uko nezvaDhiana, vanouya kuno uku voparidza nezvaKristu.

¹⁵⁵ Akati, “Chii? Shoko raMwari rakabva . . .” Ingotererai kune Izvi. Hama, ko vashumiri vanozviitirei? Ndimu 36.

Chii? ko Shoko raMwari rakabva kwamuri here? kana kuti rakauya kwamuri moga here?

Kana munhu achizviti ndiri muporofita, kana ndiri womweya (haatombosungirwe kunge ari muporofita; angori munhu ane mafungiro emweya), ngaatende kuti izvo zvandinokunyorera mirairo waShe. (Munozvitenda here izvozvo?)

Asi kana munhu, kana chero uyo asingazivi, ngaangove asingazive hake.

¹⁵⁶ Zvino, zvingori pachena sekuziva kwandinoita kuzviisa. Maona? Akati, “Kana munhu ari munhu wemweya, kana muporofita, achabvuma kuti izvi zvandanyora pano Mirairo yaShe.” Asi akati, “Kana iye—kana iye asingazozivi, ingomuregai asingazive.” Munoonu? Ndicho chinhu chega chamunogona kuita. Vachida havo kuenda mberi kwazviri, munofanira kungovarega vachienda, nokuti akazviona zvichitangira ipapo.

¹⁵⁷ Zvino mumwe mudzimai akandiudza, akati, “Oo, Pauro aingove muvengi wemadzimai wakare.”

¹⁵⁸ Aive asiri muvengi wemadzimai. Munoziva, Pauro aive muapostora, uye kucheche yeMarudzi. Tarisai pano. Munoziva here Pauro . . . Vangani vanotenda kuti ndizvo zvakaparidzwa naPauro? Ndizvo here zvaa—akataura pano? Zvino Pauro akati . . .

¹⁵⁹ Munoti, “Zvino, mirai zvishoma zvino, Hama Branham. Kwekanguvana chete! Zvino, bhishopi wedu anoti zvakanaka. Mutariri mukuru, weAssemblies, anoti zvakanaka. Bhishopi weOneness anoti zvakanaka.”

¹⁶⁰ Handina basa kuti vanotaura kuti kudii. Ndezvenhema! Uye ndakuudza kuti tichazirovedzera zvakasimba. Uye vaporofita venhema vanotaura saizvozvo. Nokuti Bhaibheri rakati, “Kana munhu achizviidza kuve wemweya, kana muporofita, ngaabvume kuti zvandinotaura Mirairo yaShe.” Zvino kana mweya wake usingapupurirane neShoko iroro, muporofita

wenhema, kubvira pakutanga. Ndingasva hangu ndave muvengi wemadzimai pane kuti ndive mudi wemadzimai, kuti nditende kuzvinhu zvakadaro, kuti ndiwirirane nezvinhu zvakadaro muChechi yaMwari, zvichipesana nezvakagadzwa naMwari. Zvino Pauro akati. . . Torai vaGaratia 1:8. Pauro akati, “Kana Ngirozi inobva Kudenga ikaparidza rimwe vhangeri risiri iri randakaparidza kwamuri, ngaave akatukwa.” Zvino uchaitei pamusoro paZvo?

¹⁶¹ Zvino munoti, “Ko paye paRinoti, ‘Vanakomana nevanasikana venyu vachaporofita,’ muna Joere, uye—uye apo Petro akazvitaure paZuva rePentekosti?” Ndizvozvo chaizvo.

¹⁶² Munoziva here, muTestamende Yekare, kuti nzira yega, uye nzira yega zvino, yokuti chero munhu hake akwanise kuuya musungano, kubudikidza, na. . . Abrahamana ndiye wacho akapihwa vimbiso, uye chi—chisimbiso chevimbiso chaive kubidikidza nekudzingiswa. Vangani vanozviziva izvozvo? Aive Mwari aisimbisa.

¹⁶³ Sehana yechiBaptisti, yakati, “Hama Branham, handiti, isu maBaptisti takagamuchira Mweya Mutsvene.”

Ndikati, “MakaUwana rinhi?”

Ndokuti, “Nguva yatakatenda.”

¹⁶⁴ Ndikati, “Pauro akati, ‘Makagamuchira here Mweya Mutsvene kubvira pamakatenda?’” Maona? Ndikati, “Zvino, imi maBaptisti huyai muwane mumwe waWo, zvino tigozotaura nezvechengetedzo Yekusingaperi nemi.” Ndakati, “Asi, zvino, munoUwana kupi saizvozvo?” Maona?

¹⁶⁵ Akati, “MakaUgamuchira here *kubvira* pamakatenda?” Vaive vatendi, zvino vaive nokudanidzira nemufaro nezvimwe zvose. Zvakadaro vaive vasati vagamuchira Mweya Mutsvene. Pauro akati vakanga vasati. Maona? “Makagamuchira Mweya Mutsvene here kubvira pamakatenda?”

Vakati, “Hatizive kuti kune chinonzi Mweya Mutsvene.”

Akati, “Saka makabhabhatidzwa sei?”

¹⁶⁶ Vakati, “Takabhabhatidzwa.” Asi, zvisizvo, munoona. Saka akatozobhabhatidzwa, zvakare. Zvakanaka.

¹⁶⁷ Zvino cherechedzai izvi zvino, kuti madzimai vaparidzi ava, pavakauya, vaifunga kuti vaizotora hutongi hwavo. Asi hazvitombotenderwi zvachose naMwari kuita zvakadaro. Uye regai. . . tichingori ipapo panyaya iyi pano, madzimai aya, munoona. Zvino izvi, zvino, akati, “Kana pane munhu pakati penyu, ari wemweya, kana muporofita, ngaabvume kuti zvandanyora Mirairo yaShe. Asi kana asingazive, ingomusiyai asingazive.” Zvino ndosaka izvo. . . tabhenakeri ino haimire ichigadza vaparidzi vechidzimai, madhikoni echikadzi, kana chimwe chinhu kuti mukadzi aite sehofisi yechechi ino, nemhaka yokuti iri Gwaro riri pano uye riri pachena.

168 Zvino, Bhaibheri rakati, “Vanakomana nevanasikana venyu vachaporofita.” Zvino, izwi rokuti *kuporofita* rinorevei? Ritarisei. Rinoreva “kutura chimwe chinhu, uri pasi pekufemerwa,” kana “kufanotaura chimwe chinhu.” Izwi rinoreva zvakawanda.

169 Zvakangofanana nokuti *kucheneswa* zvinoreva kuti “kugezwa, woiswa parutivi kuti uzoshandiswa.” Maona? Kana kuti, izwi rinoreva zvakawanda, richireva zvinopfura chinhu chimwe, zvokuti tine zvakawanda zvacho muChirungu pano.

170 Sekuti, tinogona kutaura izwi rekuti “bhodhi.” Zvino, bhodhi zvinogona kurevei? Imi moti, “Zvino, zvinoreva kuti akabhadhara *hubhodha* hwake.” “Kwete, haana kumbodaro. Anga achireva kuti *akaboora* buri.” “Kwete, haana kumbodaro. Aireva kuti *akamubhowa*.” Kana kuti, munoono, ringori izwi, unofanirwa kuziva zvauri kutaura pamusoro pazvo. Maona?

171 Saka ndizvo zvazviri nezwi rinoreva zvakawanda iri, apo, “Vanakomana venyu nevanasikana venyu vachaporofita.” Zvino, nzira bedzi iyo Mwari. . .

172 MuBaptisti uyu akati, “Saka, takagamuchira Mweya Mutsvene.” Ndikati. . . “Ipapo patakazvitenda.” Ndikati. . . Zvino, unoono, akati, “Mwari akapa Abrahamama chi. . .” Akati, “Abrahama akatenda Mwari.” Ndiyo nzira yaakazvitaura. Akati, “Abrahama akatenda Mwari zvikanzi kwaari kururama.” Vangani vanoziwa kuti ichokwadi? Zvino tarisai kuti—kuti zviri nyore sei kuti Satani aise izvozvo kuhama. Munoono, zvingori nyore. Zvino, iGwaro.

173 Hama, ndinokuudzai imi, mune izvi kumusoro kuno uku, unofanira kunge wakazodzwa usati wapinda mune ino iyi. Unofanira kupinda munzvimbo yakavanzika wonamata. Vanhu vanoti, “Sei musingabude panze kuti munoono vanhu?” Hama, kana uchazotaura nevanhu kana kuvadzidzisa, unofanirwa kumbogara zvega, naMwari, kwechinguva, usati wapinda mupurupiti iyoyo. Ndizvo chaizvo, munoono, nokuti Satani akangwara, akangwarisa.

174 Akati zvino, cherechedzai, akati, “Abrahama akatenda Mwari, zvikanzi kwaari kururama.” Ndizvozvo chaizvo. Akati, “Zvino, chii chimwezve chingaitwe naAbrahama kunze kwekutenda?”

Ndikati, “Ndizvo chete zvaigona kuita.”

175 Akati, “Chii chimwezve chaungaite kana mumwewo munhu chaungaite kunze kwekutenda?”

176 Ndakati, “Ndizvozvo chete zvatinogona kuita. Asi tarisai, hama, zvino Mwari vakayanana, kana kuti vakacherechedza kutenda kwaAbrahama. Vakamupa chisimbiso, mucherechedzo wekudzingswa, sechisimbiso chesungano. Maona? Akamupa.

Akati, ‘Zvino, Abrahamama, ndichacherechedza kutenda kwako, saka ndichakupa chiratidzo zvino chokuti ndakugamuchira.’”

¹⁷⁷ Saka Akadzingisa Abrahamama, zvino chakave chisimbiso chesungano. Zvino muzuva ranhasi...Zvino, mudzimai haaikwanisa kuve musungano iyoyo; kunze bedzi kwemudzimai akaroorwa. Zvitsvagei, mudzimai haaigona kudzingiswa; saka, vaitofanirwa kupinda, saka iye nomurume wake vave mumwe. Havachisiri vaviri; ivo vave mumwe. Vangani vano zviziva izvozvo? Gwaro rinotaura kudaro. Saka, nokuti akaroorwa, zvino a—anobva ava mumwe. Zvino tichidzika zasi kuno zvino totarisa pano muna Timotio, anotaura chinhu chimwe chete, akati, “Zvino zvakadaro achaponesa nokubereka vana, kana akaenderera mberi ari mukutenda uye nehutsvene nokuzvidzora kwose.”

¹⁷⁸ Zvino, asi, iko, kudzingiswa kwemuTestamende Yekare kwaive kwepanyama, asi muTestamende ino Itsva, Joere akati, “Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose, zvino vanakomana venyu nevanasikana venyu vachaporofita.” Zvino, izwi rokuti *porofita* harireve kudzidzisa. *Kuporofita* zvinogona kureva “kutaura chiitiko, uri pasi pekufemerwa,” kana “kufanotaura chimwe chinhu chiri kugadzirira kuzoitika.” Zvino tinoziva kuti kwaive ne vaporofitakadzi muTestamende Yekare. Zvino havaigona kutaura muchivakwa, kutaura muचेchi, mukati meungano, semudzidzisi. Asi iye, Ana, nevazhinji vavo mutemberi, vaive vaporofitakadzi, uye vaive vari...Miriamu aive muporofitakadzi, kana zvimwe zvakada kudaro. Aive neMweya paari, ichokwadi, asi aive nemuganhu panzvimbo. Vakadzi vanogona kuva vaporofitakadzi muzuva ranhasi, zvemazvirokwazvo; asi kwete vadzidzisi, nezvimwe zvakadaro, seri kwepurupiti kuno. Mukazviita, munoita kuti—munoita kuti Bhaibheri rizvipikise pachezvaRo. Bhaibheri harigone kutaura chimwe chinhu *pano*, nechimwe chinhu *apo*. Rinofanira kutaura chinhu chimwe chete nguva dzose kana kuti haRizi Shoko raMwari. Maona? Saka, “Vanakomana venyu nevanasikana venyu vachaporofita,” zvinoreva kuti ivo pamwe “vachafanoreva” kana “kupupura.” Zvino, zvitsvakei izvozvo, zvino torai duramazwi reBhaibheri zvino mugoona kana zvisiri izvo. “Vanakomana venyu nevanasikana venyu vachaporofita.”

¹⁷⁹ Zvino, Bhaibheri rinotaura pamusoro pemudzimai ainyebedzera, zvokuti, kana kuti aikambira kuti iye...Izvi zvinogona kushandawozve neचेchi yeKatorike, uye zvigogona zvakare kushanda ne... nechidzidzo ichi chatichataura nezvacho iko zvino. Ngativhurei muBhuku ra—raZvakazarurwa, ngatitorei kuda kubva pachi—chitsauko 2 uye ndima 20, apo tiri pano pedyo nayo, kuti mucherechedze pano uye mugoona kuipa kunogona kuita chinhu ichi, tichitaura mumazuva ano okupedzisira kuti chii chichatora nzvimbo, kuti izvo izvi... kuti mudzimai uyu achavei. Rangarirai, चेchi yeKatorike

mudzimai. Tichangozviverenga, hatina here? Tererai kune izvi zvino, kuti Rinoti kudii. Zvakazarurwa 2:20, “Zvino mukupesana . . .” Ari kutaura kucheche iyi yeTiatira, munoono, “Zvino hazvo . . .” Inova chechi yezera repakati ipapo, yakapfuura nemumaZera eRima.

Zvino hazvo ndine chinhu ichi kwauri, nokuti unotendera uya mukadzi Jezebheri, unozviidza muporofitakadzi, kudzidzisa ne . . . nokukunda varanda vangu kuti vaite hupombwe, nokudya zvinhu zvakabairwa zvifananidzo. (Maona?)

¹⁸⁰ Zvino, kana mukambocherechedza, tarisai mazera echechi aya, zvino tobva tavhara. Zvino mangwanani tichabva tatora zvimwe zvinhu izvi. Tarisai. Mune . . . Pasi pe—pezvigadziko zvemwenje zvendarama mutabhanakeri yechiJudha, muri mukati, mune chingwa chakayereswa uye nezvimwe, kwaive nezigadziko zvemwenje zvendarama zvinomwe. Imi mose munozviziva izvozvo. Maona? Pane mazera manomwe ekereke. Zvinotaura pamusoro pemazera manomwe ekereke, chiedza. Zvino kana mukacherechedza muna Zvakazarurwa 1, tinoona Jesu akamira pakati pemazera manomwe echechi, zvigadziko zvemwenje zvinomwe zvegoridhe, paakatendeuka ndokuona Mumwe anenge Mwanakomana wemunhu, akamira, akapfeka sezvazvakange zviri. Aive Mwenga akamira muzvigadziko zvemwenje, achiratidzwa.

¹⁸¹ Zvino, Testamende Yekare, vaitora iyo . . . kenduru imwe chete iyi, uye vobva vaibatidza, vatora imwe kenduru voibatidza kubva pane iyoyo, vobatidza imwe, imwe ichibva pane imwe, saizvozvo, kusvikira zvaitwa zvigadziko zvemwenje zvinomwe.

¹⁸² Kana mukacherechedza, pakutanga, apo Mwari paakatanga kushanda nemaJudha, zvino vakapfuura nemuzera regoridhe. Uye zvino zera rine rima gurusu rekushanda nemaJudha, Mwari raakaita nemaJudha, yakange iri nguva yekutonga kwaAhabhu. Zvino kana mukacherechedza, tichiverenga mazera ekereke uko, Anonyatsodzoka kwazviri zvakare. Akati, zvino, “Zvinhu zvishoma zvapfuura,” zvino ndokuti . . . Zvino, imomo chaimo muZera eRima, makore mazana gumi ane mashanu ikoko, kana kuti panguva yaAhabhu, kutanga, uye nemaJudha. Zera rine rima gurusu ravakava naro, apo Ahabhu akarooro Jezebheri ndokuunza kunamatwa kwevamwe vanamwari muIsraeri, ndokuita kuti vanhu vose vanamate vachitevera Ahabhu . . . vachitevera mwari waJezebheri. Munorangarira, vakatora, ndokuisa zvimupunzo, ndokuwisira pasi maartari aMwari. Zvino Erisha akachema, aive “iye oga,” zvino Mwari vaive nemazana manomwe vaive vasina kunge vati vapfugamira Bhaari. Munozvirangarira izvozvo? Ndiyo mhando yeChechi yakasanangurwa ichibuda kunze. Munoono apo? Munoono zvazviri?

¹⁸³ Zvino, muchechi iyi, kana mukacherechedza chechi yokutanga, chechi yokutanga, chechi yeEfeso, yaive chechi huru. Akati, “Muchine chiedza, nazvino.” Zvino kana mukacherechedza, chechi yoga-yoga, yakatanga kudzima, kudzima, kudzima, kusvikira yasvika paTiatira. Tevere, mazana gumi ane mashanu emakore. Zvino ichibva yabuda kune rimwe divi, “Zvino munongori nekachiedza kaduku. Simbisa icho chaunacho, pada chigadziko chako chemwenje chingabviswe.” Zvino ndokuuya kune zera rechechi yeFiradherfia, zvino ndokuzopinda muzera rechechi yeRaodhikia.

¹⁸⁴ Zvino, hekuno kunaka kwacho. Oo, ini zvangu! Ndinongoda izvi, Hama Smith. Munoono, tarisai izvi. Zvino, muzera *iri* rechechi, sekupfuura nemazviri kwatakaita . . . Zvino cherechedzai izvi. Zera rokutanga rechechi raive Efeso, zera rechechi yeEfeso. Zvino, rimwe nerimwe remazera aya echechi, dzamara yasvika kumazana gumi ane mashanu emakore, kana mukacherechedza . . . Muiverenge zvino kana maenda kumba manheru, kana mune nguva, kana mangwana rungwanangwana, musati mauya kuchechi, pachitsauko 1, 2, uye ne 3 cheZvakazarurwa. Muchaona kuti, rimwe nerimwe remazera ekereke aya, Akati, “Mune simba shoma, uye hamuna kuramba Zita raNgu,” kusvikira iYe asvika kumakore aya mazana gumi ane mashanu epaTiatira, Zera reRima. Zvino Akabuda kune rimwe divi, uye ndokuti:

. . . une zita rinoti unorarama, asi *wakafa*.

¹⁸⁵ Zvino aya, hapana kana rimwe remazera echechi aya, irori kana zera rechechi yeFiradherfia, rakazombotora Zita iroro zvakare. Havana kana kumbwana Zita iroro, nokuti rakabuda munguva iyoyo. Zvino, oh, tinogona kuzviisa zvese izvozvo padziziso dzenhema zvino, imomo chaimo, kukuratidzai kuti ndimai, chechi yeKatorike, mai vezvose izvi, kuti sei iri “amai, Bhabhironi, rakavanzika.” Uye izvozvo, tarisai, zera rechechi iri pano payakabuda, yaive nechiedza chiduku, zvino ndokuenda chichidzima, chichidzima, zvino ndokuzoita sangano shure kuno uku, pamakore mazana gumi ane mashanu. Zvino yakazobuda zvino, kwete seChechi yaShe Jesu Kristu, asi sechechi yeKatorike. Ko Luther akabuda ndokuvei? Sechechi yeBaptisti. Kwete Zita raKe, kwete Zita raKe; rimwewo zita, “iwe une zita.” “Nokuti hapana rimwe zita rakapihwa pasi peDenga rekuti ungaponeswe naro, kusara bedzi kweZita raJesu Kristu.” “Une zita rinoti unorarama, asi wakafa,” ndizvo zvirori sangano iroro.

¹⁸⁶ “Oo, ndiri muPresbyteriani,” zvino iwe wakafa! “Oo, ndiri muBaptisti,” uye wakafa! Uri mupenyu chete apo paunouya uri mupenyu muna Kristu Jesu. Ndizvozvo chaizvo. Rubhabhatidzo rwenyu rwenhema, mvura, rubhabhatidzo rwenhema; kusasa mvura, kudurura, panzvimbo yekunyudza; muchishandisa “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,”

panzvimbo yeZita raTenzi Jesu Kristu. Zvinhu zvese izvi zvenhema zvichinyatsouya, Bhaibheri rinotaura, sekudurura mairi zvakaomarara sekungokwanisa kwaingaita. Uye pano tinongotsungirira navo, “Zvakanaka, chechi yangu inozvitenda iZvi nenzira *iyi*.” Asi Bhaibheri rinotaura *iZvi*. Maona? Hakuna zvinhu zvakadaro. Hakuna chinhu chakambodaro.

¹⁸⁷ Uye hapana kana nzvimbo muBhaibheri pavakambobuditsa rurimi rwavo kunze kuti vatore Eucharist tsvene, uye muprisita achinwa waini oidaidza kuti Mweya Mutsvene. Hapana muBhaibheri pavakambokwazisana maoko uye tovagamuchira tichiwadzana, vozviti Mweya Mutsvene. Hapana kana akambosimuka ndokuti, “Zvino ndave mutendi,” obva atogamuchira Mweya Mutsvene. Kana zvaidaro, iyi ndiyo nzira Mabasa 2 ayaifanira kuverengwa nawo, “Zvino Zuva rePentekosti rakati ranyatsosvika, zasi kwenzira kwakauya muprisita wechiRoma, zvino aive nekora yake yakapindurudzwa. Akafamba achiuya, akati, ‘Imi mose buditsai rurimi rwenyu zvino kuti mutore Eucharist tsvene, chirairo chokutanga.’” Haingave here imwe nzira yekuverenga Mabasa 2?

¹⁸⁸ Zvino, imi maProtestanti makangoipa zvimwe chetezvo. Munodzoka ikoko zvino moti, “Zvino tichafamba tichienda kwamuri imi maMethodisti; tovaisa kuruoko rwerudyi, kana, tovagamuchira tichiwadzana, zvino mwedzi mitanhatu yekumbovaongorora.” Munozviverenga papi izvi muna Mabasa 2? Maona? Munozviwana kupi? Maona?

¹⁸⁹ Rakati, “Vose pavaive panzvimbo imwe chete, vari muhumwe!” Hapana kumbouya kana mubhishopi akaita *zvakati*, uye hapana kumbouya muprisita akaita *zvakati*. “Asi kwakauya ruzha kubva Kudenga semhepo yaivhuvhuta zvine simba, zvino Ikazadza imba yose mavaive vagere.” Heyo nzira yavakaUgamuchira nayo, hongu, changamire, semhepo yaivhuvhuta zvine simba ichibva muKubwinya. Kwete kumusoro munzira kana kubva kune rimwe sangano.

. . . une zita rinoti unorarama, asi *wakafa*.

¹⁹⁰ Munoono, zvitendwa uye nemasangano zvenyu zvakadzivisira Mwari kure saizvozvo, kusvikira, “Tinotenda *izvi*, uye tinotenda kuti mazuva eminana akapfuura.” Muporofita wenhema anotaura izvozvo. Muporofita wenhema anokuudza, kuti, “Unokwanisa kukwazisa maoko zvino wotogamuchira Mweya Mutsvene.” Muporofita wenhema anokuudza, “Unogamuchira Mweya Mutsvene paunotenda.” Muporofita wenhema anokuudza, “Unofanira kudirwa mvura kana kusaswa mvura pane kuti ubhabhatidzwe.” Muporofita wenhema anokuudza kuti “bhabhatidzwa nemuzita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” ipo pasina Gwaro razvo muBhaibheri. Ndizvozvo chaizvo. Hapana Gwaro

muBhaibheri rinokuudza kuti ubhabhatidzwe, apo uyo akambobhabhatidzwa, maive bedzi nemuZita raJesu Kristu. Voga, vadzidzi vaJohane; uye vakatouya, vakabhabhatidzwazve zvakare, muZita raIshe Jesu Kristu, kuti vawane Mweya Mutsvene. Ndizvozvo chaizvo. Zvino, iyi haisi dzidziso yeveJesus Only. Ndinoziva dzidziso yeveJesus Only. Hazvisirizvo. Ingori Dzidziso yeBhaibheri. Ndizvozvo chaizvo.

¹⁹¹ Saka hezvoka izvo. Saka unotei nazvo? Havo amai venyu avo. Hevano amai vezvitendwa izvozvo.

¹⁹² Zvino, tarisai shure muBhaibheri uye mugondiudza kana pane munhu akambosaswa. Methodisti, Presbyteriani, Katorike, ndiudzei apo munhu mumwe chete akambosaswa, muBhaibheri. Ndiudzei apo mumwe akambodirwa mvura, muBhaibheri, kuti aregererwe zvivi. Zvitaurei. Munogona kupawana here? Kana mapawana, huyai kwandiri, zvino ndichafamba ndichidzika nemugwagwa uyu ndine chikwangwari pamusana pangu, chichiti, “Muporofita wenhema! Ndanga ndichikanganisa.” Kana, kuwana nzvimbo imwe chete muBhaibheri rose apo pakabhabhatidzwa chero munhu nemuzita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, inova nzira yakabhabhatidzwa nayo zvikamu makumi masere kubva muzana zvenyu. Ndiwanireiwo Gwaro rimwe chete apo pakambobhabhatidzwa munhu nenzira iyoyo, uye ndichaisa chikwangwari pamusana pangu, “muporofita wenhema,” zvino ndigofamba ndichidzika nenzira ndinacho *sezvivi*. Uye ndiratidzei pakambobhabhatidzwa munhu, muChechi itsva, asina kutozouya achibhabhatidzwazve zvakare, mu...kwete nemuzita ra “Jesu” chete, asi nemuZita raIshe wedu Jesu Kristu. Ndizvozvo chaizvo. Onai kuti handizvo here.

¹⁹³ Zvino, pano, chii ichocho? Aive mai vemhombwe. Chii chakaita kuti ave mhombwe? Chii chakaita kuti ave chipfeve? Dzidziso yake! Chii chakavaita kuti vave mhombwe? Dzidziso yake!

¹⁹⁴ Zvino ndosaka tisingagamuchire masangano avo nezvitendwa zvavo. Tinogara zvakachena neBhaibheri iri. Handizivi kuti munoRirarama zvakana sei, asi munoRidzidziswa, zvakadaro. Ndizvo. Zviri kwamuri. Handigone kukuitai kuti muRirarame. Ndinogona bedzi kukuudzai zveChokwadi. Ndosaka tisiri sangano. Handinga—handingade kuti tizvisvibise tichipinda mune zvinhu zvakadaro, zvekutoti tipfugamire kune imwe mhando yechitendwa. Ndingasva hangu ndatora nzira pamwe nevashoma vaShe vakazvidzwa. Ndingasva hangu ndagara ndakachena uye ndisina kusvibiswa pamberi peShoko pamwe naMwari, uye ndigomira ipapo ndichiti, “Hapana ropa remunhu pamusoro pehanzu yangu.” Ndosaka tichigara paBranham Tabhanakeri. Ndosaka tisiri Assemblies. Ndosaka tisiri Onenes. Ndosaka tisiri Jesus Only. Ndosaka tisiri Methodisti. Ndosaka tisiri Baptisti.

Tingori ka—katabhanakeri kaduku pano. Hatina kana sangano zvachose. Takasununguka, muna Kristu. Ndosaka tichigara tiri zvatiri. Zvino Mwari vakatiropafadza, Mwari vachitibatsira.

¹⁹⁵ Zvino, tinogona kukuudza kuti sei tichitora chirairo, tinokuudzai kuti sei tichigezana tsoka, sei tisingabvumire kuti nhengo dzitore kana tichiziva kuti vari muchivi. Ndicho chikonzero, mavhiki maviri kana matatu apfuura, ndainge ndichienda kubva pane nhengo imwe ndichienda kune imwe, apo pamaive nekukakavadzana kwenyu kuduku pakati penyuwo, zvakare. Ndichitenderera, mumwe anga asingataure nemumwe, uye muchipfuudzana panzira mumwe otendeutsa musoro. Munonyadzisa imi, imi makatora mukombe waMwari wakaropafadzwa pane ino, artari pano, zvino tigokudanai kuti hama nehanzvadzi, zvino moenda pafoni motaura mumwe pamusoro pemumwe. Hamuna kukodzera kunzi Makristu kana muri zvakadaro. Ndizvozvo. Ibvai pamafoni aya; kana usingakwanise kutaura zvakanaka pamusoro pemumwe munhu, chirega kutaura zvachose. Rangarirai, Mwari vachaita kuti uzvipindurire. Chero bedzi mweya wemhando iyoyo ungori mauri, iwe ziva kuti hauna kumira zvakana kanaMwari. Kana usinganzwe . . .

¹⁹⁶ Kana munhu ari mukukanganisa, enda kwaari munogadzirisana. Kana mukatadza kugarisana, tora mumwe munhu newe. Ndosaka Mwari vasingakwanise kuranga Chechi yaVo, nokuti hamuzi kuzviita nenzira kwayo. Pachinhambo chekuenda pafoni motaura pamusoro peuyu, zvakaiteka, uye netumapoka tuduku twakatsauka nezvimwe zvakadaro, pano saizvozvo. Pane kuti muite izvozvo, ko munodii kuita zvinotaurwa neBhaibheri? Kana imwe hama yakundikana pane imwe nyaya, enda kwaari uye wona kuti haugone here kugadzirisana naye. “Saka, zvino, ndiye akandidai!” Handina basa kuti akaitei, enda kwaari zvakadaro! Harina kuti iye ndiye achauya kwauri. Enda kwaari kana akanganisa. Iwe woti, “Saka, ndiye akakanganisa. Ndiye anofanira kuuya kwandiri.” Hazvisirizvo zvakataurwa neBhaibheri. Bhaibheri rakati ndiwe unoenda kwaari. Kana akanganisa, iwe enda kwaari.

¹⁹⁷ Zvino kana akasakuterera, zvino tora mumwe munhu newe, sechopupu.

¹⁹⁸ Zvino kana akatadza kuona chapupu ichi, ipapo unoti, “Zvino ndave kutora mufudzi wako.” Zvino unomuudza, woti, “Ini ndave kuenda kunozviudza kucheche, uye mazuva makumi matatu kubva zvino, kana imi hama musina kugadzirisana . . . Hama iyi pano iri kuda kugadzirisa. Iwe haudi kuzviita. Saka kana usina kugadzirisa mumazuva makumi matatu, zvino chii chichazoitika? Hauchisiri mumwe wedu.”

¹⁹⁹ Bhaibheri rakati, “Kana akasanzwa chechi, zvino ngaave kwamuri semuhedheni uye nemutadziwo zvake.” Munoono,

chero bedzi hama ingori pasi pechengetedzo yechechi iyoyo, Ropa raKristu riri kumuchengetedza. Ndosaka tisingaite kuti chechi ifambire mberi nenzira yainoita. Zvino, zvakanaka, *iYi* ndiyo Dzidziso yeBap-...yechechi yeBaptisti, kana yeBranham Tabhenakeri pano, kana mukazviita. Munoono, sei tisingakwanise...

²⁰⁰ Ukasvika pano, toti, semuenzaniso, varume vaviri, ngatitii Leo neni. Ungaite here kuti ini...Zvino ndobva ndati, “Zvino, a—akandikanganisira.” Hazvimboita kana mutsauko. Ndinofanirwa kuenda kwaari. Saka, inhengo yechechi ino. Iye—iye ave Mukristu. Anotora chirairo pano pamutsetse neni. Uye takabhabhatidzwa muZita raishe Jesu. Tikafamba zvakarurama, sehana, pamberi pemumwe nemumwe, zvino chimwe chinhu chobva chaitika.

²⁰¹ Haazi munhu wacho. Zvikamu makumi mapfumbamwe kubva muzana pakadai ndidhiyabhore apinda pakati pevanhu. Havazi vanhu. Ndidhiyabhore. Zvino chero bedzi muchingosiya dhiyabhore achiita izvozvo, uri kukuvadza hama yako. Ndizvozvo chaizvo.

²⁰² Zvino, chimwe chinhu chakatsveyama pana Leo neni; ngatiendei tinogadzirisana. Zvino kana ukaona kuti pane chimwe chinhu, ibasa rako kuti uuye kwatiri, woti, “Mese imi vakomana muri vaviri huyai kuno muve pamwe chete. Tichaswatanudza chinhu ichi.” Zvino, zvakare, kana akauya ipapo, zvino vozoona kuti, zvino, isu tave apa. Ndinoti, “Zvino, chinhu chokutanga, kana isu—isu tisingakwanise kuwirirana, ipapo munouya kuchechi saizvozvo.”

²⁰³ Saka zvino chero—chero bedzi musina zvamuri kuita pamusoro pazvo, zvakadaro, Ropa raJesu Kristu rinotichengetedza tose tiri vaviri. Maona? Asi zvino iyo—iyo kenza yekare ichatanga imwe kenza, zvino kenza iyoyo ichatanga imwe kenza, zvino boka rose robva ratanga kurwara, kwese-kwese, muchechi yose. Zvino munosvika pachinhanho chokuti unouya muchechi, makangotonhora, wotofanirwa kuti muchengetedzi wechechi auye kuzoputsa magodo echando, ungoro isati yagona kupinda mukati. Zvino, munoziva kuti ndizvozvo. Uye makatonhora! Mumwe munhu anogaramo, munoziva, uye pasingorina zvaari kutaura. “Zvino, isu taimbove vemweya.” Saka, chii chakaitika? Makambomhanya zvakanaka, ko chii chakanetsa? Munoono, chivi chenyu chinokupatsanurayi. Zvino Mwari achakubvunzai pamusoro pazvo, hama. Zvino ndichaswatanudza chinhu ichi.

²⁰⁴ Hapana chakatsveyama neni, hapana chakatsveyama naLeo; ndidhiyabhore apinda pakati pedu. Ndizvozvo chaizvo. Itai kuti chinhu ichi chigadziriswe. Enda kwaari. Zvino kana akaramba kuterera, kana ini ndikaramba kuterera, zvingave zviri zvakadini hazvo, zvino chiudzai chechi. Kana akasauya

kuzogadzirisa kuchechi iyoyo mumazuva makumi matatu, zvino haachisiri pasi pechengetedzo yaJesu. Tinomusunungura. Ndizvozvo chaizvo. Zvino chitarisai kuti chii chinozotora nzvimbo. Regai Mwari varange zvino. Imi mabvisa maoko enyu. Maita zvamunogona sokukwanisa kwenyu. Zvino chiregai Mwari vamboshanda naye zvisihoma; Achamuisa kuna dhiyahhore. Achadzoka zvino. Kana akasadzoka, hupenyu hwake ndewe nguva pfupi.

²⁰⁵ Munorangarira muBhaibheri, apo paive neimwe hama yaitadza kugadzirisana naMwari? Vangani vanorangarira nyaya yacho? Akararama namainini vake, zvino vakatadza kumuita kuti agadzirise. Pauro akati, “Muisi kuna dhiyahhore, kuti aparadzwe.” Munozviona, muna vaKorinde Vechipiri, akagadzirisa.

²⁰⁶ Ndine hama, shamwari yakanaka, ndinoda pano kudaidza zita rake, hama muparidzi. Zvino hama muparidzi iyi, zita rake anonzi Hama Rasmussen. Vazhinji venyu vashumiri vagere pano, manheru ano, zita rake riri pamapepa enyu. Ndeuya mubatanidzwa wemasangano unobva kuChicago. Zvino tarisai. Vaive nemukomana, mushumiri, zvino akaenda akanoroora musikana wechiKatorike, vachibva vatanga saizvozvo. Zvino vakanga vari kuzoitwa *izvi*, *izvo*, uye *nezvimwe*, uye—uye nezvose; ndokupinda mudambudziko. Zvino baba vake vakaenda kwaari, ndokuti, “Zvino onaka, mwanakomana, uri kuzogadzirisa here?”

Ndokuti, “Baba . . .”

Akadaidza chechi yavo kuti vaive boka revatsvene vanoumburuka, baba vake. Akati, “Zvino, tarisa, zvino uchagadzirisa izvi here nechechi ino?”

²⁰⁷ Akati, “Zvino, baba, muri baba vangu, zvino handidi kupinda mudambudziko ripi zvaro nemi.” Zvakanaka.

²⁰⁸ Zvino akaenda ndokunotora mumwe wemadhikoni achibva aenda kumba kwake. Ndokuti—ndokuti, “Wesley, ndinoda kutaura newe.” Ndokuti, “Uchagadzirisa zvinhu izvi nechechi here?” Zvino achibva amupa mhinduro pfupi yemazwi maviri saizvozvo. Ndokuti, “Rangarira, Wesley, ndini mufundisi wechechi iyoyo. Ndiri baba vako, asi ndichaita zvinotaurwa naMwari kuti ndiite. Ndiri kukupa mazuva makumi matatu kuti ugadzirise nechechi iyi, kana kuti tichakudzinga kubva muHupo hwaMwari. Uri mwanakomana wangu chaiye; uyo Muponesi wangu.” Ndokuti, “Ndinokuda. Uye unozviziva kuti ndinokuda, Wesley. Ndinogona kukufira iko zvino. Asi unofanira kuuya zviru maringe neShoko raMwari. Waona?” Akati, “Ndini mufundisi. Ndini mufudzi wemakwai iwayero. Kana uri mwana wangu, kana chero zvaungava, unofanirwa kupinda mugwara reShoko raMwari. Kana ukasazviita izvozvo, zvino ini handina kukodzera kuve mufudzi waKe.”

209 Vakomana, uyu ndiye mufundisi. Ndiye murume chaiye. Hamufunge kudaro here? Ndiye murume chaiye. Akaudza mwanakomana wake kudaro. “Uye ndakamurwadzisa,” akadaro. Asi ndokuti, “Chii? Ndiyani waucharwadzisa, munhu wacho, kana kurwadzisa Muponesi wako? Saka,” akati, “zvino takaenderera mberi.” Zvino ndokuti, “Haana kukwanisa kuzviita. Zvino isu . . . ndakaudza chechi.”

210 Akati, “Mwanakomana wangu chaiye, Wesley, ari kuramba kundinzwa, panyaya iyi. Ari kuramba kunzwa madhikoni. Zvino imi muri chapupu chazvo, Hama *Nhingi-nhingi*?”

“Hongu, ndiri.”

“Zvakanaka. Na eight o’clock, Svondo inotevera, mavhiki mana kubva pano, kana asati agadzirisa izvi nechechi ino, isu tiri kuisa Wesley, mwanakomana wangu, kuna dhiyabhore, kuti nyama iparadzwe. Ropa raKe, Ropa ra . . . raJesu Kristu, uye nechechi ino, hazvichakwanisa kumuchengetedza.”

211 Zvino husiku huya hwakasvika. Ndokumira papurupiti, ndikati, “Asarirwa nemaminitsi maviri.” Nguva yakasvika. Ndokuti, “Zvino, semwanakomana wangu, Wesley Rasmussen . . . akati kune ungano ino, kwaMuri, Mwari Samasimba: Taita zvose zvatinokwanisa kuita, maererano nemaShoko eNyu uye nekuraira kweMwanakomana weNyu—weNyu, Muponesi wedu, akatisiira. Isu zvino, ndave kuisa mwanakomana wangu, nechechi ino pamwe chete neni, uko kunopa- . . . kuna dhiyabhore, kuti nyama yake iparadzwe, kuitira kuti mweya wake uponeswe.” Ndizvo chete zvakataurwa. Hapana chakaitika, kwesvondo imwe kana mbiri, kuda kwemwedzi kana miviri.

212 Umwe husiku, Wesley akarwara. Saka paakarwara, akaramba achingowedzera kurwara. Akadaidza chiremba. Chiremba akauya akamutarisa. Aive ane fivheri yaiva zana neshanu. Zvino haana kuona chikonzero chazvo. Ndokungoramba achingowedzera kurwara. Chiremba akati, “Mukomana, handizive chakaitika kwauri.” Akashaya zvokuita. Akati, “Tave kudana mazvikokota.” Vakadana mazvikokota, mazvikokota achibva auya imomo. Vakamutora ndokumuendesa kuchipatara, vakamuvheneka, nezvimwe zvose. Ndokuti, “Handigone kukuudza. Mukomana uyu ari kungo—kungoratidzika kuva rufu.” Mudzimai wake aive amire ipapo, achichema, nezvimwe zvakadaro. Zvino vana vaive vakangomira vakapoterredza mubhedha nekweise saizvozvo. Ndokuti, “Ari kuenda. Ndizvozvo chete.” Ndokuti, “Kurova kwemoyo wake uye nokufema, zviri kungodzikira nguva dzose.”

213 Akati, “Daidzai baba.” Oo, hongu. Ndiyo nzira yekuzviita. Ndizvozvo chaizvo. “Daidzai baba.” Zvino baba vake vakamhanya kuchipatara ikoko, nechimbichimbi, kunomuona. Akati, “Baba, ini handikwanise zvino, asi Mwari

vanonzwa mashoko angu. Ndichagadzirisira zvinhu zvose. Ndichazvigadzirisira. Hongu, ndichazviita.” Hongu, changamire, hama. Pakare ipapo chaipo kufema kwake kwakatanga kuita zvakanaka.

²¹⁴ Zvino Svondo yaitevera, akamira pamberi pechechi. Akati, “Ndakatadza pamberi paMwari, muhupo hwechechi ino. Ndakaramba kunzwa mashoko emufundisi. Nda—ndakaramba kunzwa mudhikoni pano.” Akati, “Ndiri kukumbira chechi ino kuti indiregererewo nokuda kwechakaipa chandakaita saizvozvo.” Ndokuti, “Mwari vaponesa hupenyu hwangu.” Ndinokuudzai, akanyatsoswatanuka. Hongu. Ndizvo zvamunofanira kuita, munoono. Maona? Imi, kana mukangozviita nenzira yaMwari! Maona?

²¹⁵ Zvino, onai, nzira yatinoita nayo, tine musangano webhodhi, zvino toti, “Saka, zvino, tinofanirwa here kuchengeta...” Handirevi tabhenakeri, asi ndinoreva isu vanhu vechiProtestanti. Tine musangano webhodhi, zvino, “Zvino munofungei pamusoro paJones? Munofunga kuti tinofanira kuitei naye? Ndinofunga kuti anogona kuve nhengo yeMethodisti iri nani pane zvaari kwatiri.” Hezvoka izvo. Izvozvo, zvakashata. Ndosaka tisingafanire kutevedzera tsika dzavo. Uye mumwe mubhishopi, watinofanira kudana (chero mumwe. . . chii, munomudana kuti? murume wedunhu wechechi ino yePentekosti? “mukuru wedunhu”)—mudaidzei kuti aone mazvibatiro emurume uyu.

²¹⁶ Bhaibheri rinotiudza zvokuita. Ndosaka tisingatambe nemasangano avo. Tinogara takasununguka kubva kuchinhu ichi. Amen. Hamusi kundipengera, ndizvo here? Musazviita. Zvakanaka. Pamwe ndichawana mimwe mibvunzo yakanaka inokatyamadza mangwana manheru. Asi, zvino, zvakanaka. Maona? Rangarirai. Munoziva. . .

²¹⁷ Ndinotaura izvi zvino. Imi vanhu muri pano munobva kumachechi emasangano akasiyana-siyana, sangano renyu, uye, hama, handizi kuti hausi Mukristu. Handisi kuti sangano renyu harina zviuru zveMakristu akanaka imomo. Ndiri kuedza kutaura chikonzero chekuti sei tisiri sangano. Nokuti, handigone hangu kuzvida izvozvo. Kwete, changamire. Ichokwadi handigone. Vari kuedza kukuudza zvekuita. Kana Mwari vakandidana kuti ndiparidze Vhangeri, zvino ndinoRiparidza nenzira yandinoudzwa naMwari kuti ndiite. Ndizvozvo chaizvo, manyorerwe azvakaitwa muno muBhaibheri. Kana zvisingaenderane neIzvi, zvino izvozvo. . . Mwari vachanditonga pamusoro pazvo. Asi ndika—ndika—ndikaona mhumhi ichiuya, kana kuti muvengi achiuya, zvino ndotadza kuvayambira, zvino Mwari vachandibvunza. Asi kana ndikakuyambirai, zvino zviriri kwamuri zvino. Maona?

218 Rangarirai, “Ipapo mumazuva okupedzisira, nguva dzenjodzi dzichauya, vanhu vachave vano zvada pachavo, vano zviku dzva, vanodada, vanomhura.” Munoono, vanomhura, “Oo, boka remafuza. Mazuva emashura akapfuura. Hakuna chinhu chakadaro.” Muporofita wenhema wakare. “Zvino, tinoziva kuti vakadzi vedu vane pfungwa dzakangofanana nedzevarume vedu.” Handimbopokane nazvo zvachose, asi Bhaibheri raMwari rakati mugarisei kure nepurupiti. Izvo zvovozvo—izvo zvovozvo zvakanakana, munoono. Ndizvo zvovozvo chaizvo. Zvakanaka. Maona?

Zvino ndokuti, “Saka, zvino, masangano edu, isu tine vanhu vakaisvonakisa sevamunawo iko kutabhenakeri ikoko.” Handimbotaure kudaro nepadiki pose, asi Bhaibheri rinopomera masangano. Ndizvo zvovozvo chaizvo. Zvino, saka, handizi kuti imi hamuna nhengo dzakanaka mu chechi menyu. Zvakanakisa. Vanhu vakanaka. Vamwe vevanhu vakanakisisa, vandinosangana navo mune ose zvawo, maKatorike nevese. Ose zvawo, ndinosangana nenhengo dzakanaka.

219 Zvino, nzira yatichaunza izvi zvino, shamwari, kana Ishe vachitendera, muzvidzidzo zvisvoma zviri kutevera, pamwe... ndichakuzivisa mangwana mangwanani kana tichazviita mangwana masikati kana kwete, munoono, kuti tizviburitse. Chikonzero tiri kuedza kuzviita, ndinoda kuzvisvitsa pane chimwe chinhanho zvino. Zvino, kana uchida kuuya nemumwe munhu, unogamuchirwa zvakanakana kuti uzviite. Asi rangarirai zvino, usambo—usamboenda uchingoedza kutsvaga mhosva. Huya pano... ndiri kungotaura kuungano yangu—yangu, munoono. Handidzidzise izvi kunze kweungano yangu pano, nokuti iro ibasa remumwewo munhu. Nokuti, ndiye mufudzi weboka iroro. Zvino—zvino ndingori... [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti.]

220 Zvino todzokera kuna Genesi, muchazviburitsa nzira yose, uye moona pazviri. Zvino tave kudzokera kuna Genesi, kuti tione kuti sei mwana wehupombwe aisafanirwa kupinda muungano yaShe kwezvizvarwa gumi nezvina. Kutu zvaitora sei... Zvaitora makore mazana mana kuti chivi ichi chipere. Zvino tichaona sei kuti ku—kusarurama kwevabereki kwaizoshanyira vana nevana, kuti zvakanakana sei muna Genesi, nezvakadaro.

221 Zvino imi... zvino munoono kuti sei, dzokerai shure kwose uku, kuti Mwari, nyika isati yavambwa, kusati kwambove neatomu rimwe rati rambopotika, kumashure uko kusati kwambove nechiedza chebhora remoto chisati chavapo, Mwari vaiziva chipuka chose uye nezvinhu zvose zvaizovapo panyika. Pane ari pano here... Maitadza kutsanangura kuti izwi iri, monyatsoridimbura, kuti mutaure kuti izwi rokuti “kusaguma” rinorevei. Zvakangofanana nokuendesha kamera yako paya pa—pasina magumo. Zvingori, kubva ipapo zvichingoenda, ndizvo zvega. Maona? Zvisina magumo! Uye hatigone, mupfungwa

inoguma, kuti tinzwisise kuti Pfungwa isina magumo inofungei. Munoono, hatikwanise kuzviita. Iwe, haukwanise kuzviita. Maona? Asi kana mukangotarisa, mobata muMweya, munogona kuzvinzwa zvichiri kure uko. Zvino—zvino modzokera pano muGwaro uye munozoono zvino, munoono, kumashure-shure uko nheyo yenyika isati yaiswa.

²²² Zvino, Bhaibheri rakati Jesu Kristu aive Gwayana raMwari. Zvino nyatsotererai nepedyo, kuti, kana vamwe venyu vasiri kuuya mangwana, kuti munzwe zvichipedziswa. Bhaibheri rakataura kuti Jesu Kristu aive Gwayana raMwari, rakauraiwa nyika isati yavambwa. Handizvo here? Akauraiwa rinhi? Kubvira panheyo. Ndiyo nyika, kana yakaumbwa nebutwa remaatomu akameduka, akabva pazuva uko, isati yave izvozvo. Zvino, pasati pave kana neatomu rokutanga rakakwachuka kubva pazuva, toti raive zibhora remoto rakabva pazuva, izvo zvaizova zana remabhiri yoni tiririyoni yetiririyoni yematiririyoni emakore kumashure-shure uko pasati pambova nechiedza chebhora remoto, Kristu akaurayiwa. Kana pfungwa huru yaMwari yazorora pane chimwe chinhu, ratove basa ratopera. Mwari paakati, “Ngakuve ne,” zvatopera kare. Kana zvakatora zana remabhiri yoni emakore kuti zviitike, zvatopera kare ipapo paAnongozvitaura. “Zvino apo pakauraiwa Gwayana nyika isati yavambwa,” Bhaibheri rimwe chete, Mweya mumwe chete wakanyora uye ndokuti, “Mazita edu akaiswa muBhuku roHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa.”

²²³ Saka murume akanyora rwiyo, “Pane Rimwe Zita Idzva Rakanyorwa Pasi MuKubwinya,” waive nechinangwa chakanaka, asi aive asiri mumagwaro. Maona? Zita rakanyorwa pasi muKubwinya apo nyika...apo nyika yaive isati yatombovambwa. Apo pakauraiwa Gwayana, mazita edu akaiswa muBhuku roHupenyu reGwayana.

²²⁴ Regai—regai ndikupei kaGwaro kaduku kamwe chete. Munogona kungomira here kweminiti imwe chete? Zvanguya mupfungwa dzangu zvino. Ndinofunga kuti ndinogona kubva ndatorizarura. Handinyatsoziva. Uye zvino ndine hurombo nekukuchengetai zvakareba kudai, asi ndakuudzai kuti panenge pave pakati pehusiku; hazvina hazvo kuipa kudaro. Asi ndi—ndiri kungoda kuti—kuti ndiwane izvi, Gwaro rimwe chete pazviri.

Vhurai neni kuBhuku revaRoma, uye ndinoda kuti muverenge izvi neni. Zvino, ngationei, vaRoma, kana ndikakwanisa kupawana, nechepano apa. Zvino ngatiwanei vaRoma 8, uye—uye ngatitangirei pandima 28 yechitsauko 8 chevaRoma. Zvino ndinoda kuti mungoverenga muchinamata pamwe chete neni zvino. Tererai pano zvakangotaurwa naMwari zvino.

Tinoziva kuti zvinhu zvose zvinoshanda pamwe chete mukunaka kune avo vanoda Mwari, kune avo... vakadanwa zvichienderana nechinangwa chake.

Nokuti vaakaziva kare,...

225 Zvinokupai... Mungaverenge neni here? “Nokuti iye...”

Nokuti vaakaziva kare, ndivo vaakatemerawo kare (zvakanaka) kuti vafanane nemufananidzo weMwanakomana wake, kuti ave dangwe pakati pehama zhinji.

Avo vaakatera kare, ndivo vaakadanawo: zvino vaakadana, ndivo vaakaruramisawo: uye vaakaruramisa, ndivo vaakakudzawo.

226 Kubva pakuvambwa kwenyika! Apo Mwari paakatarisa pasi... Zvino, Mwari havaiti basa raVo, sokuti, “Saka, zvino, ndave kuzo... Oo, chii chatave kuda kuita zvino?” Maona? Hapana zviripo...

227 Rangarirai, kusarurama, chivi, kururama kwatsveyamiswa. Dhiyabhore haakwanise kusika. Ko vanhu vose, mose, muri kunzwisa izvi here? Ndiyo Dzidziso yechechi ino. Dhiyabhore haakwanise kusika. Anogona kutsveyamisa izvo zvakasikwa naMwari. Zvino, chii chinonzi kutsveyamisa? Pano, mese munoratidzika kuve vanhu vabva zera, vazhinji. Tererai izvi. Tiri vanhu vakaroora. Zvino imi varume vakaroora uye nemi madzimai akaroorwa munogona kugara pamwe chete semurume nemudzimai, uye madzimai aya akangofanana sekunge vasina... Imhandara, chero iwe wakangogara nemurume wako. Ndizvozvo chaizvo. Zvino, zviri pamurairo uye nepamutemo, uye zvakanaka. Zvakagadzwa naMwari kuita izvozvo. Mumwe mudzimai anogona kuita chiitiko chimwe chete chemudzimai wako; umwe wavo, wakarurama pamberi paMwari; zvino chiitiko chimwe chete kune mumwe mudzimai, unopomerwa mhosva pamberi paMwari, kurufu. Chii ichocho? Kururama kwatsveyamiswa, munoona, kururama kwatsveyamiswa. Zvino, dhiyabhore haakwanise kusika, asi anotsveyamisa zvakasikwa kare naMwari.

228 Manyepo chii? Ichokwadi chatsveyamiswa. Mumwe munhu akati, “Oo, tarisai, aive manheru eMugovera, nine o'clock, hongu, Bill Branham aive ari muJeffersonville,” ichokwadi. “Zasi uko kubhawa rekwaAntz, akadhakwa,” manyepo. Changa chiri chii? Ndaive ndiri muJeffersonville. Ndezvechokwadi. Kwanga kuri kururama kwatsveyamiswa kuve nhema. Munoona zvandinoreva? Munoona, manyepo anotsveyamisa chokwadi. Chimwe chinhu chatura kwandange ndiri. Zvino, dai kwakanzi, “Kuchechi, achiparidza,” ndizvozvo. Ndiko kururama. Atura chokwadi. “Ari kubhawa, achinwa,” manyepo. Zvatsveyamiswa; munoona, chokwadi

chatsveyamiswa. Munoono zvandinoreva? Kusarurama kwose kururama kwatsveyamiswa.

²²⁹ Rufu, chii ichocho? Hupenyu, hwatsveyamiswa. Hurwere? Hutano, hwatsveyamiswa. Unofanirwa kunge uri murume akanaka, akasimba. Ndizvozvo. Kana uchirwara, chii ichocho? Hutano hwako hwatsveyamiswa. Maona? Ndizvo chete zviripo ipapo. Chii ichocho? Maimbove madzimai echidiki, akanaka; uye nevarume vakasimba, vakanaka. Zvino uri kuunyana, wave kuchembera. Chii ichocho? Hupenyu, hwatsveyamiswa, munoono, kuuya huchidzoka zvakare. Maona? Zvino hunofanirwa kudzoka. Zita raIshe ngarikudzwe! Mwari akavimbisa kuti achahudzosa. Uye sechokwadi sezvahu—sezvahuri (tinoziva huri pano), sechokwadi sezvahuri, Mwari vachaita kuti hudzoke zvakare. Akavimbisa uye Akapika kuti Achazviita. Ndizvo zvinohupa.

²³⁰ Zvino, sei, tinofanirwa kunge tiri vanhu vakaita sei? Zvino cherechedzai kuti zvinhu izvi zvinoitika sei. Zvino, avo vaAkafanoziva, Akavadana; avo vaAkadana, Akavaruramisa. Riini? Nheyo dzenyika dzisati dzavepo, nyika isati yavambwa. Zvino, kana tikatora Gwaro iri uye tonatsa kuzviruramisa, tinogona kutora maawa pazviri, asi isu—isu hatidi kudaro. Asi kusarurama kwose uku pano, kururama kwakatsveyamiswa kuve kusarurama. Ndizvo zvinoitwa nadhiyahbhore.

Zvino, ukasvika kuzera rokuzvipindurira, uye wava kuziva chakanaka nechakaipa, unofanirwa kubva pane chakaipa chako. Nokuti, wakazvarirwa muchivi, ukaumbwa mukusarurama, ukauya munyika uchitaura nhema. Zvino waka—wakaberekwa nokuda kwechido chokusangana pabonde, saka unofanirwa kuberekwa patsva, kuti ukwanise kugamuchira kuBerekwa kutsva, kuti upinde Denga. Nokuti, kuberekwa kwemhando iyi kwaunako pano. . .

²³¹ Honai veZvapupu zvaJehovha vanenge vakatsveyama nekure ipapo, kufunga kuti kuberekwa kutsva ndirwo rumuko rwemutumbi? Munoono, hazvaigona kudaro. Maona? Chinofanirwa kunge chiri chimwe chinhu. . .

²³² Imi, muri munguva. Saka chinhu chete chiri muna Ziendanakuenda chimwe chinhu chisina mavambo kana magumo. Chinhu chose chemuna Ziendanakuenda hachina kumbogara chava nemavambo, kanawo hachizove nemagumo. Maona? Saka kana uri chikamu chaMwari, Mweya uri mauri hauna kumbogara wave nemavambo kanawo haufe wakave nemagumo, uri wemunaZiendanakuenda nekuda kweMweya uri mauri. Maona? Seru—ru—rudo rweAgapo, zvino rwunozodzika kuve rudo rwe*firio*, zvino zvodzika kuve rudo rweruchiva. Rwunongoramba rwuchidzika uye nokudzika, rwuchitsveyama kusvikira zvangove kuungana kwezvinhu zvinosemesa. Zvino, nzira bedzi, Jesu akadzika

nemanera mamwe chete, pasi pano kuti atore nokudzosera zvakare kuchimiro chepamusoro-soro, kubva muchimiro chepasi-pasi; kubva murufu kuenda kuHupenyu, kubva muhurwere kuenda kuhutano, kubva mukusarurama kuenda mukururama. Maona? Akabva Kumusorosoro-soro kudzika zasi-zasi, kuti Aunze vepasi-pasi Kumusorosoro-soro. Akave ini kuti ndigone, kubudikidza nyenasha dzaKe, ndive iYe, mudyi wenhaka yeChigaro chehutongi chiri Mukubwinya. Munoono zvandinoreva? Zvinhu izvozvo.

Zvino tarisai. Shure uko nyika ino isati yavamba mumaatomu kareko, apo Mwari paakaona zvaizatora nzvimbo, ipapo pacho Akakuona, Akandiona, Akaona nhata yose, nhunzi yose, datya rose, nhata yose. Zvinhu zvose zvaizovepo panyika, Akazviona ipapo. Chokwadi, Akazviona.

²³³ Zvino, Haana kumboti, “Ndichatumira Mwanakomana waNgu zasi ndoita kuti Afe, zvino dzimwe nguva mumwe munhu achaMunzwira tsitsi. Zvino ichave nyaya inonzwisa tsitsi kwazvo, dzimwe nguva panogona kuponeswa mumwe munhu.”

²³⁴ Akafanoziva kuti ndiani aizoponeswa! Hongu, changamire. Akati, “Esau ndakamuvenga, asi Jakobho ndinomuda,” mumwe nemumwe wavo asati ambopihwa mukana wekuti azviratidze zvaaive ari, nokuti Aiziva zvavaive vari. Aiziva. Anoziva zvinhu zvose. Aiziva kuti waizotei, usati wazvarwa, kana kuti nyika payakavambwa.

²³⁵ Zvino tarisai. Sekuziva kwenyu, ini—ini—ini ndiri munhu anoshandisa pfuti. Ndi—ndinofarira pfuti. Zvino mumwe mudzimai kuTexas, ndinotenda kuti kuTexas, akandivigira Swift, imwe two-twenty Swift. Ndakagara ndichiida. Ndinoda kuiongorora. Ipfuti duku yekupfura ine simba rakanyanyisa. Ine bara re twenty two, uye unga hwemubara hune tsanga makumi mana nemasere. Zvino unogona kuaisa unga nemaoko. Zvino, fekitori inoti, “Usazviite; zvine njodzi yakaipisira.” Asi unongoda kuisa unga mubara iroro kuti risvike mafiti zviuru zvishanu pasekondi, uye yoramba iri panzvimbo yayo. Mafiti zviuru zvishanu pasekondi, imaera imwe chete pasekondi imwe. Nemamwe mashoko, rukodzi rwakagara, mayadhi mazana maviri. Ukapfura rukodzi, unoono minhenga ichibhururuka pfuti isati yambokugwinha. Maona? Izvozvo, asi unoutora, nekwakapamhamhama kwechekunon’onesa mazino, zvino wopinza mune unga hwako, zvino wodira hwakawanda *kudai* kuwedzera imomo, hwakangokwanirana zvekuti unokwanisa kuhubata pane chokunon’onesa mazino; zvino wopfura nhire igere kwekupedzisira kwechivakwa chino pano, inongogara yokutarisa. Ko chii chanetsa? Bara raita zvimedu-zvimedu, riri kumhanya zvakanyanyisa, ku- . . . Zvino unogona kuisa jira pakati pepano nepapo, hautombooni kana chimedu chimwe chichiwira pajira iri. Rinongodzokera; kwete kuita ma—madota, madota ematombo akanyunguduka, asi rinozopfuirira izvozvo.

Rinodzokera kuve maasidhi epamavambo anogadzira mhangua nemutobvu zviri imomo. Rinodzokera kuve sezvaraive riri zana remabhiriyoni emakore apfuura. Zvino, pano herinoi bara duku, bara retsanga makumi mana nemasere randakabata muruoko rwangu, zvino musekondi inotevera rinodzokera kuve zvaraive riri zana remariyoni emakore apfuura. Uye kana nyika iri ichazomira rimwe zana ramamiriyoni amakore, rinobva radzokera kuva bara zvakare, rinogona kudzoserwa kwazvo, nokuti rinobva raumba mhangua zvakare.

²³⁶ Zvino chitarisai zvakaitwa naMwari, zvino unozoMuda. Zvino munozodzokera kumba, uye mangwanani mononoka kurara. Uye—uye iwe—iwe uchaMuda kupfuura nguva dzese. Zvino, Mwari Muvaki. Vangani vanoizviva izvozvo? Muvaki. Zvakanaka. Tereresai nepedyo. Zvino, Mwari kare kumashure uko, kana, vanoti. . . Zvino tichatora pfungwa yevanoshanda nemafambiro enguva. Mwari, zana remabhiriyoni remakore akapfuura, apo paAkange ave kuzogadzira nyika, saka, Akangotanga. Zvino, Akange ane. . . Akawana zano mupfungwa dzaKe.

²³⁷ Zvino imi muchati, “Kana iYe ari mukuru zvakadaro, Hama Branham, ko Akatendera sei kuti dhiyabhore aite chivi?” Zvino, Aizviziva, dhiyabhore asati ambosikwa, kuti aizove dhiyabhore. Girori! Zvino ndave kunzwa manyukunyuku ekunamata. Oo, ini zvangu! Aiziva, dhiyabhore asati asikwa, kuti aizove dhiyabhore. Zvino unobvunza, “Ko sei izvozvo?” Munoti, “Ko sei Akamurega kuti ave dhiyabhore?” Kutu iYe aratidzwe kuti ndiMwari. Ndosaka Akazviita. “Ko sei kwakambove nekusarurama? Sei?”

²³⁸ Chii chakatanga, Muponesi kana mutadzi? Chii chakatanga? Muponesi. Chii chakatanga, Mupodzi kana munhu anorwara? Sei zvakatenderwa kuti pave nemutadzi? Nokuti hunhu hwaKe ndehweMuponesi. Dai pakange pasina kumbova nemutadzi, Angadai asina kuzivikanwa seMuponesi. Hareruya! Anogona kuti zvinhu zvose zvigumire pakubwinya kwaKe. “Ko muumbi angati here kune. . . Kana kuti, hari ingati here kune muumbi, ‘Sei makandiumba zvakadai?’” Ndiani ari pavhiri? Ndiani ane ivhu? Riri mumaoko ani? Pauro akati, “Oo, munhu benzi, haAna here kuti Akamutsa Farao nokuda kwechikonzero ichochi?” Ndizvozvo. Aizviziva. Pasati pava nenyika, Aiziva kuti chii chaizove chii. Zvino Akarega kuti chivi chivepo, kuti Ave Muponesi. Akarega kuti hurwere huvepo, kuti Agove Mupodzi. Akarega kuti ruvengo rwuvepo, kuti Agove Rudo. Chokwadi, Akazviita. Ndiye Mwari, uye ndihwo hunhu hwaKe. Zvino anofanirwa kunge ane chimwe chinhu chokuti Aratidze hunhu hwake.

²³⁹ Ko waizoziva sei kuti kune husiku, waizoziva sei kuti huripo? Dai ese aive masikati, ko waizoziva sei kuti kune husiku?

Pane husiku, kuitira kuti zviratidze masikati. Chokwadi, aripo. Amen. Munoono zvaAkaita?

²⁴⁰ Asi paAive shure uko, nyika isati yavambwa, Asati atora zuva iri rakare uye ndokurifambisa richitendereka nyeredzi yakare yatinogara zvino, nyika ino, uye Ndokuiumba pano nezuva, ndokuiisa yakatenderedza zuva. Toti, *iri* ndiro zuva. Akaiumbira kurutivi *urwu*, zvino achibva aiita kuti irembere ipapo kwezana remabhiriyoni emakore. Aigadzira chii? Mamwe magasi. Akapota kune rimwe divi *iri*, Ndokugadzira chimwewo chinhu. Aigadzirei ipapo? Imwe potashi. Ndokufamba zvakare kune divi *iri*, zvino Aive achiitei ipapa? Aigadzira calcium. Zvino Akange achiitei? Aigadzira iwe neni. Zvino Aive achiitei? Semuvaki anenge achironga zvake zvose zvivirine-zvina uye mbiri-ne-sere, pepa rake, zvepadivi zvake, ainyatsoziva kuti zvivakwa zvingani zva aizovaka. Zvino isu takagadzirwa nezvinhu gumi nenhanhatu zvinobva munyika, zvino Ainge ari kutigadzira isu tose, nokutiisa isu uko nyika isati yatombovepo. Uye iYe... Yaigona kunge ine makona nguva iyoyo; handizive kuti yaive yakadzi. Chii chaAigadzirira goridhe, nemhangura, nendarira, uye nemvura, uye nezvimwe zvinhu zvose nokuda kwei? Iye Muvaki. Iye ano... Muvaki, Aironga zvinhu zvose ipapo, aine zvinhu zvose zvakachekwa uye zvakagadzirwa. Zvino paAkanga azvigadzira zvose, kwakave kuputika kukuru kuchibuda bota rematombo anopisa. Zvino akarega bota rematombo iri rakare ririndire kumusoro uko kwezana remamiriyoni emakore, kuti zvigadzire calcium. Chii ichocho? Chikamu chako.

²⁴¹ Zvino zvakare, pasati pambove nekahupenyu kamwe chete panyika ino, mitumbi yedu yaive iripo pano. Hareruya! Pasati pambove nedonwe rimwe chete rehunyoro pano panyika, isu taive tirere pano. Apo Adhama aifamba achikwira nokudzika mubindu reEdheni, ini ndaivepo pano. Amen. Hongu, changamire. Oo, kubwinya! Apo maKerubhi, nyeredzi dzemangwanani pazvaiimba pamwe chete, uye vanakomana vaMwari vachidaidzira nomufaro, ndaive ndirerepo pano ndakangomirira mweya wehupenyu kuti uuye. Ndaivepo. Akandigadzira pano, ainge ane mutumbi wangu urere pano. Hongu, changamire. Dai zvaive zvisirizvo, ko wakabva kupi? Huh? Ko wakasvika sei pano? Mwari aive nawo urere pano. Mwari akaugadzira. Takagadzirwa nezvinhu gumi nezvitanhatu: petroleum, potashi, uye nechiedza chemuchadenga, uye nezvimwewo. Munoono, isu taive tirere pano.

²⁴² Zvino chii chakaitika? Zvino Mwari akati kuMweya Mutsvene, tichangozvitora mumufananidzo, “Zvino iWe chienda, zvino iWe enda unoita rudo nenyika. Nokuti, Ndiri rudo, uye iWe wakagadzirwa kubva paNdiri, saka zvino iWe enda unoita rudo nenyika.” Zvino Mweya Mutsvene mukuru, tinofunga, wakabva wauya ipapo; zvingori mumufananidzo

zvino. Zvakange hazvo zvisina kudaro. Ndizvozvo, Mweya Mutsvene naMwari ndicho chinangwa chimwe chete, chinangwa chimwe chete, Munhu. Ndiregererei. Uye tongoti Akakandira mapapiro aKe akapoteredza nyika, Ndokutanga kuvhumbamira. Ko kuvhumbamira uku ndokwei? Sehuku kune hukwana dzayo, ichikukudza, ichiita rudo, “Kuku, kuku, kuku.” Oo!

²⁴³ “Oo hupenyu, huya!” Akadanidzira. Akatarisa-tarisa. “Ndinoda runako panyika ino. Huya, chiedza!” Iwo Mweya Mutsvene uchifamba. Zvino paAkadaro, ndakatarisa; kuchiyu, pane kakurira zasi pachikomo uko, uko kwakauya calcium ichidururwa pasi, uye ndokusangana nepotashi. Zvino zviri kubuditsei? “Hupenyu, huya!” Zvino karuva kadiki keEsta kakasimudza kamusoro kako kubva pasi pedombo. “Huyai kuno, Baba, tarisai kune izvo.”

²⁴⁴ “Zvinoratidzika zvakanaka. Ingoramba uchivhumbamira.” Akavhungatira maruva. Akaunza zvirimwa zvose. Akaunza hupenyu hwose hwemhuka. Shiri dzakabhururuka dzichibva muguruva. Kwaperera chinguva, zvino kuchibva kwauya munhu nemudzimai; kwakauya murume, zvino murume aive zvose murume nomukadzi. Kwete munhu ane nhengo dzemurume nemukadzi paari, zvino. Kungoti, zvaingori zviri maari, paive nemweya wechidzimai.

²⁴⁵ Ukatora murume anenge mukadzi, anogona kunge akanaka, zvose zvakaenzaniswa, asi pane chinhu chakatsveyama. Zvino ukatora mudzimai, anoda kudimura bvudzi rake uye achipfeka hovhorosi, obuda kunze uko, zvino, “Mwari ngaarumbidzwe, ndinokutaurirai!” Ipapo pane chakatsveyama. Mukadzi ane mweya wechidzimai, uye murume ane hurume. Tinozviziva izvozvo. Uye munozviziva izvozvo. Ko mukadzi anoratidzika zvakanaka here, akaedza kuve, achiita semurume?

²⁴⁶ Handiti, ndakambogara imwe nguva, ndaive ndiri murindi wemhuka kuno, zvino ndakagara mubhazi zvino ndichibva ndaenda uko zvino ndairova mudzimai uyu pagumbo, neruoko rwangu, ndichitaura naye, zvino handina kuziva kuti aive mudzimai. Aive ane yedzimwe idzi ngowanani yemunami wesimbi, uye nemagorosi mahombe *seizvi*, zvino ndaive ndakagara kumashure ikoko, zvino aitura zvimwewo pamusoro pezvaive zvaitwa. Akati, “Unoziwa,” zvino ndokuti, “zvino manheru apfuura,” achiratidza kukwasharara kwaigona kuve, achiputa mudzanga. Ndokuti, “Husiku hwapfuura, ndinokutaurira, muchinda uya akatsvedza, apo pamusoro pechinhu chiya. Akati, ‘Maiwee!’ Akauya achitsvedza achidzika pasi neimomo.” Ndokuti, “Handisati ndamboseka zvakadaro muhupenyu hwangu.”

²⁴⁷ Zvino ndaiseka, munoziva, *saizvozvo*. [Hama Branham vanoita ruzha rwekurova—Mupepeti.] Ndakati, “Vakomana, zvaive zvimwe, handizvo here?” Takagara ipapo tichitaura

saizvozvo. Zvino dai asina kubvisa chinhu ichocho achizunguza musoro wake, zvino aive nechitsumbu chevhudzi pamusoro ipapo, nokuti aive mudzimai. Handisati ndakambonzwa kuita mudiki zvakadaro muhupenyu hwangu. Nda—ndakati, “Uri mudzimai?”

Akati, “Ko, chokwadi!”

²⁴⁸ Ndakati, “Ndiregereiwo.” Handisati ndakamboona zvakadaro. Zvino, izvozvo, ichokwadi.

²⁴⁹ Ndakaona chikwangwani mumwe musu, chakada kundifadza. Chaive chine chiratidzo chikuru ipapo, chokuti, “Hembe dzemadzimai dzakagadzira kupfekwa.” Ndakafunga, “Mwari ngaarumbidzwe nokuda kwaizvozvo.” Maona? Asi, ndakazoono kuti, yakange iri imwe mhando yedzimwe hembe dzavaive vagadzira kare, munoziva. Nda—ndakafunga kuti vaizopfeka hembe zvezmazvirokwazvo. Ndakatodaro zvirokwaso. Zvikanzi, “Madzimai agadzira kupfeka hembe.” Ndikati, “Mwari ngavarumbidzwe nokuda kwavo. Zvakanaka. Izvi, chokwadi ndinotenda Ishe nokuda kwazvo.” Asi, munoono, yakange iri imwe mhando yedzimwe hembe dzavaive vatogadzira kare, zvimwewo. Chaitozove chimwe chinhu chisina maturo, hazvisi here, munyika ino? Zvakanaka.

²⁵⁰ Zvino pakauya Adhama. Zvino Adhama akaratidza kusurukirwa, saka Akatora rumbabvu kubva parutivi rwake ndokugadzira Evha, chinhu chakabva paari. Akagadzira... Akatora mweya wechikadzi kubva muna Adhama, ndokuuisa mumudzimai, mweya werudo, wechidzimai, une tsitsi, munyoro. Zvino ndokusiya mweya wechirume muna Adhama. Zvino, kana pane chimwe chinhu chakasiyana, pane kutsveyama pane imwe nzvimbo. Zvino, ivo vaviri vakave mumwe.

²⁵¹ Zvino saka ngatimbotorei kamutambo kadiki zvino tisati tavhara. Hepano panouya... Pano, ndiAdhama achitora Evha noruoko vobva vafamba vachibuda. Ndinongoda nyaya iyi. Saka vanofamba vachibuda kunze, munoziva. Zvino Evha ndokuti, “Oo, mudiwa, unoreva kuti wakadaro?”

“Hongu, ndakatoitumidza kudaro.”

“Asi iyo unoidana kuti chii?”

“Iro rinonzi bhiza. Uh-huh.”

“Chii icho?”

“Iyo imombe. Uh-huh.”

“Wakaitumidza kudaro?”

“Hongu. Uh-huh.”

²⁵² “Ko izvo zvinonzi chii zviripo apo, izvo zviripo zvakagara apo zvine misoro pamwe chete?”

“Idzo ishiri dzerudo.”

253 “Oo, ndaona. ndaona.” Uye zvichingoenda zvakadaro. “Ko chii ichi chiri apo?”

“Ini ndachiti, *ichocho*, uye neichi pano.”

254 Zvino, “Oo, ndazviona. Uh-huh. Zvakanaka.” Zvino shumba inodzvova. “Ko unoidaidza kuti chii?”

“Iyi ishumba.”

“Ko *ichi* chii?”

“Ingwe.”

255 Uye, oh, kunge... “Oo, ndazviona.” Kunge tukitsi, munoziva, tuchinguno chema turi ipapo.

256 Saka, kwapera chinguva, akatarisa-tarisa. Ndokuti, “Mudiwa, tarisa uko, zuva rave kunyura. Yave nguva yokuenda kuchechi.”

Munoziva, pane chimwe chinhu pamusoro pekudoka kwezuva, unongoda kunamata. Kana usina kuenda kuchechi manheru iwayo, unongoda kupinda mukamuri, woverenga Bhaibheri. Vangani vanofarira kuita izvozvo, kuva uri wega? Maona? Zvingori mumunhu kuita izvozvo. Unofanira kuzviita izvozvo.

“Nguva yokuenda kuchechi.”

257 Zvino, havana kumboti, “Zvino, mirai zvishoma zvino, zvino, Jones ndewekuAssemblies, isu tiri veku...” Kwete, zvaive zvisina kana kumbodaro kareko, saka vaingoenda. Vaive vasina chechi, chigaro chakanaka chekugara saizvozvo. Vaingoenda panzvimbo huru yekunamatira yemusango, vobva vapfugama pasi.

258 Zvino Chiedza chiya chainge chakaremba ikoko muzvikwenzi. Maona? Ndinokwanisa kunzwa Izwi richitaura zvichidzika pasi richiti, “Ko vana vaNgu vafara here pamusoro penyika, nhasi, iyo yamakapiwa naIshe Mwari wenyu?”

259 “Hongu, Ishe, tanakidzwa kwazvo nhasi.” “Hatina here, mudiwa?”

260 “Hongu. Hongu, mudiwa, tadararo.” “Ishe, zvechokwadi tinokukoshesai iMi. Zvino ndazvambarara pasi kuti ndirare.” Maona? Zvino obva atambanudza ruoko rwake rwuhombe kunze, uye mudzimai obva arara, paruoko rwake, zvino obva aradzika ingwe pasi zvakare neshumba pasi, uye zvinhu zvose zvobva zvaradzikwa kuti zvirare; murugare.

261 Saka Mwari vanodzika pasi zvino Vodzikisa, oh, boka reNgirozi, Gabrieri, zvisikwa zvaKe zveKudenga. Saka dzaidzika pasi dzonyahwaira zvinyoronyoro dzichipinda mukamuri yokurara, munoona, dzotarisa-tarisa. Gabrieri oti, “Huyai pano, Baba. Huyai pano. Tarisai pano. Honai ari pano. Pano, pano ndipo pakarara vana veNyu pano.”

²⁶² Vangani venyu pano vakamboenda parutivi rwemubhedha, vamwe venyu vanamai, imi nababa pamwe chete, zvino motarisa mukomana muduku, musikana muduku, zvino mobva marangaridzana, “Ha—haana kufanana newe here, pane *izvi* uye *nezvozvo*?” Makambozviita here izvozvo? Handiti, nguva zhinji ndinoenda ndoti kuna naMeda, kutaura pamusoro paJoseph. Anobva ati, “Bill, ane huma yakasumukira kunge yako.”

²⁶³ “Hongu. Asi, Meda, ane maziso mahombe kunge iwe.” Sei? Chidimbu chechedu chib-... Chibereko che—chekubatana kwedu.

²⁶⁴ Zvino, uye Baba vakati, tinogona kutaura izvi nezvazvo. Ndokuti, “Unoziva...” Zvino Gabrieri akati, “Munoziva, anoratidzika seMi.” Ndiko kuratidzika kunoita Mwari; zvitarise pachako. Ndiwo maratidzikiro aMwari. Anoratidzika sewe. Wakabarwa naYe. Vangani vanozviziva izvozvo? Maona?

²⁶⁵ Zvino tarisai. Ndeipi mhando yehupenyu hwakadereresha hwatinahwo? Datya. Ko ndehupi hupenyu hwepamusoro-soro? Munhu. Chaizvoizvo. Zvino ndehupi hwepamusoro-soro? Hwakaramba huchiuya huchibva pane hwepasi-pasi, huchikwira, kubva kudatya kuenda kune *izvi* nekune *izvo*, zvino zvoenda kushiri, kusvikira, nezvakadaro, kumhando dzepamusoro dzehupenyu, kusvikira hwasvika kumhando yepamusoro-soro pahwaigumira kuva, ndipo pahwakagadzirwa nemufananidzo waMwari. Hezvoka izvo. Zvino mudzimai haana kugadzirwa ari mumufananidzo waMwari, asi ari mumufananidzo wemurume. Maona?

Zvino, zvino, havoka avo. Zvino Mwari aitarisa kwavari, oti, “Hongu, vanoratidzika—vanoratidzika zvakaisvonaka.”

²⁶⁶ Chaive chii, hama? Havaifanirwa kumbofa. Ndicho chaive chanza chizere chokutanga checalcium, potashi yekutanga, uye zvinhu zvose zvakatanga saizvozvo. Hazvina kunaka here? Zvino chivi chakazouya chikakanganisa mufananidzo. Zvino, ndiMwari... Ko Mwari vakatendera kuti chiitei? Sei Vakatendera kuti chive sokutaura kwatanga tichiita kanguvana kapfuura? Akachitendera kuti chigodaro kuti Azoratidza kuti Aive Muponesi. Akazviita. Akarega hurwere kuti huvepo, kuti Aratidze kuti Aive Mupodzi. Akarega rufu kuti rwuitike, kuratidza kuti Aive Hupenyu. Maona? Akarega zvinhu zvose izvi zvakaipa kuti zviitike, kuti Azoratidza kuti Aive akanaka, zvaAive ari. Isu ticha...

²⁶⁷ Ungataura pamusoro pekuimba nezvenyaya yerudzikinuro! Handiti, hama, kana Jesu auya, Chechi ino—ino ichamira uko pamhenderekedzo dzenyika ino uye ichimba nyaya dzerudzikinuro, apo Ngirozi dzichakotamisa misoro yadzo, dzisingazive zvatiri kutaura pamusoro pazvo. Zvino, hadzina kumbobvira dzarasika. Hadzizive zvatakupindana nazvo. Isu tinoziva zvazvinoreva kurasika uye nokuzowanikwa. Oo,

tinogona kudaidzira kurumbidzwa kwaKe! Haazi Muponesi kwadziri. Hadzina kumbogara dzada kuponeswa. Aive asiri Mupodzi kwadziri. Kwete. Girori! [Hama Branham vanorovanisa maoko avo pamwe chete kashanu—Mupepeti.] Haazi—Haazi Hupenyu kwadziri. Chokwadi kwete. Hadzina kubvira dzambofa muzvivi kana mukudarika. Isu taive, zvino takaitwa vapenyu. Hepoka patiri. Tichati kudii, tabvisa korona dzedu, “Oo, ndimi Mufundisi *Nhingi-nhingi*”? Kwete, kwete, kwete, kwete, kwete. Kurumbidzwa kwose kwaAri! Ndizvozvo. Hezvoka izvo. Zvino isu tichazotaura nyaya yekuti takakunda sei. Tichazozvinzwisisa mbaimbai.

²⁶⁸ Zvino, ipapo mune izvovo, zvino chii chakaitika? Zvino Mwari vakangoti here, “Saka, Ndochitongoparadza hangu potashi neCalcium zvaNgu zvose. Zvaparara zvose”? Kwete, kwete. Aiziva kuti zvichazenge zvakadaro.

Zvino, zvino, kana Mweya Mutsvene wakandiita zvandiri, uye ndinodya chikafu zvino ndochidzosea mumuviri wangu, zvino choumba zvandiri iko zvino. Zvino, asi, ini ndakagadzirwa muchimiro. Mufananidzo wose wakaonekwa naMwari, nyika isati yavambwa, unokura, wotovapo. Maona? Wakabuda kubva mumudzimai, sezvaAkataura kuti waizodaro; nguva inotevera, unobva kuna Mwari. Wakauya nguva iyoyo, nemudzimai; unouya nguva ino, neMurume. Maona? Wakauya panguva iya, nekuda kwechido chepabonde; unouya nguva ino neShoko raMwari rakataurwa. Maona?

²⁶⁹ Ipapo, zvino, pane here chingandikuvadze? Kwete, changamire. Hapana chinhu chinogona kutikuvadza. Pauro akati, “Pane zvinhu zviripo pano, zvinhu zvichauya, hurwere, rufu; hapana chinogona kutipatsanura kubva parudo rwaMwari rwuri muna Kristu.” Hapana kana chinhu chinogona kutipatsanura.

²⁷⁰ Sezvandakataura kamwe kanyaya kaduku. Ndasarirwa nebvudzi shanu kuti ndiite mhanza, izere. Zvino ndaikama iro shoma rakasara imwe nguva, mudzimai wangu ndokuti, “Billy, wave kutove nemhanza.”

Ndikati, “Asi handina kumborasikirwa kana nerimwe raro.”

Iye ndokuti, “Riri kupi?”

²⁷¹ Ndikati, “Ko raive riri kupi ndisati ndava naro?” Maona? “Iko kwarave riri ndisati ndave naro.”

Zvino, paive neimwe nguva, zana remakore apfuura, bvudzi iri raive risipo zvachose, asi raive ririmo muguruva. Ndizvozvo here? Zvino angaita makore makumi mashanu apfuura, rakatanga kuuya mumusoro wangu. Rakabva kupi? Rakabva muguruva. Zvino rava kudzokera kwarave riri. Ndizvozvo here? Raive risipo, rikavepo, zvino harichisipo. Chii ichocho? Ko chii chakaita kuti rive zvariri? Mwari! Hepanoi uYo. Akapenda mufananidzo, akati, “Ndizvo zvandinoda kuti ave.”

272 “O Rufu, rumborera rwako rwuri kupi? Guva, kukunda kwako kuri kupi?” Munogona kundiviga rimwe remazuva kubva pano. Handizivi. Asi, hama, ndinenge ndisina kufa. Ndinokuudzai izvozvo. Kwete, changamire. Oo!

Tichamuka! Hareruya! Tichamuka!
Pamangwanani aya orumuko, apo mbambo
dzerufu dzinenge dzatyorwa,
Tichamuka! Hareruya! Tichamuka!

Zvinoka hapana chinogona kundimisa kuti ndisamuke. Hakuna madhimoni anokwana ari kugehena anogona kundimisa kuti ndisamuke. Hakuna kana chii chakakwana kupi hako chinogona kundidzivisa kuti ndisamuke. Ndine vimbiso yaMwari. Ndine Mweya Mutsvene. Ndine Zoe, Hupenyu hwaMwari Husingaperi, hwakazorora muno umu. Ichi chimutumbi chakare chakabva uko, zvino Mwari akandivhumbamira ndikabuda muvhu. Zvino kana iYe Akandivhumbamira kubva muvhu. . .

273 Ndakura, zvino, nguva yose yandinonzwa bhero rechechi, Chimwe chinhu chinotaura neni, kamukomana kaduku-duku. Ngirozi yakataura kubva mugwenzi, ikati, “Usambofa wakanwa kana kuputa. Ndine basa rokuti uzoita. Usasvibise muviri wako, kana kumhanyidzana nemadzimai nezvakadaro. Iwe, Ndine basa rekuti uite kana wakura.”

“Ndimi Aniko? Ndimi Aniko?”

274 “Uchaziva zvakawanda nezvazvo pamberi apo.” Kwapera chinguva, zvino iYe akauya. Akamira uko pakubhabhatidza. Anozviratidza pachaKe. Anozvizivisa pachaKe. Anopindura. NdinoMuona akamira apo, kwese-kwese, muzvinhu zvose.

275 Zvino uchazviita sei, kana Akandigadzira zvandiri, ndisina kana sarudzo zvachose. . .? Handina kumbodzokera ikoko uye ndikati, “Zvino, Charlie Branham, iwe roora Ella Harvey imi mugondizvara kubva panyika.” Kwete, changamire. Handina kumbove nesarudzo yazvo. Mwari ndivo vakazviita.

Uye kana Akandigadzira sezvandiri, ndisina sarudzo; ko zvakadii, apo Mweya Mutsvene paunoenda wovhumbamira pamusoro pangu, zvino ndoti, “Hongu, Ishe, ndiMi Musiki wangu. NdinoKudai, zvino ndinoKugamuchirai seMuponesi wangu!” Saka mugozondichengeta sei ndiri muhuruva? Hamutombogoni kuzviita, hama. Hamutombogoni kuzviita.

276 Mwari havana kumboumba kachidimbu kamwe chete kecalcium iyi, kana potashi, kana chimwe chinhu, chakambo—mboparazdwa. “Vose vaNdakapihwa naBaba, nyika isati yavambwa, vachauya kwaNdiri.” Whew! Ndiri kunzwa kuda kudanidzira; chokwadi ndiri kuzvinzwa. “Vose vaNdakapihwa naBaba vachauya kwaNdiri, uye hapana kana mumwe wavo acharasika, asi Ndichamumutsa zvakare parumuko.” NdakaMunzwa achidana, apo pandakauya kwaAri. Ko

vangandichengeta sei muguruva renyika? Hakuna vanoviga vakakwana munyika vanogona kundirova kumeso nefoshoro, vanokwanisa kuramba vakandichengeta muvhu renyika. Ndichamuka rimwe zuva uye ndigomira ndakafanana naYe, ndakashambwa muRopa raKe, ndakaberekwa neMweya waKe! Hareruya! Iva zvako neose masangano aungade; ndichatora Jesu. Amen!

²⁷⁷ Munhu wemainishuwarenzei akauya kwandiri. Wilmer Snyder, shamwari yangu yakanaka. Ndokuti, “Billy, ndinoda kukutengesera chirongwa cheinishuwarenzei.”

²⁷⁸ Ndikati, “ndinayo kare.” (Mudzimai wangu akanyatsotarisa, sekunge kuti, “Ko uri kumbonyeperei, mukomana?”)

Akati, “Iwe une inishuwarenzei?”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

Ndokuti, “Ikambani ipi yauri navo? Ndeipi yacho?”

²⁷⁹ Ndakati, “Gutsikano yakaropafadzwa, Jesu ndewangu, oh, kufanoravira kwakadii kwekubwinya kweDenga! Mudyi wenhaka yeruponeso, akatengwa naMwari, akazvarwa neMweya waKe, ndokusukwa muRopa raKe.”

²⁸⁰ Akati, “zvakanaka, Billy, asi haikupinze muguva.”

²⁸¹ Ndikati, “Inondibuditsa kunze.” Hareruya! Handinetsekane nezvekupinda imomo; asi kubuda kunze.

²⁸² Saka, ndine inishuwarenzei inondiudza, “Ndichabuditsa. Vose vaNdakapihwa naBaba ndevaNgu.” Handina basa kuti baba vangu vakaitei, kana amai vangu vakaitei, kana chero zvaive zvakaita zvimwewo. “Vose vaNdakapihwa naBaba vachauya kwaNdiri, hapana munhu anogona kuuya kusvikira Baba vaNgu vamukweva.” Hareruya! Akavakweva nokuda kwei? “Ndakafanovaziva nyika isati yavambwa. Apo paNdakauraya Gwayana, Ndakamuuraya pamwe chete naYe.” Amen. “Ndakafanotemera Chechi.” Chii chakafanotemerwa? Chechi. Ko unopinda sei muChechi? “NeMweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete.” Aiziva, nyika isati yavambwa, kuti taizovepo. “Zvino avo vaAkafanoziva, Akavadana. Avo vaAkadana, Akavaruramisa. Avo vaAkaruramisa, Akatovabwinyisa nechekare.”

²⁸³ MumaBhuku aMwari, Akagara atoti Achasangana neni ipapo. Hakuna kana madhimoni ose anobva kugehena anombogona kuvachengeta vari chero kupi zvako kana anovadzivisa kuti vasasvike ipapo, nokuti Mwari akagara ataura kare, saka zvakatopera. Kana zana remabhiriyoni emakore nyika isati yavambwa, nyeredzi dzemangwanani dzaiimba pamwe chete uye vanakomana vaMwari vakadaidzira nomufaro, pasati pave nenheyo yenyika, munoona, pasati pava nenhe- . . . , Zvino Ngirozi uye nezvimwe zvose zvaifara, zvichidaidzira pamusoro pazvo, pasati pava nenheyo yenyika, saka dhiyabhore

achagona sei kundichengetedza ndiri muguruva renyika? Haatongozvigoni. Ndizvozvo chaizvo.

²⁸⁴ Regai tichiona, zvino. Ino inguva yegutsa ruzhinji yandinayo, kuno uku. Nguva iri kuti twenty minutes kuti tisvike pana eleven. Zvino angori maminiti makumi maviri kuti tisvike pana ten. Ndizvozvo here, Hama Wood? Ndizvozvo chaizvo, maminiti makumi maviri tisati tasvika pana ten. Munhu wese ari kufara here?

Oo, Ndinonzwa kuda kufambira mberi,
Ndiri kunzwa kuda kufambira mberi;
Musha wangu weKudenga unopenya uye
wakanaka,
Zvino ndinonzwa kuda kufambira mberi.

Oo, ndinonzwa kuda kufambira mberi,
Ndinonzwa kuda kufambira mberi;
Musha wangu weKudenga unopenya uye
wakanaka,
Uye ndinonzwa kuda kufambira mberi.

²⁸⁵ Munoda nziyo dzekare saidzodzo here? Pakange pane imwe yekare yataimboimba pamusoro payo, chimwe pamusoro pokuti, “Nyasha netsitsi dzakandiwana. Uko Nyeredzi yeMangwanani yaipenya.” Ndechipi ichocho, Hanzvadzi Gertie? Regai tione. Sei... Inonzi chii, Hama Neville? Munoono, chimwe chinhu, “Nyasha netsitsi dzakandiwana. Ipapo Nyeredzi yeMangwanani yakaratidza dzaKe...?... yakandipoteredza.” Uh-huh. Hongu. “Mumuchinjikwa.” Tipei kodhi pane iyoyo, hanzvadzi, iyoyo, *Pedyo NeMuchinjikwa*. Huyai pano apa, Hama Neville. Oo, ndinodzida idzi. Vangani vanoda nziyo dzakare dzakafemerwa? Munogona kuva nedzenyu dzose dzekutomukatomuka dzeboogie-woogie dzamungada. Ndipei idzi, “Apa ndipo pandakawanikwa nenyasha netsitsi.” Ndizvozvo chaizvo. Zvakanaka, mukutapira zvino.

Jesu, ndichengetedzei pedyo nemuchinjikwa,
Pane tsime rakakosha,
Rakasununguka kune vese, hova inopodza,
Inoyerera kubva pagomo reKarivhari.

Mumuchinjikwa, mumuchinjikwa,
Kuve kubwinya kwangu nokusingaperi;
Dakara mweya wangu wakabvutwa wawana
Zororo mhiri kwerwizi.

²⁸⁶ [Hama Branham vanotanga kuimba mahon’era *Pedyo NeMuchinjikwa*—Mupepeti.] Oo, zvakanaka sei! Zvifungei izvi! Ko dai kwaive kusina Muponesi? Ko dai tainge tisina Shoko iri? Ko dai Ainge asina kukudana? Ko dai Ainge asina kufanokuziva, zvino uri kunze kuno pamwe chete nenyika yose manheru ano? UnoMuda here? Oo, ini zvangu! Musakanganwe shumiro mangwanani, zvino, na nine-thirty.

Mumuchinjikwa, mumuchinjikwa,
 Kuve kubwinya kwangu nokusingaperi;
 Dakara mweya wangu wakabvutwa wawana
 Zororo mhiri . . .

²⁸⁷ Zvino tipei kodhi ye*Nzvimbo Pachitubu*. Urwu rumbo rwakare rwakanaka, “Pane nzvimbo paChitubu.” Vangani vanorwuziva? “Nzvimbo, nzvimbo, hongu, pane nzvimbo, nzvimbo paChitubu.” Kana mava kuzviita zvino, mukunyarara chaiko ingosveverera, parutivi rwako, wokwazisana maoko nehama iyoyo. Munoziva, pane nzvimbo zvino kuma Methodisti ose. Pane nzvimbo yemaBaptisti. Pane nzvimbo yemaPentekosti. Pane nzvimbo yedu tose zvino, paChitubu. Vangani vanoziva rwiyo rwakare urwu? Oo, chokwadi munorwuziva. Vamwe venyu imi vekare zvino, urwu rwiyo rwakanaka, rwekuKentucky rwekare zvino.

Nzvimbo, nzvimbo, (kwazisanai maoko),
 hongu, pane nzvimbo,
 Pane nzvimbo yako paChitubu;
 Nzvimbo, nzvimbo, hongu, pane nzvimbo,
 Pane nzvimbo yako paChitubu.
 Oo, nzvimbo, nzvimbo, pane nzvimbo
 yakawanda,
 Pane nzvimbo yako paChitubu;
 Oo, nzvimbo, nzvimbo, hongu, pane nzvimbo,
 Pane nzvimbo yako paChitubu.

²⁸⁸ Zvino, ndine chichazokushamisai chiduku. Mharidzo dzose itsva, uye nemabhuku, nezvimwe zvose, zvichange zvichitengeswa kune rimwe divi rekupedzisira kwechechi, svondo rinouya, pamisangano; matepi nezvimwe zvose, nezvose, zviri muchimiro chezvinyorwa zvakanaka. Pachange pane tafura shure uko, mune umwe yemipanda. Zvino zvinyorwa, mharidzo itsva, uye nezvimwe zvezvinyorwa zvakanaka zvakabuda pakutanga, zviri mumabhuku matsva, zvitsva zvakawedzerwa, zvose zvichange zvakaiswa, uye ku—kumashure kwechivakwa, manheru eChitatu chiri kutevera.

Zvino tiri kutarisira ngu—nguva yakanaka munaShe. Huyai, muchinamata, zvino. Zvino, daidzai vanorwara nevanotambudzwa venyu, vanyorerei tsamba. Huyai navo muno. Isu tichango . . . Mwari vachangofamba zvine simba. Uye tinovziviza kuti Vachazviita zvino.

²⁸⁹ Zvino ndakaenda kune munhu wose wandaiziva, aive nechimwe chinhu chiduku. Kana pane chimwe chinhu chisiri mugwara zvino, rangarirai, ndakakuudzai kare-kare, taizoenda tonozvigadzirisira. Zvino ini ndinoziva kuti imi munozviviza kuti pave nemweya wakasiyana pano pane wanga uripo. Maona? Maona? Maona? Ndizvozvo chaizvo. Zvino, musauite kuti uende zvakare. Ndinokurairai pamberi paJesu Kristu, musauite kuti

uende. Garai muri pano chaipo nawo, munoona, ingogarai zvinhu zvose zvakatwasanudzwa zvino moenderera mberi. Muri hama. Haisi hama yako kana hanzvadzi yako anoita zvisirizvo; mweya uya wadhiyabhore unopinda ipapo. Munoona, anotenderera. Zvino chingonzwirai tsitsi hama kana hanzvadzi, uye moziva kuti ndiSatani ari kupinda pakati. Kana une mamwe manzwiro pamusoro pazvo, zvibvise mauri nekukurumidza, uri kuona, nokuti zvinokuwodza. Hongu, zvinodaro. Saka, garai kure nazvo. Ingorangarirai.

Pane nzvimbo, nzvimbo, nzvimbo yakawanda,

Pane nzvimbo yemaMethodisti, nzvimbo yemaBaptisti, nzvimbo yemaPresbyteriani. Pane nzvimbo yavose.

Nzvimbo, nzvimbo, hongu, pane nzvimbo,
Pane nzvimbo yako paChitubu.

²⁹⁰ Vangani vanorangarira rwiyo rwedu rwekare rwekuvharisa, kareko?

Tora Zita raJesu newe,
Mwana wekusuwa uye nenhamo;
Richakupa mufaro nokunyaradzwa,
Ritore kwose kwaunoenda.

Dai zvaibvira magara nesu, Hama Jeffreys, imi neHanzvadzi Jeffreys, nevakomana avo, uye nevamwe vose.

Uye zvino tichikotamira paZita raJesu,
Tichiwa takazvambarara patsoka dzaKe; (Oo,
ini zvangu!)
Mambo wemadzimambo Kudenga
tichaMupfekedza korona,
Kana rwendo rwedu rwaguma.

Tora Zita raJesu newe,
Ritore seNhowo nhasi;
Oo, kana muyedzo woswedera padyo,
Taura Zita Dzvene iri mumunamato.

Oo, ndinozvaida izvi. Hamudi here? Iroro Zita raJesu rinoshamisa! Zvino, ngatisimukei iko zvino, apo tiri kuimba zvino. Zvakanaka.

Tora Zita raJesu newe,
Mwana wekusuwa pamwe nenhamo;
Richa . . .
[Hama Branham vanotaura neHama Neville—
Mupepeti.]

O rinotapira sei!
Tariro yenyika uye nemufaro weDenga;
Zita rakakosha (Oo Zita rakakosha), Oo
rinotapira sei!
Tariro yenyika uye nomufaro weDenga.

²⁹¹ Izvi zvakati siyanei zvishoma zvino. Ngatingokotamisai misoro yedu zvino, uye, muchinyararire chaimo, ngatisimudzei ruoko rumwe chete. Iti:

Tichikotamira paZita raJesu,
Tichiwa takazvambarara patsoka dzaKe,
Mambo wamadzimambo kuDenga
tichaMupfekedza korona,
Kana rwendo rwedu rwaguma.

Zita rakakosha, Oo rinotapira sei!
Tariro yenyika uye nomufaro weDenga;
Hongu, Zita rakakosha, Oo rinotapira sei!
Tariro yenyika uye nomufaro weDenga.

²⁹² Misoro yedu ngairambe yakakotama, tinoti...[Hama Branham vanotanga kuita mahon'era *Tora Zita RaJesu Newe—Mupepeti.*]



SEI ISU TISIRI SANGANO? SHO58-0927
(Why Are We Not A Denomination?)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Mugovera manheru, 27 Gunyana 1958, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org